		lagi dari kematiannya, sebenarnya mereka hanya membohongi kedua kakaknya. Kemudian mereka bercerita kepada kedua kakaknya.	<i>ngutuki kula aluwung sampeyan ngutuki Kakang niku malah wis wangun...</i> Bu Tik : “Wadhuh...”																		<p><i>aluwung sampeyan ngutuki Kakang niku malah wis wangun...</i></p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Memaksimalkan antipati dan meminimalkan kesimpatian</li> <li>• Fungsi direktif, kemampuan Kalidi mengatur tingkah laku Bu Tik</li> <li>• Tujuan menyuruh</li> </ul>
229.	Dat229/ BKP	Kalidi dan Jariyah bercerita tentang pengalamannya mati suri tadi, meskipun sebenarnya mereka hanya berbohong.	Bu Tik : “ <i>Kowe iki mau dipanggil?</i> ” Kalidi : “ <i>Inggih...</i> ” Basiyo : “ <i>Wis ndhaftarke kok...</i> ”	-	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	√	<p>“<i>Wis ndhaftarke kok...</i>”</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Informasi tidak nyata</li> <li>• Fungsi imajinatif, kemampuan Basiyo menciptakan gagasan sesuai dengan imajinasi</li> <li>• Tujuan menciptakan gagasan sesuai imajinasi</li> </ul>	
230.	Dat230/ BKP	Kalidi dan Jariyah bercerita tentang pengalamannya mati suri tadi, meskipun sebenarnya mereka hanya berbohong.	Bu Tik : “ <i>Kowe iki mau wis tekan kana?</i> ” Kalidi : “ <i>Pun leh kula ngebis ket esuk...</i> ”	-	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	√	<p>“<i>Pun leh kula ngebis ket esuk...</i>”</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Informasi tidak nyata</li> <li>• Fungsi imajinatif, kemampuan Kalidi menciptakan gagasan sesuai dengan imajinasi</li> <li>• Tujuan menciptakan gagasan sesuai imajinasi</li> </ul>	
231.	Dat231/ BKP	Kalidi dan Jariyah bercerita tentang pengalamannya mati suri tadi, meskipun	Basiyo : “ <i>Kana akeh kendharaan?</i> ” Kalidi : “ <i>Ahh kathah...</i> ”	-	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	√	<p>Basiyo : “<i>Kana akeh kendharaan?</i>” Kalidi : “<i>Ahh kathah..</i>”</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Informasi tidak nyata</li> <li>• Fungsi imajinatif,</li> </ul>	

No.	No. Data	Konteks	Tuturan	PK				PS						FG					Indikator			
				Kn	Kl	Rl	Pl	Kb	Pn	Km	Kh	Kc	Ks	Pr	Dr	Ft	Rf	Mt		Im		
		sebenarnya mereka hanya berbohong.																				kemampuan Basiyo dan Kalidi menciptakan gagasan sesuai dengan imajinasi <ul style="list-style-type: none"> <li>Tujuan menciptakan gagasan sesuai imajinasi</li> </ul>
232.	Dat232/ BKP	Kalidi dan Jariyah bercerita tentang pengalamannya mati suri tadi, meskipun sebenarnya mereka hanya berbohong.	Basiyo : <i>“Sing ngebut ya wong mati-mati kuwi?”</i> Kalidi : <i>“Inggih...”</i>	-	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	√	<i>“Sing ngebut ya wong mati-mati kuwi?”</i> Kalidi : <i>“Inggih...”</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>Informasi tidak nyata</li> <li>Fungsi imajinatif, kemampuan Basiyo dan Kalidi menciptakan gagasan sesuai dengan imajinasi</li> <li>Tujuan menciptakan gagasan sesuai imajinasi</li> </ul>	
233.	Dat233/ BKP	Kalidi dan Jariyah bercerita tentang pengalamannya mati suri tadi, meskipun sebenarnya mereka hanya berbohong.	Kalidi : <i>“Teng mrika kula...”</i> Bu Tik : <i>“Njut kepiye Le?”</i> Basiyo : <i>“Mula aja mati ndak kesrempet...”</i>	-	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	√	<i>“Mula aja mati ndak kesrempet..”</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>Informasi tidak nyata</li> <li>Fungsi imajinatif, kemampuan Basiyo menciptakan gagasan sesuai dengan imajinasi</li> <li>Tujuan menciptakan gagasan sesuai imajinasi</li> </ul>	
234.	Dat234/ BKP	Jariyahn dan Kalidi mengancam akan mati lagi karena Basiyo berusaha untuk mengingkari janjinya tadi, bahwa jika mereka berdua	Jariyah : <i>“Niki mangke mati malih niki...”</i> Basiyo : <i>“Aja bali ta dalane wis peteng kok!”</i>	-	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	√	<i>“Aja bali ta dalane wis peteng kok!”</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>Informasi tidak nyata</li> <li>Fungsi imajinatif, kemampuan Basiyo menciptakan gagasan sesuai dengan imajinasi</li> </ul>	

No.	No. Data	Konteks	Tuturan	PK				PS					FG					Indikator		
				Kn	KI	RI	PI	Kb	Pn	Km	Kh	Kc	Ks	Pr	Dr	Ft	Rf		Mt	Im
		hidup lagi, Basiyo akan memberikan seluruh hartanya.																		<ul style="list-style-type: none"> <li>Tujuan menciptakan gagasan sesuai imajinasi</li> </ul>
235.	Dat235/ BKP	Akhirnya Basiyo rela memberika semua hartanya meskipun masih sedikit tidak lega.	Basiyo : <i>“Ha mbakyumu ya ngiming-iming isih duwe separo kuwi?”</i> Jariyah : <i>“Lho, ha mbakyu rak wau ngendika pokoke mung arep dikekke separo. Wah ha nek kakang rak ngendika jare arep dikekke kabeh!”</i>	√	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	-	√	-	-	<ul style="list-style-type: none"> <li><i>“Lho, ha mbakyu rak wau ngendika pokoke mung arep dikekke separo. Wah ha nek kakang rak ngendika jare arep dikekke kabeh!”</i></li> <li>Informasi melebihi kontribusi yang dibutuhkan</li> <li>Fungsi referensial, kemampuan Jariyah menyampaikan pendapat tentang dunia di sekelilingnya</li> <li>Tujuan membicarakan peristiwa di sekeliling penutur</li> </ul>	
236.	Dat236/ BKP	Kalidi dan Jariyah akan tinggal bersama kakaknya. Namun mereka bingung bagaimana dengan rumahnya, dan tiba-tiba Basiyo membakar rumahnya.	Jariyah : <i>“Njut omah mriki pripun mbakyu...adhuh...”</i> Bu Tik : <i>“Piye kuwi?”</i> Basiyo : <i>“Dak obong...”</i>	-	-	-	-	√	-	-	-	-	-	-	-	√	-	-	<ul style="list-style-type: none"> <li><i>“Dak obong..”</i></li> <li>Memaksimalkan kerugian dan meminimalkan keuntungan orang lain</li> <li>Fungsi referensial, kemampuan Basiyo menyampaikan pendapat tentang dunia di sekelilingnya</li> <li>Tujuan membicarakan peristiwa di sekeliling penutur</li> </ul>	
237.	Dat237/ BKP	Basiyo berpura-pura kerasukan. Dia	Kalidi : <i>“Inggih...kula kalih kakang wau...nitih</i>	-	-	-	-	-	√	-	-	-	-	-	√	-	-	-	<ul style="list-style-type: none"> <li><i>“Atu mbok ditanoni...”</i></li> <li>Memaksimalkan</li> </ul>	

No.	No. Data	Konteks	Tuturan	PK				PS						FG					Indikator	
				Kn	Kl	Rl	Pl	Kb	Pn	Km	Kh	Kc	Ks	Pr	Dr	Ft	Rf	Mt		Im
		merengek-rengok seperti anak kecil.	<i>napa?"</i> Basiyo : " <i>Atu mbok ditanoni..."</i>																	keuntungan dan meminimalkan kerugian diri sendiri <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fungsi direktif, kemampuan Basiyo mengatur tngkah laku Kalidi</li> <li>• Tujuan meminta</li> </ul>
238.	Dat238/ BKP	Basiyo berpura-pura meminta uang untuk bekal.	Kalidi : " <i>Napa...menyan?"</i> Basiyo : " <i>Det...tanoni..."</i>	-	-	-	-	-	√	-	-	-	-	-	√	-	-	-	-	" <i>Det...tanoni..."</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Memaksimalkan keuntungan dan meminimalkan kerugian diri sendiri</li> <li>• Fungsi direktif, kemampuan Basiyo mengatur tngkah laku Kalidi</li> <li>• Tujuan meminta</li> </ul>
239.	Dat239/ BKP	Basiyo juga berpura-pura meminta nasi goreng.	Jariyah : " <i>Oh kembang kok ya...kembang menyan..."</i> Basiyo : " <i>Nek ana tega duleng..."</i>	-	-	-	-	-	√	-	-	-	-	-	√	-	-	-	-	" <i>Nek ana tega duleng..."</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Memaksimalkan keuntungan dan meminimalkan kerugian diri sendiri</li> <li>• Fungsi direktif, kemampuan Basiyo mengatur tngkah laku Jariyah</li> <li>• Tujuan meminta</li> </ul>
240.	Dat240/ BKP	Basiyo berpura-pura merengek kepada Jariyah agar dia menjaga dan Basiyo,	Basiyo : " <i>Tatangmu ti aja tok tedakke..."</i> Jariyah : " <i>Ohh nggih.. boten..."</i> Basiyo : " <i>Tek ana det titek</i>	-	-	-	-	-	√	-	-	-	-	-	√	-	-	-	-	" <i>Tek ana det titek longitek... den nggo tliwik!"</i> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Memaksimalkan keuntungan dan meminimalkan kerugian</li> </ul>

No.	No. Data	Konteks	Tuturan	PK				PS						FG					Indikator		
				Kn	Kl	Rl	Pl	Kb	Pn	Km	Kh	Kc	Ks	Pr	Dr	Ft	Rf	Mt		Im	
		meminta uang untuk berjudi.	<i>longitek... den nggo tliwik!"</i>																		<p>diri sendiri</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Fungsi direktif, kemampuan Basiyo mengatur tngkah laku Kalidi</li> <li>• Tujuan menyuruh</li> </ul>

**Keterangan:**

<b>PK</b> : Prinsip Kerja Sama	<b>Kh</b> : Maksim Kerendahan Hati	<b>BBE</b> : Basiyo-mBecak	<b>RI</b> : Maksim Relevansi	<b>Ft</b> : Fungsi <i>Fatik</i>
<b>PS</b> : Prinsip Kesopanan	<b>Kc</b> : Maksim Kecocokan	<b>BBL</b> : Basiyo-mBlantik	<b>PI</b> : Maksim Pelaksanaan	<b>Rf</b> : Fungsi <i>Referensial</i>
<b>FG</b> : Fungsi Penyimpangan	<b>Ks</b> : Maksim Kesimpatian	<b>BKP</b> : Basiyo-Kapusan	<b>Kb</b> : Maksim Kebijakan	<b>Mt</b> : Fungsi <i>Metalingual</i>
<b>Kn</b> : Maksim Kuantitas	<b>Pr</b> : Fungsi <i>Personal</i>	<b>Dat</b> : Data	<b>Pn</b> : Maksim Penerimaan	<b>Im</b> : Fungsi <i>Imaginatif</i>
<b>Kl</b> : Maksim Kualitas	<b>Dr</b> : Fungsi <i>Direktif</i>	<b>01-282</b> : No. Data	<b>Km</b> : Maksim Kemurahan	

### BASIYO-MBECAK

Lakon:

1. Basiyo : Tukang Becak
2. Atmo Kemin : Suami
3. Bu Basiyo : Istri
4. Kalidi : Pak Lurah
5. Rukiman : Pak Carik

- Atmo : *“Rene!”*
- Bu Bas : *“Napa ta wong agek gelungan kok ribut wae!”*
- Atmo : *“Eee...mung kerek dina iki tenan, pirang-pirang dina, pirang-pirang sasi pancen tak arep-arep tenan, arep omong sing tenan iki!”*
- Bu Bas : *“Diarep-arep piye?”*
- Atmo : *“Lho iki mula rungakna sing tenan aku arep omong sing tenan iki!”*
- Bu Bas : *“Ooo...adate nek omong ra tenan ngono pa?”*
- Atmo : *“Ya tenan, neng ora kaya sedina iki engko. Wis, kowe anggepmu njur kepiye saiki? Aku dikandhani karo tangga teparo. Ooo...jebul tenan, ya rumangsa aku wisan, nek aku ki kok kul aku ki dadi bojomu!”*
- Bu Bas : *“Aku ki ngekul kowe ta?”*
- Atmo : *“Iiiyyaaakkk...buktime, wong lanang ben dina kon nyambut gawe apa-apa nang omah, kowe ben dina nang pasar, nang pasar ki njur ngapa? Angger aku arep nang pasar ora oleh, muni aja nganti weruh pasar. Njur nek aku weruh pasar ki njur ngapa ta?”*
- Bu Bas : *“Elhoo...haiya nek kowe ki kepengen weruh pasar ya menyanga, kok aku elik-elik ki ngapa?”*
- Atmo : *“Alaahh...menyanga...menyanga...saiki, wingi, arep nonton pasar we ra oleh, arep neng ngendi-endi ra oleh, kepiye ta aku ki? Getun ki..”*
- Bu Bas : *“Karo meneh, sing jeneng pasar kok arep kok tonton ki rak udu tontonan ta, kok arep kok tonton?”*
- Atmo : *“Ha, lak ya mesthi menging ta kowe, ra oleh ta, aku arep nang toko ya ra oleh, arep nang toko, kana wis akeh uwong, muni pa anggepmu ki aku arep nyolong ngono pa piye kok njur kok elikke ki, nang toko arep kon nyolong ngono pa piye?”*
- Bu Bas : *“Ora, karepmu ki piye ta, rumangsaku kowe ki saiki ki kok kaya golek jalaran wae ki jane piye?”*
- Atmo : *“Golek jalaran apa, mangkel kok aku, wong lanang kok rumangsaku kemenangen banget kok kowe ki!”*
- Bu Bas : *“Kemenangen nggon apa?”*
- Atmo : *“Anggere arep nang pasar, mung dandan we sandhangan aku kon nyepakke. Lhoh, kowe ki golek dhewe ra isa ngono pa piye jane ki?”*
- Bu Bas : *“Njur aku ki nek ora njaluk tulung kowe ki njaluk tulung sapa? Malah aku ki kon njaluk tulung tanggane ngono pa piye?”*
- Atmo : *“Ha iya njupuk dhewe rak isa ta? Jarik kon njupukke, klambi kon njupukke, mangsa cemara we kon nggolekke. Lhoh, kepiye nganti cemara we kok aku ki njur piye, njur wong lanang ajiku nggon ngendi?”*
- Bu Bas : *“Lho, ora kok bab aku ora ngajeni bojo ki ora mas, aja kleru tanpa, kuwi saking tresnaku karo bojo, ngono...”*
- Atmo : *“Alaahh...apa meneh iki, entuk undhangan dina iki engko arep resepsi, ora wurung engko resepsi ya kok nesoni meneh kaya wingi kae ngono pa? Aku*

## Lampiran 2

- kurang kepiye ta dadi wong lanang meng resepsi kok ya ora kepeneran kuwi?"*
- Bu Bas : "Ya wis, nek kowe arep melu kena, neng le dandan ki sing apik..."
- Atmo : "Ooo...dadi mung dandan we ya kok kandhani ta, ya engko nek ra apik dandanana wis..."
- Bu Bas : "Kuwi, malah kon ndandani, apa ana wong tuwa kok malah kon ndandani, nganti kaya cah cilik!"
- Atmo : "Lhoo...aku ki rak ya wis wong tuwa ta, mesthine rak ana bedane, nggo bendinan karo nang pasemuan ngono ki rak ya sandhangane ya beda, mung dandan we kok diwanti-wanti kon sing apik!"
- Bu Bas : "Ora, karepku ki ya?"
- Atmo : "Piye...piye?"
- Bu Bas : "Ngene lho, upamane kowe ki seneng bebedan, kuwi ki ya...di apa...dipatutke, tegese, ndhuwure ya nganggo iket..."
- Atmo : "Haiyaa..."
- Bu Bas : "Njur nganggo surjan..."
- Atmo : "Ooo..."
- Bu Bas : "Kuwi jenenge setelane!"
- Atmo : "Lhaa..."
- Bu Bas : "Ha, kowe ya ora!"
- Atmo : "Piye?"
- Bu Bas : "Nganggo bebed kok njur ndhuwure kok, nganggo apa kae jenenge, nganggo peci?"
- Atmo : "Kupluk!"
- Bu Bas : "Haaa..."
- Atmo : "Kuwi ra kena?"
- Bu Bas : "Rak ya ora patut ta?"
- Atmo : "Yaa...sok tak nganggo iket. Neng ikete ya lehm u nukokke dhek mben kae!"
- Bu Bas : "Ha njur arep nganggo apa?"
- Atmo : "Wis...anggere kelingan iket magkel meneh aku, aku arep tuku blangkone dhewe ora oleh. Wis Pakne, sesuk tak tukokkke. Lha, bareng tak enggo sesak, tak nggo sesak we aku ngomong karo kowe ya kowe wis omong neh. Mbokne, iki blangkone sesak e, haiya sirahe sing dilongi, muni ngono. Ha kuwi apa, apa ya kaya ngono ki bojo kaya ngono kuwi?"
- Bu Bas : "Mung omong ngono we ya kleru..."
- Atmo : "Ya kleru, nyatane ra tukokke neh kok njur sirahe kon ngelongi!"
- Bu Bas : "Ha kena ngapa kon tuku dhewe ra gelam?"
- Atmo : "Ha nggone rung weruh!"
- Bu Bas : "Nggone rung weruh...ha mbok rasah nganggo iket ya ngapa ta?"
- Atmo : "Lhaaa...jare kon dhines!"
- Bu Bas : "Kudhungan..."
- Atmo : "Kudhungan godhong ngono pa?"
- Bu Bas : "Kudhungan nganggo lendhangku kae..."
- Atmo : "Wee...dadi malah aku ki wong lanang ki nganggo lendhang ngono pa?"
- Bu Bas : "Ha kowe ya njudhegke kok!"
- Atmo : "Wahh..ya wis, aku engko nganggo sing nganu...nganggo jas wae, rasah nganggo iket!"
- Bu Bas : "Nganggo jas?"
- Atmo : "Jas, kuplukan, sarungan!"
- Bu Bas : "Kowe ki duwe jas pa?"
- Atmo : "Nganggo sepatu, he?"
- Bu Bas : "Kowe ki duwe jas pa?"
- Atmo : "Ohh...iya, ra duwe e ya, nyilih, piye, apa engko ndadak tuku?"
- Bu Bas : "Ahh, ora wae!"
- Atmo : "Ha...kepiye?"
- Bu Bas : "Wis, apike anu, nganggo kaos thok we!"

- Atmo : *"Kuwi, pa ra nglulu bojo kaya ngono kuwi?"*
- Bu Bas : *"Ha kowe ya njengkelke, nyandhang apa-apa kok ra isa lho wong gedhe tuwa kok!"*
- Atmo : *"Nek ra oleh teka ra oleh ngono wae rasah nglulu, mangsa resepsi kok nganggo kaos. Ohh..akale ki ra..."*
- Bu Bas : *"Ra melu ya malahane dak menyang dhewe..."*
- Atmo : *"Lhaa...bungah kowe ya? Aku melu..."*
- Bu Bas : *"Lha kowe ya ngewuhke, dijak ya ra isa le ngetrapke sandhangan!"*
- Atmo : *"Undhangane ki sekaliyan, wis engko dak nyandhang sing apik. Ya wis, ngisor jarit, nganggo iket, surjan!"*
- Bu Bas : *"Karo wingi lehmumu nganji clanamu kakehan kanji kok kae!"*
- Atmo : *"Kakehan kepiye?"*
- Bu Bas : *"Karo le nyetrika ki mujur, ora kok malang!"*
- Atmo : *"Dadi kaya ngana kae ki ya kurang kepeneran ta? Mula dak enggo ki malah abut e dak enggo ki. Ha kena ngin ki rak temampek banget ta kae. Ohh...dadi kudune mujur ta kae?"*
- Bu Bas : *"Haiya..."*
- Atmo : *"Nek kanjine barang ya ra akeh, wong kathok siji kae ki kanji sebuntel ki, mung ambal setengah kilo kae..."*
- Bu Bas : *"Nek kepingin nganggo sepatu tuku dhewe, ora nganggo sepatuku. Kae sepatu jinjit thekku kok njur kok enggo ki piye rekamu kuwi?"*
- Atmo : *"Karepku ki ya srabutan, sing wis ana ya iki ngono lho! Dadi ya kudu duwe dhewe-dhewe ta sepatu we?"*
- Bu Bas : *"Haiya patute ta?"*
- Atmo : *"Wahh...haiya pengalaman nyandhang mono!"*
- Bu Bas : *"Patute wong lanang ki rak ya ra kaya ngono kuwi..."*
- Atmo : *"Yaa...suk dak tuku dhewe. Wis yoo...resepsi yoo...aku dak dandan sing apik ya?"*
- Bu Bas : *"Saiki?"*
- Atmo : *"Lhah, undhangane ya iki jare engko jam 9?"*
- Bu Bas : *"Aq rung dandan ki?"*
- Atmo : *"Harah...kuwi, wis dandan sing cepet. Engko terus menyang ya!"*
- Bu Bas : *"Ya, kana jupukna...he?"*
- Atmo : *"Engko terus menyang, mbecak wae engko..."*
- Bu Bas : *"Mbecak?"*
- Atmo : *"Haiya, golek becak rasah nggawa kendharaan saka ngomah!"*
- Bu Bas : *"Wadhuhh...emoh aku..."*
- Atmo : *"Kepiye?"*
- Bu Bas : *"Kok mbecak?"*
- Atmo : *"Lho...numpak, pa anggepmu aku kon mbecak ngono pa piye? Numpak becak ngono. Wahh...angel banget omong karo bojo rumangsaku, ngati-ati aku ki. Numpak becak..."*
- Bu Bas : *"Mlaku wae pa?"*
- Atmo : *"Mlaku neh 3 dina tekan nggone. Gek nggone we neng kutha kok mlaku..."*
- Bu Bas : *"Mlaku wae, engko nek kesel leren jajan, ngono..."*
- Atmo : *"Ohh...malah ra wurung ya kelangan dhuwit. Mlaku...mlaku...engko nek kesel kowe dak gendhong ngono pa? Ohh...wes akal banget kowe ki..."*
- Bu Bas : *"Wis...tenan?"*
- Atmo : *"Ha'a, mangkat!"*
- Bu Bas : *"Ya wis, ayo!"*
- Atmo : *"Yo...golek becak ndalan kana!"*
- 
- Atmo : *"Adate kene ki ya becak wae kok...kaya ra weruh sedina wae ko ya sepen. Wahh, kepiye mbokne?"*
- Bu Bas : *"Kandhani mlaku wae kok, kowe ki ya ra nggugu!"*
- Atmo : *"Wahh...kewekok rumangsaku uwong kok ngirite ra jamak lho!"*

## Lampiran 2

- Bu Bas : *"Teknen, nek ra ana. Apa kon numpak apa?"*  
 Atmo : *"Ngirit ki ya nganggo mangsan. Nek neng omah ki apa nggone nggon mangan apa barang we ngirit, iki lelungan ki rak ora ben dina ta. Wong arep resepsi ki kudune moncer kok malah mlaku..."*
- Bu Bas : *"Ha kowe nggawa kendharaan ya emoh..."*  
 Atmo : *"Ha le kon nggawa...le emoh ki genah ya ra isa numpak, kon ngapa?"*  
 Bu Bas : *"Ora isa ta kowe ki?"*  
 Atmo : *"Njur aku ki isa pa pit barang ki?"*  
 Bu Bas : *"Oalahh..."*  
 Atmo : *"Ngepit sedina wingi, aku kelakon ngepit malah sedina ra isa mudhun e malah..."*  
 Bu Bas : *"Ha kok ora isa mudhun?"*  
 Atmo : *"Ha isaku ki nganggo pancatan pit ta..."*  
 Bu Bas : *"Ha nek ra isa mudhun rak terus ambyur kali!"*  
 Atmo : *"Lhoo...kuwi apa bojo ko ngono kuwi? Kuwi pa ra mangkelke nek omonganmu ko ngono ki?"*
- Bu Bas : *"Mangkelke...ha kowe ya wong angel kok..."*  
 Atmo : *"Angel..."*  
 Bu Bas : *"Ngepit ra isa, mbecak ra ana, nesu!"*  
 Atmo : *"Lho...nek le ngepit ki isa, ning bareng wis mlaku kuwi lehku arep mudhun ki le angel, ngono..."*
- Bu Bas : *"Lha mula kuwi, nek angel le mudhun terus anjlok kali..."*  
 Atmo : *"Eee...malah mayar tur empuk le mudhun ya?"*  
 Bu Bas : *"Lhaa...haiya..."*  
 Atmo : *"Tur njur aku mati njur kowe ijen ngono ta?"*  
 Bu Bas : *"Ha ijena ya ra papa ta?"*  
 Atmo : *"Kowe ki jane wis jeleh pa piye ta karo aku ki?"*  
 Bu Bas : *"Kok njur bab jeleh..."*  
 Atmo : *"Wis, kowe ki aja banget-banget karo wong lanang lho...ngelingana kowe ki aja tak krukup dadi apa biyen ki? Lho...tenane kok!"*
- Bu Bas : *"Ala-ala aku ki uwong kok!"*  
 Atmo : *"Lhoo...aja njur umuk, nyatane nek ra dadi bojoku, tenan kuwi. Ee..."*  
 Bu Bas : *"Lha kae!"*  
 Atmo : *"Wis, kae becak ta?"*  
 Bu Bas : *"Kae...cak...becak..."*  
 Atmo : *"Eh cak...aku wae sing ngundang...cak...mriki...mriki..."*  
 Bu Bas : *"Mung ngundang we kok rebutan lho..."*  
 Basiyo : *"Mohh..."*  
 Atmo : *"Piye le wangsulan, muni emoh?"*  
 Bu Bas : *"Jan...apik kae tukang becak?"*  
 Atmo : *"Wahh..."*  
 Bu Bas : *"Niyate nyambut gawe pa ra ta kuwi?"*  
 Atmo : *"Ha embuh, mriki Pak!"*  
 Bu Bas : *"Takonana!"*  
 Basiyo : *"Sampeyan, kata-katane kleru kok!"*  
 Atmo : *"Mung ngundang we kok kleru ki nggon endi kleruku ki?"*  
 Basiyo : *"Lhaa...nek sampeyan 'caakk' ngoten mon napa becake mara?"*  
 Atmo : *"Oohh..."*  
 Basiyo : *"Kang napa Gus!"*  
 Atmo : *"Wadhuhhh..."*  
 Bu Bas : *"Ehehehe...kok ya ngono ta?"*  
 Basiyo : *"Ha, tukang becak ki rak ya ana tengere, asline, priyayi pa dudu!"*  
 Atmo : *"Priyayi ki tengere..."*  
 Basiyo : *"Ngerti priyayi, ngawur wae!"*  
 Bu Bas : *"Eee...malah nesu we..."*  
 Atmo : *"Lhoo...tengerane nggen priyayi kalih boten niku nggen napa?"*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Tonton ondherdhile!"*  
 Atmo : *"Ondherdhile uwong ya padha wae ngono kok!"*  
 Basiyo : *"Priyayi karo Jawa ki seje..."*  
 Atmo : *"Elho...wee, pripun, nek peiyayi pripun tengerane?"*  
 Basiyo : *"Lhoo...nek priyayi, idepe kempel..."*  
 Bu Bas : *"Ooo..."*  
 Atmo : *"Kok kempel?"*  
 Basiyo : *"Ha, durung raup!"*  
 Bu Bas : *"Ooo...hohoho...ha mung kesed ki ya..."*  
 Basiyo : *"Wonten napa?"*  
 Atmo : *"Njenengan tukang becak ta?"*  
 Basiyo : *"Lhoo...kok tukang ki..."*  
 Atmo : *"Lhoo...tukang becak niku..."*  
 Basiyo : *"Wong mbecak!"*  
 Atmo : *"Ohh...nggih wong mbecak..."*  
 Basiyo : *"Ngomong niku sing tenin!"*  
 Atmo : *"Lhahh...cilaka tenan aku ki, lagek karo wong mbecak we kok..."*  
 Bu Bas : *"Angel ya?"*  
 Basiyo : *"Arepa dudu wong mbecak ke nek omongane clemongan..."*  
 Atmo : *"Wis, saiki omongan kowe mbokne!"*  
 Basiyo : *"Sampeyan mbecak...uwong mbecak..."*  
 Bu Bas : *"Ooo..."*  
 Atmo : *"Omonga kuwi, angel kuwi!"*  
 Bu Bas : *"Dak omong ya?"*  
 Atmo : *"Bisa du wong Jawa kok kuwi..."*  
 Basiyo : *"Mangke nggetarke!"*  
 Bu Bas : *"Ohohoho..."*  
 Atmo : *"Aiyahh...sampeyan niku, boten!"*  
 Basiyo : *"Kula niku nek omong kalih wong wedok suwe-suwe ngatutke lho!"*  
 Bu Bas : *"Ngatutke?"*  
 Atmo : *"Ngatutke nggen napa?"*  
 Basiyo : *"Jal engko nek dimatke suwe-suwe manis e, mbecaka kae!"*  
 Bu Bas : *"Alaahh...alaahh..."*  
 Atmo : *"Manis ki nggon apa?"*  
 Basiyo : *"Anggere bathuk kula pun kula ubel-ubel andhuk ngoten niki..."*  
 Atmo : *"Wahh...wong mung ubel-ubelan andhuk kaya ngono kok manis..."*  
 Bu Bas : *"Cara wong bentuke rungkut ngono kok...manis..."*  
 Basiyo : *"Ha, rungkut wong ana dhemite, kok angger wong kepethuk kok crah lho!"*  
 Atmo : *"Kuwi bisa uga dudu wong kene kok kuwi..."*  
 Bu Bas : *"Bisa uga..."*  
 Basiyo : *"Sanes!"*  
 Bu Bas : *"Bisa uga!"*  
 Atmo : *"Ketok le raine ireng kuwi, genah dideleng ki mung..."*  
 Bu Bas : *"Engko gek wong madura ya?"*  
 Atmo : *"Haiya bangsa wong kana. Embuh wetan-wetan kuwi, Ambon pa ngendi bisa uga kuwi!"*  
 Bu Bas : *"Hmm...dudu nek Ambon!"*  
 Atmo : *"Ha...kuwi!"*  
 Basiyo : *"Kula saking Eropah. Lha, barengane piring barang kok!"*  
 Atmo : *"Wahh, boten...nggih sampeyan nggih uwong lumrah ngaten..."*  
 Basiyo : *"Nggih wong mriki neng kulite ireng!"*  
 Atmo : *"Haa...nggih!"*  
 Bu Bas : *"Ooo..."*  
 Basiyo : *"Sampun mengenai, wong mung arep mbecak kok njur bakule!"*  
 Atmo : *"Haa...niku bener!"*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Nek bojo sampeyan niku kuning neng kuning ting prelang niku napa?"*  
 Bu Bas : *"Lho..."*  
 Basiyo : *"Nek kaya ngaten niku napa ra jeneng panunen? Sampeyan serik ya men wong aku kerengan ya wani!"*  
 Bu Bas : *"Kowe kuwi nesua, kowe ki pisan-pisan nesua!"*  
 Atmo : *"Sing kok kon nesu ki sapa?"*  
 Bu Bas : *"Kowe kuwi!"*  
 Atmo : *"Aku kok kon nesu?"*  
 Bu Bas : *"Ha mung karo wong mbecak kaya ngono we kok ra wani nesoni?"*  
 Basiyo : *"Pun, tukang becak niku nek ra wani kerengan...ciat...ciat...ciat!"*  
 Bu Bas : *"Elho...elho...e...e...e..."*  
 Atmo : *"Kuwi, pa ko ngono ki...kuwi ki apa ki?"*  
 Bu Bas : *"Kok njur pencak, e..."*  
 Basiyo : *"Kula ki pun tau lho, pencak ijen...jago pencak. Tau, kula pencak dirubung telu!"*  
 Atmo : *"Umuk..."*  
 Basiyo : *"Diantem ngiwa, enja ngiwa!"*  
 Atmo : *"Nggih tenan niku dadine?"*  
 Basiyo : *"Ha le ra luput. Sampeyan ajeng napa?"*  
 Atmo : *"Niki ngaten, niki kula kalih bojone kula niki ajeng teng..."*  
 Basiyo : *"Ohh, niki bojone ta?"*  
 Atmo : *"Ha sampeyan anggep napane? Ha ket mau kok mleleng bae!"*  
 Basiyo : *"Ha kaya sing sok main nang wayang uwong!"*  
 Bu Bas : *"Boten!"*  
 Atmo : *"Wayang uwong pundi?"*  
 Basiyo : *"Niki ta?"*  
 Atmo : *"Nggih niki bojo kula!"*  
 Bu Bas : *"Lek ngenyang kowe ki kok!"*  
 Basiyo : *"Ajeng tumbas napa ta?"*  
 Bu Bas : *"Sampeyan niku rak wong mbecak ta, niku kula ken ngenyang, kula ken ngeterke nang daleme...sapa Pak?"*  
 Basiyo : *"Wedi ta dhewe?"*  
 Bu Bas : *"Lho, kok wedi?"*  
 Basiyo : *"Lho, kok kon ngeterke niku ki dhewe wedi?"*  
 Atmo : *"Lho niku sing kula parani niki adoh!"*  
 Basiyo : *"Ha kok gelem?"*  
 Atmo : *"Lho, kok gelem. Sampeyan niku..."*  
 Basiyo : *"Cetha adoh kok gelem?"*  
 Atmo : *"Iki wong mbecak ning rada edan. Ora...ha mesthine ketemu uwong ki seneng ta wong arep payon ki?"*  
 Basiyo : *"Ha kula mbecak nak adoh ya emoh!"*  
 Atmo : *"Niki nggih boten adoh banget, kira-kira nggih 3 kilo saking mriki!"*  
 Basiyo : *"Ohh, emoh!"*  
 Bu Bas : *"Iki uwong ki karepe piye ta kuwi?"*  
 Basiyo : *"Nek gelem mbaka sekilo!"*  
 Bu Bas : *"Lho, wong ki karepe piye? Aku kok ora ngerti lho!"*  
 Atmo : *"Haiya, ra ana wong mbecak kok njur sekilo mandheg, njur sekilo meneh!"*  
 Basiyo : *"Ha kula niku mung keru mang kon, teng pundi?"*  
 Atmo : *"Ohh, teng desa Grojogan Sewu wetan nika. Niku rak nggone kanca kula niku rak mantu, niki resepsine dinten niki..."*  
 Basiyo : *"Ohh, boten nek mrika. Grojogan Sewu ta? Boten!"*  
 Atmo : *"Lho, kok boten pripun ta?"*  
 Bu Bas : *"Pripun?"*  
 Basiyo : *"Sek nggo mertapa Dasamuka ta?"*  
 Bu Bas : *"Boten, wong niku desa kok!"*  
 Atmo : *"Desa jenenge Grojogan Sewu!"*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Ohh, ha inggih!"*  
 Atmo : *"Dasamuka nggih boten tau mriku kok!"*  
 Basiyo : *"Jare Dasamuka nek mertapa teng Grojogan Sewu niku?"*  
 Atmo : *"Ha ning rak boten Grojogan niku..."*  
 Basiyo : *"Lho, ha niku mangke nek sing kon nunggu buta-butu rak...ha, apa ana becak kerah buta?"*  
 Bu Bas : *"Boten..."*  
 Atmo : *"Niku boten, niku mung desa!"*  
 Bu Bas : *"Kalih malih ampun sumelang nggih Kang, mangke nek tekan mrika terus kula wedangi ta kang?"*  
 Atmo : *"Nhaa..."*  
 Basiyo : *"Wedangi ning janji njur bubuti?"*  
 Bu Bas : *"Waa...boten kok njur bubuti ki!"*  
 Basiyo : *"Ha uwong kok mung janjen diwedangi we emoh!"*  
 Bu Bas : *"Lhoh!"*  
 Atmo : *"Kowe...tetembungamu ya kleru!"*  
 Basiyo : *"Kleru kok, pegat mon!"*  
 Bu Bas : *"Iki ana wong mbecak kok njur ngajani megat!"*  
 Atmo : *"Lho, rumangsaku sing dinceng mung kowe kok rumangsaku. Malah dheg-dhegan aku!"*  
 Bu Bas : *"Kae dhasare ora isa kedhep kok kuwi!"*  
 Atmo : *"Ha pa ula pa kok ra isa kedhep?"*  
 Bu Bas : *"Ha kuwi deloken ta!"*  
 Atmo : *"Nggih, mangke mang terke mrika, kula kalih bojo kula!"*  
 Basiyo : *"Ha mung kedhep we lapor!"*  
 Atmo : *"Kula kalih bojo kula niku nggih?"*  
 Basiyo : *"Teng Grojogan Sewu niku?"*  
 Atmo : *"Inggih, ning niku desa dede nggene Dasamuka!"*  
 Basiyo : *"Ning bojo sampeyan sik napa sampeyan sik?"*  
 Atmo : *"Lho, ya bareng kok dadi...wong loro kok dhewe-dhewe!"*  
 Bu Bas : *"Iki piye ta?"*  
 Basiyo : *"Ahh, ya ra kuat kok!"*  
 Bu Bas : *"Jan, aneh banget kok iki wong mbecak ki!"*  
 Basiyo : *"Ra kuat ahh!"*  
 Atmo : *"Wong awake kaya ngono kok wong loro ra kuat?"*  
 Basiyo : *"Ha nek ngusungi drem!"*  
 Bu Bas : *"Ooo, ha malah ngunek-unekke ngono!"*  
 Atmo : *"Ha kowe arep ngunekke uwong drem ngono kok ndadak..."*  
 Basiyo : *"Pun niki rembugan sing ora secara ndhagel, tenan!"*  
 Atmo : *"Ha nggih, ha niku pancen apik niku. Kanca niku nggih kaya ngaten niku!"*  
 Basiyo : *"Ha inggih sampeyan..."*  
 Atmo : *"Kula..."*  
 Basiyo : *"Ajeng teng Grojogan Sewu..."*  
 Atmo : *"Resepsi..."*  
 Basiyo : *"Resepsi nggih karep sampeyan, layat ya karep sampeyan. Perlune ki nggih ra kandhakke kok bul!"*  
 Bu Bas : *"Malah nyengeni neh..."*  
 Atmo : *"Ha kuwi ki wong ra genah kok rumangsaku, lha wong kene ki nggenahke malah muring-muring anggere digenahke!"*  
 Basiyo : *"Grojogan Sewu..."*  
 Atmo : *"Nggih..."*  
 Basiyo : *"Ha nggih pun kena mawon, ning becak kula niku mung tas dicet lho, janjane nggih mung anyar...mangke nesu!"*  
 Atmo : *"Ngono ki apa uwong ko ngono ki, mung becake apik e diumukke kaya ngono kuwi!"*

## Lampiran 2

- Bu Bas : *“Diumukke le becake anyar...”*
- Basiyo : *“Ning niku nek tangan sampeyan kena cat karep sampeyan lho!”*
- Atmo : *“Niku dereng garing napa pripun?”*
- Bu Bas : *“Sajak umuk banget ta mung wong mbecak we!”*
- Basiyo : *“Ha gek mau esuk, ha genah gek mau esuk kok le ngecet...ha ning kudu nunggang, wis rembugan kok!”*
- Atmo : *“Ya, kuwi ya apa ra angel kaya ngono kuwi?”*
- Bu Bas : *“Ha karo kae piye ta le ngecet becak kae kok ting cloneh kaya ngana kae?”*
- Basiyo : *“Ha mung cete mung le nemu pojokan niku kok!”*
- Atmo : *“Napa njur sisihe karo sisihe ora padha, didlemok-dlemok ngana kae kepiye. Lho, niku mangke onten payone boten ta niku?”*
- Basiyo : *“Nggih sak sir kula kok!”*
- Atmo : *“Lho tegese nek onten payune kok ora ditrap?”*
- Basiyo : *“Lho, saniki omong sing kepenak, sir kudanan apa sir kepanasan?”*
- Bu Bas : *“Iki piye ta iki?”*
- Atmo : *“Niku kabeh ora sir kok napa niku, ora kepenak kabeh dilakoni kok!”*
- Basiyo : *“Ha nek sir nggo eyup-eyup, sarung sampeyan mang ge kudhung!”*
- Bu Bas : *“Aneh ki jan wong ki, aku ki jan marai ngguyokke tenan ta nek ngrungokke sing mbecak!”*
- Atmo : *“Lho, sadurunge wong mbecak agek iki ta ketemu becak?”*
- Basiyo : *“Ha tek napa agek mung wong nunggang sekesuk agek loro we kon tuku monta!”*
- Atmo : *“Ooo...dereng duwe ta, dadi niki payune dheklit nika dereng duwe?”*
- Basiyo : *“Ha kula mung paetan seg wesi kok!”*
- Atmo : *“Wahh...”*
- Basiyo : *“Lho, dadi boten?”*
- Atmo : *“Lho, lha inggih!”*
- Basiyo : *“Mangke nek sampeyan ora sida ndak diantemi!”*
- Bu Bas : *“Kosik-kosik Pak, takoni ana lampune ora?”*
- Atmo : *“Lho, niki mbok menawi tekan mrika nganti bengi...”*
- Basiyo : *“Nggih...”*
- Atmo : *“Niki onten lampune boten kok boten ditrap becake niku lampune?”*
- Basiyo : *“Kok perlu ndadak lampu nggo apa?”*
- Atmo : *“Lho, ha mangke nek tekan mrika peteng?”*
- Basiyo : *“Lho, ha peteng wis dha weruh e kok!”*
- Atmo : *“Lho, sing weruh ki...”*
- Basiyo : *“Lho, mangke kula liwat dalan sing nganggo diyan niku ta? Eee...arep ala ki wong ki!”*
- Atmo : *“Niku teng desa e niku mangke?”*
- Basiyo : *“Ha nggih ampun ndesa, milih sing kutha-kutha niku kok!”*
- Atmo : *“Ha wong resepsi kok kon milih ki kepiye niku?”*
- Basiyo : *“Ha sampeyan ya mblubut!”*
- Atmo : *“Elho, kok mblubut?”*
- Basiyo : *“Ha diulem-ulemi nang desa ya menyang!”*
- Atmo : *“Wahh...”*
- Basiyo : *“Pun nek gelem nggen kutha mawon!”*
- Atmo : *“Lho...kuwi, apa ya ra ngeyel kaya ngono kuwi?”*
- Bu Bas : *“Ha srawung e njur kon milih!”*
- Basiyo : *“Nggih pun, mangke nggih gampang kula...”*
- Atmo : *“Niku boten nganti mrika peteng ki boten...”*
- Basiyo : *“Inggih...”*
- Atmo : *“Niki antara setengah jaman!”*
- Bu Bas : *“Pun, sampeyan niku njaluke pinten ngaten?”*
- Atmo : *“Lho...”*
- Basiyo : *“Kula niku wong mayar...”*
- Atmo : *“Haaa...”*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Kula niku uga tukang becak ning nyok-nyok e niku sosial!"*  
 Atmo : *"Lha...eee..."*  
 Basiyo : *"Ora bayar ya kena..."*  
 Bu Bas : *"Eee!"*  
 Atmo : *"Iyahh, boten-boten e!"*  
 Basiyo : *"Dibayar ya...kula dak aturke ta, tukang mikir, srawung kula niku ora mung tukang becak elek-elekan lho!"*  
 Atmo : *"Iyyaaak..."*  
 Basiyo : *"Kepiye, tukang becak we kathoke prejuritane?"*  
 Atmo : *"Nggih apik!"*  
 Basiyo : *"Apa ra kaya Srikandhi ajar manah?"*  
 Atmo : *"Haa..."*  
 Basiyo : *"Ngono!"*  
 Atmo : *"Bisa uga ya duwene mung kuwi..."*  
 Basiyo : *"Lha nggih, piye ta?"*  
 Atmo : *"Niki ning nggih nganggo opah!"*  
 Basiyo : *"Ha inggih!"*  
 Atmo : *"Wong sampeyan ya wong buruh, golek gawean nggih ta?"*  
 Basiyo : *"Inggih..."*  
 Atmo : *"Kula ya cukup kebutuhan kula niku ya nganggo rukun priipun carane, pintene, mula kula takon niki mangke tekan mrika njur pintene?"*  
 Basiyo : *"Nggih niku kula ra angel-angel, padha kepenake, sampeyan niku anu...teni..."*  
 Atmo : *"Lak ko ngono kuwi apik tenan!"*  
 Basiyo : *"Sampeyan mangke ngeke'i sing akeh dhewe, niku kula wis seneng..."*  
 Atmo : *"Ooo...ha iki wong apik!"*  
 Basiyo : *"Haa...lak ngono!"*  
 Bu Bas : *"Ha wong mayar nek ngono kuwi ya?"*  
 Atmo : *"Ha iki anggepe ketok seduluran tenan!"*  
 Basiyo : *"Kula niku ora pokoke mbecak, pokok golek sedulur..."*  
 Bu Bas : *"Ohh, nggih...nggih..."*  
 Basiyo : *"Ha neh becak kula niku ra ting sranthil!"*  
 Atmo : *"Kok ting sranthil merga..."*  
 Basiyo : *"Boten kuciwa mbecak nggen kula, pengilon dak kek'i!"*  
 Atmo : *"Wehh..."*  
 Basiyo : *"Jungkat!"*  
 Bu Bas : *"Wehh..."*  
 Basiyo : *"Andhuk!"*  
 Atmo : *"Niku kangge penumpang napa kangge sampeyan?"*  
 Basiyo : *"Perkara nunggang keru dak nengke bae!"*  
 Bu Bas : *"Ooo...jenenge wong milik niku!"*  
 Basiyo : *"Ha lha nggih ta!"*  
 Bu Bas : *"Ha nek sampeyan ngerti mbok diduduhke!"*  
 Basiyo : *"Ha mbok kula isa, isa ngrasakke dadi wong milik?"*  
 Atmo : *"Ya boten isa!"*  
 Basiyo : *"Lho, angel nek boten kula..."*  
 Atmo : *"Angel...angel liyane sampeyan niku angel pun!"*  
 Basiyo : *"Pun niki teng Grojogan?"*  
 Atmo : *"Ning sampeyan niku teng anu...teng griya sampeyan, teng omah sampeyan...lak nggih nde omah ta, sampeyan nggih nde omah ta?"*  
 Basiyo : *"Elho, dul bong nika!"*  
 Atmo : *"Ooo...dadi sandhing ngebong nika?"*  
 Basiyo : *"Lho, nek sampeyan ragu-ragu..."*  
 Atmo : *"Priipun?"*  
 Basiyo : *"Niki potret kula!"*  
 Atmo : *"Ohh, niki potrete?"*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Ndarani kula tukang becak mung ugal-ugalan, ngerti peraturan..."*  
 Atmo : *"Lha kok potrete lha kok sirahe loro?"*  
 Basiyo : *"Ha nggih wong dijepret kula nggedheg kok!"*  
 Atmo : *"Ooo...ning ngene ki ya pun kanggo?"*  
 Basiyo : *"Napa?"*  
 Atmo : *"Niki kanggo nggen rebuese, kanggo?"*  
 Basiyo : *"Kanggo!"*  
 Atmo : *"Wahh..."*  
 Basiyo : *"Wong niku rebuse kula!"*  
 Bu Bas : *"Iki kok malah mung omong bae ki jane, neh engko selak kentekan jame, kana kancane selah mulih kok ya aneh!"*  
 Atmo : *"Ya mengko..."*  
 Basiyo : *"Pun niki ngendikane wis genep?"*  
 Atmo : *"Tegese ngaten ta, kula le taken sampeyan niku apa ya ngomah niku ya duwe keluarga duwe anak?"*  
 Basiyo : *"Duwe, pun pokoke pun gelem nggih bayar akeh dhewe? Pun diteni kula dak adus..."*  
 Atmo : *"Ha nggih pun!"*  
 Basiyo : *"Dak adus..."*  
 Bu Bas : *"Lho, kok ndadak adus dhisik?"*  
 Atmo : *"Lho, kok ndadak adus?"*  
 Basiyo : *"Lho, wong sampeyan ya macak, mbasan aku ya macak arep resepsi, ngeterke rama resepsi..."*  
 Bu Bas : *"Lha...haiya kesuwen sampeyan niku!"*  
 Atmo : *"Ooo...ya ben nek kono karepe ya arep macak..."*  
 Basiyo : *"Diteni, mangke mang kandha becake kula mon rak gelem mrika!"*  
 Atmo : *"Ooo...karepe ya ngajeni karo penumpange kok!"*  
 Basiyo : *"Ha nggih..."*  
 Atmo : *"Ha ya nek arep adus anane apik!"*  
 Bu Bas : *"Ha le adus teng pundi?"*  
 Basiyo : *"Ha lho, ha mung teng sendhang, nggoh antarane limang pos!"*  
 Bu Bas : *"Wahh, adoh banget!"*  
 Atmo : *"Nggone sing arep diparani malah adoh nggon le arep adus!"*  
 Basiyo : *"Sampeyan pun kedadean ampun omong mawon lho!"*  
 Atmo : *"Ha nek omong nika rak nggih kepenak!"*  
 Basiyo : *"Kepenak ha nggih manut kula, jebul!"*  
 Atmo : *"Boten, nggih adus kali mriku mawon nek nganu, niku kula niku pun, ha pripun?"*  
 Basiyo : *"Ha nggih ngriku diteni...ngombe-ngombe niku!"*  
 Bu Bas : *"Lho, nngombe napa?"*  
 Basiyo : *"Thek kula niku rak enten teng gelas!"*  
 Atmo : *"Wong kok wis isa kok njut..."*  
 Bu Bas : *"Jan, umuk banget e rumangsaku ki!"*  
 Atmo : *"Karepe ki ya wong loma, apa-apa dinehke, ha ning..."*  
 Bu Bas : *"Uwong wujud mbengerok ko ngono e kok le!"*  
 Atmo : *"Ha ya ra nek mbengerok!"*  
 Basiyo : *"Kula raup mawon!"*  
 Atmo : *"Ooo...nggih, pun awi!"*  
 Basiyo : *"Kok awi teng pundi?"*  
 Atmo : *"Lho, haiya terke!"*  
 Basiyo : *"Nambal sik..."*  
 Bu Bas : *"Wahh..."*  
 Atmo : *"Iki kok rumangsaku iki becak kok repot, kayane becake boten napa-napa bane?"*  
 Basiyo : *"Mburi nggembos, kula mon nggejlug!"*  
 Atmo : *"Pripun niki?"*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Nambal ora suwe, sajam we rak..."*  
 Atmo : *"Wahh, sajam?"*  
 Basiyo : *"Wawe-wawe, mbecak e wawe-wawe!"*  
 Atmo : *"Iki lakune mon manghke boten nganti sajam mangka..."*  
 Basiyo : *"Pokoke niku ora nganggo urusan jam, satekane!"*  
 Bu Bas : *"Lho!"*  
 Basiyo : *"Tekan engko ya wis ben, rak diteni mangke!"*  
 Bu Bas : *"Boten mawon kok nggih..."*  
 Basiyo : *"Ha tekna le nambal iki, borot!"*  
 Atmo : *"Nggih ditambah riyin..."*  
 Basiyo : *"Lha, ngono..."*  
 Bu Bas : *"Ahh jan, rewel banget iki!"*  
 Atmo : *"Wahh, ha ning ya...ha ning ya nggo alat dhewe ngono kok. Wis, lha ya wasis iki, ngirit iki!"*  
 Bu Bas : *"Nhaa...alate apa kuwi?"*  
 Basiyo : *"Ora sah mbingkil, waa...iki, ha iki jugil barang nggo dhewe we!"*  
 Bu Bas : *"Ha mung nggo pukul besi kok!"*  
 Atmo : *"Ning ya engko dithothoki!"*  
 Basiyo : *"Ha niki reme ra makan we!"*  
 Atmo : *"Lho jare muni nambal kok nggon rem sing dandani ki piye lho?"*  
 Bu Bas : *"Wis liyane bae pa Pak?"*  
 Basiyo : *"Liyane...liyane. Aku wis gelem kok liyane...liyane. Moh!"*  
 Bu Bas : *"Ha wong sampeyan ya njelei banget kok!"*  
 Basiyo : *"Woo...sing wedok njur arep mencla-mencle!"*  
 Bu Bas : *"Ehehehe..."*  
 Atmo : *"Eee...karo bojone uwong kok..."*  
 Basiyo : *"Ha wis digarap ya ben, jebul...dak ajar kowe engko!"*  
 Bu Bas : *"Ohohoho..."*  
 Atmo : *"Ha sampeyan diunekke mencla-mencle ya ra gelem!"*  
 Bu Bas : *"Wong mbecak kok njur kaya ngono!"*  
 Basiyo : *"Ha tekna, nek uwong niku rak njaga kesehatan!"*  
 Atmo : *"Kon adus dituruti muni nambal ban?"*  
 Basiyo : *"Adus niku rak tanggungan kula!"*  
 Atmo : *"Bareng nambal ban, ora sida, ndandani rem!"*  
 Bu Bas : *"Pun rampung dereng?"*  
 Basiyo : *"Ha niki mung kurang nglebokke pentil!"*  
 Atmo : *"Ha nggih pun lek dikompa!"*  
 Bu Bas : *"Ha nggih gek empun!"*  
 Basiyo : *"Rak mangke sikek!"*  
 Atmo : *"Lho, niku rasah liyane. Nggon ban nggon ban ngoten kok!"*  
 Basiyo : *"Lha ya ban apa kuwi nggo pentil ora ta?"*  
 Bu Bas : *"Ehehe..."*  
 Atmo : *"Lha ya nganggo ning kok njur..."*  
 Basiyo : *"Iki mung nunggang kok..."*  
 Atmo : *"Haraa...waa...wong kok pentil mung arep ngge dolanan njajali wong ki..."*  
 Bu Bas : *"Wis...wis...wis..."*  
 Atmo : *"Pun lek dikompa malih!"*  
 Basiyo : *"Sekesok payon pisan kok repot bae je!"*  
 Atmo : *"Ha kuwi ki biasane ya ra nggo kompa ning malah..."*  
 Basiyo : *"Shut...shut...shut..."*  
 Atmo : *"Lho!"*  
 Basiyo : *"Shut...shut...shut..."*  
 Bu Bas : *"Wahh, ha kok sing gedhe kok malah wetenge sing mbecak?"*  
 Atmo : *"Lho!"*  
 Basiyo : *"Bojo sampeyan niku cah sekolahan dudu ta?"*

## Lampiran 2

- Atmo : *"Oho...ha nggih sekolah kok!"*  
 Basiyo : *"Nyaru uwong kok ngawur bae!"*  
 Atmo : *"Sampeyan nggih nekat mawon ngoten kok!"*  
 Basiyo : *"Dak penthung kompa!"*  
 Atmo : *"Aja..."*  
 Bu Bas : *"Jeneh mangkelke, ket mau kok werna-werna bae ora gek uwis!"*  
 Basiyo : *"Kula niku..."*  
 Atmo : *"Aja digodha iki!"*  
 Basiyo : *"Kula niku mbecak sek setaun, dadeknen perkara kula niku...ampun nggodha!"*  
 Bu Bas : *"Ooo..."*  
 Atmo : *"Kerep tenan, perkara bae kok!"*  
 Bu Bas : *"Pun rampung dereng?"*  
 Basiyo : *"Pun!"*  
 Bu Bas : *"Pun, rime pun apik?"*  
 Basiyo : *"Pun...pun...ning dak cepakne sik wong tas dha kremikan..."*  
 Atmo : *"Pun apik?"*  
 Basiyo : *"Ning ra isa nggo payon lho!"*  
 Atmo : *"Wahh..."*  
 Bu Bas : *"Wahh, ha nek udan piye engko?"*  
 Basiyo : *"Ha kudanan nggih mangke ngeyop ta!"*  
 Atmo : *"Woo..."*  
 Bu Bas : *"Jan, cilaka banget ki!"*  
 Basiyo : *"Lha wong sampeyan ya lucu!"*  
 Atmo : *"Yawis, kontrake awake dhewe mbecak ki telung dina ngono bae tekan nggone we!"*  
 Basiyo : *"Lho, niku mon rung karuan lho!"*  
 Atmo : *"Kuwi, pa ra ngedheg-dhegi ko ngono kuwi?"*  
 Basiyo : *"Isa nggo papat lima niku lho!"*  
 Atmo : *"Lho, nggih..."*  
 Basiyo : *"Sampeyan nek mangke kula ampirke nggen kula sik?"*  
 Atmo : *"Nggih..."*  
 Bu Bas : *"Lho!"*  
 Atmo : *"Lho kok ndadak diampirke pripun?"*  
 Basiyo : *"Pa aku ra njukuk sarung?"*  
 Atmo : *"Lho, mangke nek pun baline mawon!"*  
 Bu Bas : *"Wis jan!"*  
 Basiyo : *"Lha emoh, adhem e!"*  
 Atmo : *"Waa...lha iki!"*  
 Bu Bas : *"Omahe pundi omahe?"*  
 Basiyo : *"Mangke le ngopahi dhit sampeyan ra mbejaji kula masuk angin!"*  
 Atmo : *"Waa..."*  
 Bu Bas : *"Omahe pundi?"*  
 Basiyo : *"Pundi tesmak sampeyan dak enggone!"*  
 Bu Bas : *"Lho...ho...ho..."*  
 Atmo : *"Lho, wong niki nggo pacakan dhewe!"*  
 Basiyo : *"Ya wis..."*  
 Atmo : *"Mbecak ki rasah nganggo tesmak!"*  
 Basiyo : *"Nggih...pun ta, pun..."*  
 Atmo : *"Pun..."*  
 Basiyo : *"Pun mang numpak ngriku..."*  
 Atmo : *"Mangke tekan mrika kula ya ngerti kalih sampeyan, pun mangke ngenteni..."*  
 Basiyo : *"Nggih pun, kandhek numpak!"*  
 Atmo : *"Lha nggih!"*  
 Basiyo : *"Salah siji sikek!"*  
 Atmo : *"Lho, salah siji kepripun?"*

- Basiyo : *"Ampun bareng-bareng, sing kiwa ra kuat e!"*  
 Atmo : *"Lho niku kudu bareng kok, kepripun ta?"*  
 Basiyo : *"Mbok sampeyan mlayu!"*  
 Atmo : *"Waa...ha kok njur mlayu. Pun, kuat boten ta carane niku kok boten ndengkek?"*  
 Basiyo : *"Kuat, delok kempole niki gilo!"*  
 Atmo : *"Ha nggih, ha kok njur nggon kempol sing duhke!"*  
 Basiyo : *"Sikil semene nggenjot wong loro ra kuat..."*  
 Atmo : *"Ha inggih..."*  
 Basiyo : *"Tau lho kula niku, munggah nek mung umum mon...wahh, entheng!"*  
 Atmo : *"Ha inggih..."*  
 Basiyo : *"Tau kula, wong telu, becak munggah gunung mrapi. Kuat sampeyan?"*  
 Atmo : *"Nggih boten onten kok!"*  
 Bu Bas : *"Kok aneh!"*  
 Basiyo : *"Wuhh, nganti ngadeg!"*  
 Atmo : *"Haiya ra kuat, nggunung mrapi. Iki wong mbecak kok omong sing aneh-aneh rumangsaku, sing ora ketemu akal lho!"*  
 Bu Bas : *"Wahh, nggih boten ta. Mbecak kok munggah nggunung mrapi. Karo mau kok ya golek becak kuwi ta Pak?"*  
 Atmo : *"Ha enenge mung kuwi kok!"*  
 Basiyo : *"Emoh lho aku nek digetuni?"*  
 Atmo : *"Wahaha...aja ngomong sing warna-werna!"*  
 Basiyo : *"Sing ikhlas lho. Pun...pun, dhilit engkas niki pun tekan, dak nggo kaos sing apik!"*  
 Atmo : *"Nggih...nggih..."*  
 Bu Bas : *"Pun, alon lho nggih?"*  
 Basiyo : *"Nggih!"*  
 Atmo : *"Alon mawon!"*
- □ □ :
- Atmo : *"Sing kenceng lehmu gocekan ki mbokne!"*  
 Bu Bas : *"Aku ya wedi e!"*  
 Atmo : *"Ha piye nggon jeglongan barang ya malah dibanterke!"*  
 Bu Bas : *"Mau kae ta, ana watu semana gedhene ya njur ditumbruk bae ngono kok!"*  
 Atmo : *"Kok watu ki mau lak tegese barang mati ta?"*  
 Basiyo : *"Kendel kriyen Den!"*  
 Atmo : *"Elho!"*  
 Bu Bas : *"Ider kok mandheg-mandheg bae ki piye ta iki?"*  
 Atmo : *"Awi terus, ha niki taksih adoh e niki!"*  
 Basiyo : *"Lho, kula niku wis ngerti ning leren gelem boten?"*  
 Bu Bas : *"Ohh, nggih...nggih pun, leren sedhela mawon!"*  
 Atmo : *"Ha gek iki wong mbecak kok wedi karo sing mbecak ya gek awake dhewe iki, ha wong kaya ngaha ngono!"*  
 Bu Bas : *"Ha kowe golek becak kok ko ngono!"*  
 Basiyo : *"Lho, ampun awi, niki mung brengos templekan engko diarani..."*  
 Atmo : *"Ohh, ya wis kudu dimong!"*  
 Basiyo : *"Pun, kendel dhisik!"*  
 Atmo : *"Nggih, ajeng napa malih?"*  
 Basiyo : *"Wahh, mungahe ndeder!"*  
 Bu Bas : *"Ha ajeng pripun?"*  
 Basiyo : *"Mangke napa sing nggenjot sampeyan?"*  
 Atmo : *"Ooo...nggih boten onten jamake, wong kene ki mbayar gelem kok!"*  
 Bu Bas : *"Karepe ki piye?"*  
 Basiyo : *"Gelem mon ampun wong kancan niku ampun soal keuangan!"*  
 Atmo : *"Wee...ning ya sampeyan ampun umuk wau nduduhke kempole, ngene ki 'pun ampun sumelang' munggah kaya ngene e njur leren!"*  
 Bu Bas : *"Ajeng ngombe dhisik napa pripun?"*

## Lampiran 2

- Atmo : “Ngombe kalih niku?”  
 Bu Bas : “Kowe kok ya...kowe kok aneh!”  
 Atmo : “Kowe ya nawani wong ra ana wong dodol kok le!”  
 Bu Bas : “Haiya ben golek dhewe kana!”  
 Basiyo : “Den, golek lapangan sing rada jembar...”  
 Atmo : “Lhoh, lha ngge napa?”  
 Bu Bas : “Ngge napa?”  
 Basiyo : “Neter kabebegjan!”  
 Bu Bas : “Kok njur ngombe wedang metu sesumbare...”  
 Atmo : “Dadi iki golonganane ki serik aku nyuwara ngana mau, njur...”  
 Bu Bas : “Ha kowe ya aja anu...sembrana ta...”  
 Basiyo : “Mangka nek tukang becak niku pengombene mesthi kaleng!”  
 Atmo : “Ahahaha...iyahh...”  
 Basiyo : “Ampun...ngaten...”  
 Atmo : “Napa onten jamak lumrahe wong mbecak dikon nggenti mbecak kuwi?”  
 Basiyo : “Kula niku mbecak ki mung ge laku...”  
 Bu Bas : “Ooo...”  
 Atmo : “Elho, ha sing pokok?”  
 Basiyo : “Kula niku, sampeyan ngliwati regol gedhe wau boten?”  
 Bu Bas : “Pripun ta?”  
 Atmo : “Omahe pa?”  
 Basiyo : “Omah tingkat papat wau!”  
 Atmo : “Ooo...lor dalan wau?”  
 Basiyo : “Nika nggone bapak kula...”  
 Bu Bas : “Ohh, dak rani nek nggon sampeyan!”  
 Atmo : “Lho, sampeyan anake wong...”  
 Basiyo : “Dadi boten mung gur sembarangan wong tembre, iki mung go laku!”  
 Atmo : “Nggen regol nika wau ta?”  
 Basiyo : “Lho, lak nika wau nggene bapakne sing nyok mbecak kula...”  
 Bu Bas : “Ooo...hohoo...”  
 Atmo : “Ooo...ha nggen sampeyan nggen pundine kalih niki wau?”  
 Basiyo : “Ha nggek mburine!”  
 Atmo : “Ooo...mburine?”  
 Basiyo : “Nggen bug wau!”  
 Atmo : “Ohh, wetan bug caket, kori ijo nggon kaca wau?”  
 Basiyo : “Ha, ngulon thithik!”  
 Atmo : “Lho, ngulon thithik?”  
 Basiyo : “Nggih...”  
 Atmo : “Napa omah limasan siji nika?”  
 Basiyo : “Sing cete biru?”  
 Atmo : “Ha inggih!”  
 Basiyo : “Haha...”  
 Atmo : “Ha wong...”  
 Basiyo : “Mburine!”  
 Atmo : “Ohh!”  
 Basiyo : “Mburine...”  
 Atmo : “Lho, mburine we kebon kok, mburine rak ana jaratan ta?”  
 Basiyo : “Ha nggih ngriku niku...”  
 Atmo : “Ohh!”  
 Bu Bas : “Ohh, jaratan ta?”  
 Atmo : “Mula bener karo sing duwe kuwi!”  
 Bu Bas : “Mula angkere ra jamak ya!”  
 Atmo : “Haiya!”  
 Basiyo : “Pun lenggah mriku sik nggih?”  
 Atmo : “Dadi ki ampun mang athik-athik mawon bane niku, mangke nggih nggembos!”

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Lho kula nggih sarapan ta!"*  
 Bu Bas : *"Ohh, ajeng sarapan?"*  
 Atmo : *"Sarapan nggih sarapan pundi, nggih pun manut mawon..."*  
 Basiyo : *"Lho, sampeyan boten. Kula kok!"*  
 Atmo : *"Ha inggih..."*  
 Basiyo : *"Niki kula le mbetakke kanca wedok we!"*  
 Bu Bas : *"Ooo...nggawa ta niku. Ooo..."*  
 Atmo : *"Ooo...nggawa dhewe ta?"*  
 Basiyo : *"Gudheg, ahahaha..."*  
 Atmo : *"Wahh, gudheg, wadhuh. Wahh, tempene wis..."*  
 Basiyo : *"Mangke pengen?"*  
 Atmo : *"Tempene wis metu wulune ki tempe pirang dina kuwi. Wahh, niku tempe ta niku?"*  
 Basiyo : *"Niki ki tempe turunan jamur kok!"*  
 Bu Bas : *"Aja kok ruh-ruhi ta engko nek serik atine lho. Wong nesone ra jamak ngono kok!"*  
 Atmo : *"Ha panganane ko ngono..."*  
 Basiyo : *"Niki bojo kula nek masak ko ngoten niki!"*  
 Atmo : *"Ooo..."*  
 Basiyo : *"Wahaha...sambel bawang!"*  
 Atmo : *"Ha niku pun pinten dinten niku?"*  
 Basiyo : *"Ha mang le isa masak mon bojo kula dereng dangu kok Den!"*  
 Atmo : *"Ooo...napa..."*  
 Basiyo : *"Ha biyen wayang uwong kok bojo kula niku!"*  
 Bu Bas : *"Ooo..."*  
 Atmo : *"Ooo...wayang uwong ki ra tau masak ta?"*  
 Basiyo : *"Boten, riyin kesenian bojo kula!"*  
 Atmo : *"Ooo..."*  
 Basiyo : *"Dadi wayang uwong!"*  
 Atmo : *"Nek ngaten sampeyan niku waune nggih seni?"*  
 Basiyo : *"Bojo kula!"*  
 Atmo : *"Lho, sampeyan dede?"*  
 Basiyo : *"Dede, kula nggih tetep..."*  
 Atmo : *"Ha kok isa?"*  
 Basiyo : *"Kula restoran niki!"*  
 Atmo : *"Ooo...pesen ta, ha kok isa dadi bojone sampeyan?"*  
 Basiyo : *"Nek kula riyin toko nek kula!"*  
 Atmo : *"Ooo...buka toko ta?"*  
 Bu Bas : *"Buka toko ta, ooo..."*  
 Basiyo : *"Buka niku ya manut sing duwe, esuk ya gelam, sore ya..."*  
 Bu Bas : *"Uwong ki piye ta, nek dirungokke omongane ki piye coba Pak?"*  
 Atmo : *"Ya wis men, nek aku waton diyoi bae kuwi ya wong ra pati genah ngono kok!"*  
 Basiyo : *"Kula niku riyin nggih buka toko!"*  
 Atmo : *"Ooo..."*  
 Basiyo : *"Onten wong butuh kaos nggih ngekekke dhit kula tukokke!"*  
 Bu Bas : *"Ehehe..."*  
 Atmo : *"Wahaha...ha kuwi tegese dikongkon kuwi ra buka toko kuwi?"*  
 Basiyo : *"Ha nggih!"*  
 Atmo : *"Meng le utang!"*  
 Basiyo : *"Nek semah kula seni kok!"*  
 Atmo : *"Lho, seni!"*  
 Basiyo : *"Wayang uwong, anu...bapakne nika pun regiwa!"*  
 Atmo : *"Wehh!"*  
 Bu Bas : *"Haiya apik ya?"*  
 Atmo : *"Sampeyan ngoten awake cilik, bangsa pawakane cilik!"*

## Lampiran 2

- Basiyo : “Nyoh...nyoh...nyoh...ajar manah nyoh!”  
 Atmo : “Ohh, pa Srikandhi?”  
 Basiyo : “Nggih, teng omah ajar manah kena kula e!”  
 Bu Bas : “Sampeyan nggih meneng mawon?”  
 Basiyo : “Meneng mawon, ha bojo!”  
 Atmo : “Ooo...”  
 Basiyo : “Mula bathuke nika legok ta?”  
 Atmo : “Ooo...kena panah niku maune?”  
 Basiyo : “Boten, nek niki tonyo uwong!”  
 Atmo : “Ohoho...”  
 Bu Bas : “Wong kok rumangsaku aneh-aneh bae. Wis Pak, rasah dilayani engko malah ra tekan-tekan engko!”  
 Basiyo : “Lho...”  
 Atmo : “Lha nggih pun mangke dipangan mangke malih!”  
 Basiyo : “Ha nggih nek pun medhun segane...”  
 Atmo : “Ohh, ya wis manut bae!”  
 Basiyo : “Pun sakepenake mawon kok!”  
 Bu Bas : “Ha engko gek ngombe dhisik ha penake sampeyan, lha kula niku selak perlu jane!”  
 Basiyo : “Ha inggih, ning pun diampet mawon!”  
 Bu Bas : “Elho, ki kepiye ta ki?”  
 Basiyo : “Nek nggugu kula, ampun tergesa-gesa...”  
 Bu Bas : “Ahaha...uwong resepsi e ra entuk kesusu!”  
 Basiyo : “Nek kebacut nunggang becak kula niku tenanglah, tenanglah sekarang!”  
 Bu Bas : “Ehehe...”  
 Basiyo : “Jangan menusu-nusu!”  
 Bu Bas : “Ehehehe...wahh jan, wong ki anu ya Pak...”  
 Basiyo : “Rak sampeyan wau rak kesusul trek gandheng wau nggragap ta?”  
 Atmo : “Haiya, sampeyan ya malah neng tengah-tengah kok!”  
 Basiyo : “Ampun wedi, menang dalan!”  
 Atmo : “Menang dalan nika menang trek, kok sampeyan kok njur...”  
 Basiyo : “Kepepete kecantel, kekiter, kula rak mung njur anjlog ta?”  
 Bu Bas : “Ehehe...”  
 Atmo : “Lho, ha kula?”  
 Basiyo : “Ha terus!”  
 Atmo : “Ooo...kuwi, apa ra nyemelangi ko ngono kuwi?”  
 Basiyo : “Ha mung disetip ta?”  
 Atmo : “Ooo...wong mungsuh trek kok nekat bae!”  
 Basiyo : “Mangke sampeyan mung disetip!”  
 Atmo : “Setip napa?”  
 Basiyo : “Ban karo aspal kuwi!”  
 Atmo : “Lho...kuwi, apa ra ngedheg-dhegi ko ngono kuwi?”  
 Basiyo : “Hehe...klethes. ning nek kula pun biasa kok!”  
 Atmo : “Biasa...nyamari, anggere eneng kendharaan mah nengah!”  
 Bu Bas : “Dalane njeglong-njeglong niku mbok rada anu...minggir golek dalan sing apik ngoten?”  
 Basiyo : “Nek bojo kula riyin kesenian wayang uwong tenan!”  
 Atmo : “Lha inggih, niki bab becak njur bojo eneh lho!”  
 Bu Bas : “Ha mung ngomongke...bojone ki ka ngapa ta jane?”  
 Atmo : “Ha uwong kok anggere arep tekan nggon nganu kok njur...”  
 Basiyo : “Ning nek untune nggih arang-arang kaya kagungane niku?”  
 Atmo : “Elho, ha kok...”  
 Bu Bas : “Hihi...”  
 Basiyo : “Bojone sampeyan niku rak nggih arang ta?”  
 Atmo : “Ha inggih...”

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Niku mesthi karo wong lanang..."*  
 Atmo : *"Lha sampayan niku kok!"*  
 Basiyo : *"Niku ngenyek terus e kalih kula!"*  
 Atmo : *"Hehehe..."*  
 Basiyo : *"Ahaha...inggih ta? Pak tukokke odhol!"*  
 Atmo : *"Wehh, nggih mang tukokke?"*  
 Basiyo : *"Elho, bojone!"*  
 Atmo : *"Ha inggih..."*  
 Basiyo : *"Pancen kula mung tukang becak, usahake nggih mung nemu wadhah odhol lungsuran niku!"*  
 Atmo : *"Woo...njur dikekke?"*  
 Basiyo : *"Wadhah odhol lungsuran niku mung kula kek'i lempung kok!"*  
 Bu Bas : *"Kuwi, apa uwong ora mangkelke?"*  
 Basiyo : *"Ning ngrika nggih ra ngerti kok. Boten ngerti rupane, niki putih ta Pak, putih!"*  
 Atmo : *"Lho, kok boten reti rupane niku pripun, napa peteng napa pripun?"*  
 Basiyo : *"Wuta..."*  
 Bu Bas : *"Ooo..."*  
 Atmo : *"Ohh, haiya memper uwong nek gelem dipek wong ya ra weruh ngono ya?"*  
 Bu Bas : *"Haiya!"*  
 Atmo : *"Wee...ngaten, dadi mrika nggih percaya mawon?"*  
 Basiyo : *"Nggih...ha riyin melu kula niku nggih mung lantaran becak niki!"*  
 Atmo : *"Wee..."*  
 Basiyo : *"Mula nek becak niki tulisane seje dhewe ta kalih becak-becak?"*  
 Atmo : *"Ha inggih!"*  
 Basiyo : *"Becak menjadi saksi!"*  
 Atmo : *"Lho!"*  
 Bu Bas : *"Lho!"*  
 Basiyo : *"Tulisane niku!"*  
 Bu Bas : *"Kok 'menjadi saksi'?"*  
 Atmo : *"Ohh, napa maune kangge seksi napa?"*  
 Basiyo : *"Seksine entuk bojone kula niku..."*  
 Bu Bas : *"Ohh, ngaten ta?"*  
 Atmo : *"Ohh..."*  
 Basiyo : *"Ha pripun, bojo kula niku riyin wayang uwong!"*  
 Atmo : *"Ha inggih!"*  
 Basiyo : *"Le bubar keru dhewe!"*  
 Atmo : *"Lho, kok keru dhewe?"*  
 Basiyo : *"Ha metune keru dhewe!"*  
 Atmo : *"Ohh..."*  
 Basiyo : *"Ning ka ngono ya ora nggo kanca bojo kula le main ki!"*  
 Bu Bas : *"Lho, piye ta...wayang kok ra nggo kanca ki?"*  
 Atmo : *"Wayang uwong kok ra nggo kanca niku le main teng pundi, teng panggung napa teng pendhapa?"*  
 Basiyo : *"Woo...nek bojo kula disekarep kok le main!"*  
 Bu Bas : *"Piye ta iki?"*  
 Basiyo : *"Main rombongan kena, teng ngarep warung-warung niku nggih kena!"*  
 Bu Bas : *"Ehehe..."*  
 Basiyo : *"Nggih sing teng ngarep warung-warung niku. Lha, kepetengan ijen. Ngundang kula niku, kang kula mang terke nggih!"*  
 Atmo : *"Mang terke?"*  
 Basiyo : *"Ha inggih. Mrika ngomong, 'wahh kula le dandan kesusu njur susul dhewe'. Ha kula ya njur ngedhongi. Ehm, niku..."*  
 Atmo : *"Ngedhongi pripun, becak niku?"*  
 Basiyo : *"Boten, ngomongke bab seni ta!"*  
 Atmo : *"Ohh, ha inggih!"*

## Lampiran 2

- Basiyo : “Nggih niku, dadi bojo kula niku. Haha...”  
 Atmo : “Haa...”  
 Bu Bas : “Iki jane ki piye ta, kok omong bae ora gek menyang-menyang?”  
 Basiyo : “Kula tembung bapakne teng jaratan...”  
 Atmo : “Lho, ohh iya, kudune rak mangkat mau ta!”  
 Basiyo : “Ohh, nggih...nggih...nggih...nggih...ohh, lali e kula, ngga!”  
 Atmo : “Cilaka!”  
 Bu Bas : “Hmm...kok mah...”  
 Atmo : “Tekan nggon apa iki?”  
 Basiyo : “Ngga...ngga...ngga...”  
 Atmo : “Wahh, gek iki...”  
 Basiyo : “Medhun Den!”  
 Atmo : “Lho...lho...lho!”  
 Basiyo : “Ha nyurung, ha semono e!”  
 Atmo : “Hadhuh, nggon semene kok nyurung?”  
 Basiyo : “Ha kula ya mlaku!”  
 Atmo : “Wahh, neh akeh le mlaku karo numpak iki!”  
 Bu Bas : “Ndhendheng banget!”  
 Basiyo : “Niki pancen kula gawe, njaga kesehatan...”  
 Atmo : “Waa...”  
 Basiyo : “Lho...”  
 Atmo : “Ha ning rak sampayan mawon sing medhun njur nyurung, kok kula kok kon medhun kepripon?”  
 Basiyo : “Ha jenenge ra adil!”  
 Atmo : “Ha kula niki mbayar e malah...”  
 Basiyo : “Mbayara kae endi, rung ana nyatane lak...”  
 Atmo : “Lho, wahh ya wis ko...”  
 Bu Bas : “Kon ngeterke bali neh we pa?”  
 Atmo : “Wong angel!”  
 Basiyo : “Ya wis, budhal we. Ahaha...”  
 Atmo : “Ya wis, yo!”  
 Bu Bas : “Suwe banget!”  
 Atmo : “Angel banget!”
- □ □
- Atmo : “Wis...wis...pun mriki pun!”  
 Basiyo : “Wahh, pun...pun...nggih pun...niki medhun nggih Den. Istirahat teng ngriki sik gelem boten?”  
 Atmo : “Inggih...mangke malah cukup...”  
 Basiyo : “Niki nek terus, sing empun, wingi ler niku digebug e!”  
 Atmo : “Lho, digebug napane?”  
 Basiyo : “Sing nunggang!”  
 Atmo : “Elho, sing mbecak ki napa?”  
 Basiyo : “Ha nek sampayan gelem mlaku dhampyak-dhampyak bareng kula ya aman!”  
 Atmo : “Hmm...sampayan niku wis tekan mrika tekan mriki, bareng wis arep tekan malah ngehdeg-dhegi!”  
 Basiyo : “Lho, nggih mriku niku nggen njaratan niku kok!”  
 Atmo : “Nggon jaratan sajeg-jege ora tau ana apa-apane kok, ngriki aman kok!”  
 Basiyo : “Angker, akeh kerene lho!”  
 Atmo : “Hahaha...mung kere we le...”  
 Bu Bas : “Ha mung niku cepet diked’i mangke...”  
 Basiyo : “Ooo...kula niku jaga becak...”  
 Atmo : “Wanine rombongan kok kuwi!”  
 Basiyo : “Sisan dene gebrowok kok Den!”  
 Atmo : “Mula pripon?”  
 Basiyo : “Aja doh banget, boyok kula selak pegel e!”

## Lampiran 2

- Atmo : *"Adoh banget...wong le numpak karo le mlaku akeh lehku mlaku ngono kok!"*  
 Basiyo : *"Mungguh ana becak malih kula operke niku?"*  
 Atmo : *"Hadhuh, umuke iki ki lho, bareng wis tekan kene ki...wong maune nang kana ana becak liyane ya meneng bae!"*  
 Bu Bas : *"Ora, karo meneh le kemakine ra jamak ki ngapa ta kuwi?"*  
 Atmo : *"Ha kuwi jenenge sing wong umuk kae!"*  
 Bu Bas : *"Nganti kaya wong bagus-bagusa bae!"*  
 Atmo : *"Wong ngenyang-enyang sing ora teyeng kok kae?"*  
 Basiyo : *"Apa meneh, tukang becak ki nganggo jam njur ora entuk?"*  
 Atmo : *"Lho, ha inggih entuka niku rak nggih jenenge..."*  
 Basiyo : *"Niki lho, jam sing istimewa!"*  
 Atmo : *"Kaya ket mau kok ora krungu swarane ki niki, niku urip napa mati ta?"*  
 Basiyo : *"Ha sing jam ajeg niku nggih, sanga terus!"*  
 Atmo : *"Woo...padune kuwi jam, karang ya jam mati kok kuwi!"*  
 Basiyo : *"Niki samjisa thok le kula tuku!"*  
 Bu Bas : *"Ehehe..."*  
 Atmo : *"Ooo...dadi..."*  
 Basiyo : *"Tetep sanga terus!"*  
 Atmo : *"Ha kuwi jenenge jam malah sing ajeg!"*  
 Basiyo : *"Tememen!"*  
 Atmo : *"Ha inggih!"*  
 Basiyo : *"Setia!"*  
 Atmo : *"Dadi nek...nek ditakoni uwong-uwong saawayah-wayah ya jam sanga terus?"*  
 Basiyo : *"Ha wong takon we mung karo arep weruhe ta?"*  
 Atmo : *"Ohh, haiya!"*  
 Basiyo : *"Jam pinten Kang, sanga!"*  
 Atmo : *"Ohh, haiya sumbare ya apik tenan!"*  
 Basiyo : *"Ndara gek ana muni yah napa, ha nggih mang takon liyane kula!"*  
 Atmo : *"Ahaha..."*  
 Basiyo : *"Nek sampeyan ora seneng haiya wis mung kerengan, ha ngoho niku..."*  
 Atmo : *"Ohh, ha wong gedhogane kok apa-apa mung kerengan..."*  
 Bu Bas : *"Ha wong kok sithik-sithik kerengan ki njur py lho!"*  
 Atmo : *"Iki ki wong kira-kira apa ya sing kerengan apa ya..."*  
 Bu Bas : *"Taune..."*  
 Atmo : *"Haiya ning kerengan ki ya ra tau menang nek wong ka ngono kuwi..."*  
 Basiyo : *"Lho, nggo napa menang?"*  
 Atmo : *"Ahaha...wahh ya mung wong umuk ngono kuwi!"*  
 Bu Bas : *"Kuwi ki seneng nantang ning nek ditenani mesthi lunga..."*  
 Atmo : *"Ya ra wani!"*  
 Bu Bas : *"Haiya!"*  
 Basiyo : *"Aku ngalah mawon!"*  
 Atmo : *"Lho!"*  
 Basiyo : *"Malang, anggere ditanduki rada merengut ngono, menyerah!"*  
 Atmo : *"Nggih..."*  
 Bu Bas : *"Ehehe..."*  
 Atmo : *"Pun rehne niki omahe nggih mung ler nika, medhun mriki mawon ampun nganti tekan nggene!"*  
 Basiyo : *"Mangke teng mriki ta?"*  
 Atmo : *"Ha inggih ning kula mangke mlaku mawon saking mriki, ampun nganti tekan nggene mrika, mangke ndak..."*  
 Basiyo : *"Isin, sampeyan ndak ndarani meng mbecak?"*  
 Atmo : *"Inggih!"*  
 Basiyo : *"Ha wangune sampeyan niku ya nde sepur kok!"*  
 Atmo : *"Lho, kok kula kok nde sepur, uwong kok nde sepur?"*  
 Basiyo : *"Resepsi niku nek nunggang sepur rak ketok gedawan ngoten!"*

## Lampiran 2

- Atmo : *"Elha, njur medal pundi?"*
- Basiyo : *"Den kula tulung ta nek wek ewoh mriku mang jalukke wedang!"*
- Atmo : *"Lho, saru!"*
- Basiyo : *"Sukur onten sekul!"*
- Atmo : *"Kula niki le boten wani kok sampeyan niku..."*
- Basiyo : *"Engko terke Den!"*
- Bu Bas : *"Mbok wis kek'i dhuwit bae Pak, ben jajan ngono ta!"*
- Atmo : *"Le kloro dan den!"*
- Basiyo : *"Anu...cah loro, karo rayine!"*
- Atmo : *"Elha, kok ro rayine piye?"*
- Basiyo : *"Nek takoni kula kengken ngoten nggih Den!"*
- Atmo : *"Waa...hehehe..."*
- Basiyo : *"Sepincuk mawon!"*
- Atmo : *"Sepincuk, sampeyan niku wong kene ki..."*
- Bu Bas : *"Saru banget ta Pak wonge ki!"*
- Atmo : *"Dhayoh kok dikongkon malahan!"*
- Basiyo : *"Iyahh..."*
- Atmo : *"Ha wong mara resepsi kok njur kon ngemis dhisik ki rak ya...gek akale kono kuwi kok!"*
- Bu Bas : *"Pun, mangke mon kula kek'i dhuwit mang jajan, ngaten..."*
- Atmo : *"Haa...sejene mangke opahe becakan, ngaten mawon!"*
- Basiyo : *"Nek ngaten wonten etungan!"*
- Atmo : *"Ha mangke anu...babar pisan dirembug mangke kira-kira baline pripun?"*
- Basiyo : *"Mmm...boten...boten..."*
- Atmo : *"Sah, pumpung dereng di..."*
- Bu Bas : *"Ha'a kon ngenteni sisan!"*
- Atmo : *"Mangke ngenteni napa boten?"*
- Basiyo : *"Den, kula nek ngeterke biasane terus bali kok!"*
- Atmo : *"Lho, wong mangke niki baline niku ndronjong kok, kepenak ta ra abot?"*
- Basiyo : *"Den, nggih pun pisan dhite mon, selak diarep-arep wong ngomah e!"*
- Bu Bas : *"Oalahh..."*
- Atmo : *"Jan wong umuk banget e iki ki!"*
- Bu Bas : *"Ana wong kok kaya ngono ki gek wong...wahh jan aku kok..."*
- Atmo : *"Iki ki njur bojone ki wangune ki ka ngapa ngono lho?"*
- Bu Bas : *"Ha embuh!"*
- Basiyo : *"Bojo kula niku jam 6 pun awit adus!"*
- Atmo : *"Adusa ya mung gek..."*
- Basiyo : *"Adusa...adusa...ha sing nimbakke sapa?"*
- Atmo : *"Ooo...dadi sampeyan nggih..."*
- Basiyo : *"Biasane kula e!"*
- Atmo : *"Ooo...sampeyan boten onten..."*
- Bu Bas : *"Ooo...nimbakke..."*
- Basiyo : *"Mluncat pa?"*
- Atmo : *"Dadi rung adus iki bojone?"*
- Bu Bas : *"He'em!"*
- Atmo : *"Nek iki rung mulih rung adus!"*
- Basiyo : *"Pun wangsul mawon Den, mangke anu..."*
- Atmo : *"Ha inggih, pun saniki ngaten..."*
- Basiyo : *"Mbok sapenake mawon, lha nggih sampeyan ra mbecak!"*
- Atmo : *"Pun, mangke baline boten ngenteni sampeyan?"*
- Basiyo : *"Pun, boten..."*
- Atmo : *"Nggih!"*
- Basiyo : *"Ha kula mangke teng ngriki ya wedi!"*
- Atmo : *"Kok wedi kepripun ta?"*
- Basiyo : *"Cobi sinten sik ngancani, bojo sampeyan emoh..."*

## Lampiran 2

- Atmo : “Kok mung bojoku bae ngertine!”  
 Basiyo : “Lho kepiye ta, ha nek kula ngenteni njur mangke...”  
 Atmo : “Iki tukang becak kok ngedheg-dhegi!”  
 Basiyo : “Dhonge niku onten kancane ra ketang siji haiya kepiye meneh...ha nek teka-teka dhewe, ora sudi!”  
 Atmo : “Ohh, nggih pun...pun sanyangan mawon nek mangke boten gelam ngenteni...”  
 Baasiyo : “Ha nggih...”  
 Bu Bas : “Mbok gek dibayari ta sisan!”  
 Atmo : “Ahh wis, bayari!”  
 Basiyo : “Kalih mangke udan kok niki!”  
 Atmo : “Haiya wong mayar e kok iki!”  
 Bu Bas : “Nyoh, iki gilo dhuwite nyoh!”  
 Atmo : “Wis...eketan kuwi pa atusan kuwi!”  
 Bu Bas : “Nyoh...nyoh...nyoh...nyoh...”  
 Atmo : “Nggga...ngga Pak ngga, satus!”  
 Basiyo : “Ha dhit apa ta iki, hahaha...lha inggih ta, dhit apa?”  
 Atmo : “Ohh, iki karepe emoh...karepe emoh dibayar kok iki...”  
 Bu Bas : “Ohh, rehne atine apik...”  
 Atmo : “Ngaku sedulur...”  
 Basiyo : “Kuwi apa, satus ki dhit apa?”  
 Atmo : “Lho...”  
 Bu Bas : “Ahh ya wis malahane ta Pak!”  
 Basiyo : “Kringete kaya ngene ki, satus ki nggo apa?”  
 Atmo : “Lho!”  
 Basiyo : “Kula wau weruh ta, dhawet e nem atus (600)!”  
 Bu Bas : “Dhawet kok nem atus (600)?”  
 Atmo : “Ooo...kurang ta iki?”  
 Basiyo : “Semangkok!”  
 Atmo : “Ooo...”  
 Basiyo : “Karo nggadho ta!”  
 Atmo : “Ha inggih, ning ya...ning ya bener ya...wong doh kana doh kene ya, tambahi selawe (25)!”  
 Bu Bas : “Ya wis nyoh...nyoh ditambahi slawe (25)!”  
 Basiyo : “Ahaha...”  
 Atmo : “Satus slawe (125) ni gilo!”  
 Basiyo : “Ndarani aku ki gumun dhuwit slawe (25) barang ki?”  
 Atmo : “Lho, kok gumun?”  
 Basiyo : “Dhuwit apa slawe (25) karo satus (100) ki?”  
 Atmo : “Ha niki satus slawe (125) kok!”  
 Basiyo : “Wong kuna banget iki!”  
 Atmo : “Lha sampeyan mau mung njjaluk dhuwit sing akeh dhewe, lha niki rak nggih pun akeh ta?”  
 Basiyo : “Ha emoh, hahaha...ndarani wong goblog aku!”  
 Atmo : “Ha wong adate niku nek mriki mung pitungpuluh (70)?”  
 Basiyo : “(Plok...plok...plok...plok...)”  
 Bu Bas : “Elha kok...wong kok njur...”  
 Atmo : “Elha, kkuwi arep ngapa ta, adu pencak pa. Iki a pencak pa ngapa ta?”  
 Basiyo : “Kurmat kok, (plak!)”  
 Atmo : “Mbokya ora ngedheg-dhegi ngono lho...upamane arep pencak karo aku kok le madhep kok mrana?”  
 Bu Bas : “Kok njur nymelangi!”  
 Atmo : “Waa...wis...wis...wis...kene!”  
 Basiyo : “Gelem boten ngganepi?”  
 Atmo : “Ohh, yawis genepi mbokne, ha ning wong...”  
 Bu Bas : “Piye, genepi pira meneh kok le akeh banget ta?”

## Lampiran 2

- Atmo : *"Wong adate ki ya...adate malah mung pitungpuluh lima (75) e!"*
- Bu Bas : *"Mula kuwi, kok njur ngundhak-undhaki!"*
- Basiyo : *"Pitungpuluh lima (75) niku rak nggon dhewe, perjanjian Den!"*
- Atmo : *"Ohh, ha inggih perjanjian!"*
- Basiyo : *"Ampun sampeyan nganggo untu emas!"*
- Atmo : *"Lho, kok njur nggon untu..."*
- Bu Bas : *"Nyoh, wis nyoh timbangane ramin, diimbui slawe (25) meneh we!"*
- Atmo : *"Ngga, pun satus seket (150)!"*
- Basiyo : *"Kok kaya wong ngemis, thal-thil...thal-thil..."*
- Atmo : *"Iki wong mbecak njuk dhuwit tenan padhakke wong ngemis!"*
- Basiyo : *"Ampun kaya ngoten, mangke kula kandhakke kampung lho!"*
- Atmo : *"Lho, kok kandhakke kampung kepiye?"*
- Basiyo : *"Menghina!"*
- Atmo : *"Menghina pripun, niki pun akeh lho, pun tikel pindho kalih adate!"*
- Basiyo : *"Anu...kalikken!"*
- Atmo : *"Nhaa...kula ki ra teges nyepeleke..."*
- Bu Bas : *"Wong omong we ra gegah!"*
- Atmo : *"Niki malah wis tikel ping pindho timbang padatan..."*
- Basiyo : *"Padatane, apa sampeyan tau mbecak kula?"*
- Atmo : *"Lho, dede sampeyan..."*
- Basiyo : *"Ha nggih mang mbecak liyane kula nika!"*
- Atmo : *"Lho, kok ko ngono, enenge mung kowe mau!"*
- Basiyo : *"Nika lho, sing nyok ndemenakke nika...nika lho lho sing jenenge becak sing cete ijo, sing jenenge Ngreni nika..."*
- Atmo : *"Ngreni?"*
- Basiyo : *"Inggih, nika nek onten wong mlaku mon, kene nunggang kene!"*
- Atmo : *"Ohh..."*
- Basiyo : *"Ning ya ra nganggo ban!"*
- Atmo : *"Ohh, kok ra nganggo ban ki?"*
- Basiyo : *"Becake mung pelah thok!"*
- Atmo : *"Ahh, iyakk...sampeyan ki..."*
- Basiyo : *"Dadi mung klothak... klothak... klothak... klothak..."*
- Atmo : *"Nggih pun, niki pun kathah lho, satus seket (150) niki pun kathah satus seket (150) niki...satus seket (150) niku pun kathah, ngga!"*
- Basiyo : *"Boten, nek sampeyan ora nuruti apa sing dadi bilamana!"*
- Bu Bas : *"Lho, nganune!"*
- Atmo : *"Bilamana apa, arep nesu ta iki?"*
- Basiyo : *"Ora gelem nuruti bilamana kerengan!"*
- Bu Bas : *"Lho!"*
- Atmo : *"Ahaha..."*
- Bu Bas : *"Nantang ki!"*
- Basiyo : *"Saya ini tidak beneran!"*
- Atmo : *"Tidak beneran ki apa tegese?"*
- Bu Bas : *"Ehehe..."*
- Atmo : *"Eh ha iki wong kaya ngene ra kena dikalahi mbokne, ben!"*
- Bu Bas : *"Ha njur piye kuwi?"*
- Basiyo : *"Apakah?"*
- Atmo : *"Iki tekne wong arep nekat kok iki, becak wis nganti opahe tikel ping pindho kok ora ditampa!"*
- Bu Bas : *"Wis, apike malah dibayar bae!"*
- Basiyo : *"Ini malah saya mengidak!"*
- Bu Bas : *"Lho malah mengidak ki..."*
- Atmo : *"Mengidak apa?"*
- Basiyo : *"Telor!"*
- Atmo : *"Woo...mung mengidak telur we kok!"*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Jangan dihina banget-banget!"*  
 Atmo : *"Ohh, wis..."*  
 Basiyo : *"Omongan pertama kepripon?"*  
 Atmo : *"Elho, omongane kuwi lak ya janjine ta?"*  
 Basiyo : *"Kula lak nggih teturon teng lincak ta..."*  
 Atmo : *"Ha inggih!"*  
 Basiyo : *"Dupi ana penumpang..."*  
 Atmo : *"Lha inggih!"*  
 Basiyo : *"Kula rak wis meneng mawon ta?"*  
 Atmo : *"Lha inggih!"*  
 Basiyo : *"Wis nyekel nem gelo!"*  
 Atmo : *"Lha inggih, ning kula rak butuh kalih sampeyan niku kula undang..."*  
 Basiyo : *"Ha inggih!"*  
 Atmo : *"Sampeyan wong mbecak..."*  
 Basiyo : *"Ha inggih!"*  
 Atmo : *"Janjine pripon sampeyan?"*  
 Basiyo : *"Ha ngundang kok ora cocok karko keadaanipun!"*  
 Atmo : *"Kok ora cocok nggen pundi le boten cocok?"*  
 Basiyo : *"Sampeyan muni piye?"*  
 Atmo : *"Pira nek tekan nggone sing arep dak parani?"*  
 Basiyo : *"Mayar kula niku!"*  
 Atmo : *"Ha nggih!"*  
 Basiyo : *"Mang bayar sing akeh dhewe!"*  
 Atmo : *"Lha napa semanten niki boten akeh, kalih padatan pun tikel pindho?"*  
 Basiyo : *"Pinten niku?"*  
 Atmo : *"Satus seket (150)!"*  
 Basiyo : *"Kalah akeh karo rongatus (200)!"*  
 Atmo : *"Lho, lha inggih mawon kok!"*  
 Basiyo : *"Lha inggih kula rak akeh dhewe ta?"*  
 Atmo : *"Ya wis timbang...ngalahi bae mbokne, tambahi rongatus (200)!"*  
 Bu Bas : *"Jane ki wis akeh kok!"*  
 Atmo : *"Isih kok wong ki..."*  
 Basiyo : *"Kok mung nambahi rongatus (200) kalah akeh karo limangatus (500)!"*  
 Bu Bas : *"Piye ta iki?"*  
 Atmo : *"Lho, kok kalah karo limangatus (500)?"*  
 Basiyo : *"Ha karep sing akeh dhewe, sampeyan berfi...befikir!"*  
 Atmo : *"Lho, kok berfikir?"*  
 Basiyo : *"Mikir!"*  
 Atmo : *"Niku dhuwit sing akeh dhewe, ha niki pun akeh ta niki?"*  
 Basiyo : *"Ha ning emoh!"*  
 Atmo : *"Ooo...ha iki tegese wong emoh dibayar dhuwit. Ning a ngeguhke ki dianggep aku wong njembleh bae njutan!"*  
 Bu Bas : *"Arep..."*  
 Basiyo : *"Lha ajeng pripon?"*  
 Atmo : *"Ajeng pripon, wong ajeng napa?"*  
 Basiyo : *"(Plak...plak... plak... plak...)"*  
 Atmo : *"Iya, ajeng napa hmm, ko anggere maju dak dhupak, yo maju, majua yo!"*  
 Bu Bas : *"Tenannana we!"*  
 Atmo : *"Plak-plek...plak-plek...mung mundur bae ngono kok, ya ben!"*  
 Basiyo : *"Ora maju!"*  
 Atmo : *"Majua rene, dhupak bathuke tenan, ben!"*  
 Basiyo : *"Ha mbecak kok jak kerengan?"*  
 Atmo : *"Elho, sampeyan ya sing ngajak kerengan kok. Pun, saniki ngaten mawon, kula ya ora trima sampeyan kaya ngoten niku, dipasrahke sing berwajib we!"*  
 Basiyo : *"Kula ya ra trima!"*

## Lampiran 2

- Atmo : *"Nek ora trima saniki onten sing wajib!"*  
 Basiyo : *"Onten mawon!"*  
 Atmo : *"Saniki dipasrahke sing wajib mawon, niki..."*  
 Basiyo : *"Berdua, naggon lurahe berdua!"*  
 Atmo : *"Lho, kok berdua pripun?"*  
 Basiyo : *"Wong loro!"*  
 Atmo : *"Lha inggih!"*  
 Bu Bas : *"Ohh, aku ra entuk melu karepe..."*  
 Basiyo : *"Ya melu, bertelu!"*  
 Atmo : *"Lho, bertelu ki apa kok...kok njur bertelu?"*  
 Basiyo : *"Bertelu niku wong telu!"*  
 Atmo : *"Pun, sampeyan mangke nek dadi wong cilaka tenan sampeyan!"*  
 Basiyo : *"Saini!"*  
 Atmo : *"Saini ki apa?"*  
 Basiyo : *"Saiki!"*  
 Atmo : *"Wong mbecak dikapokke tenan engko, wis saiki jak neng kelurahan bae!"*  
 Basiyo : *"Yo..."*  
 Atmo : *"Ayo neng kelurahan!"*  
 Basiyo : *"Ayo nunggang!"*  
 Bu Bas : *"Jak neng ne Pak Lurah bae ben diadili!"*  
 Atmo : *"Lho, kok nunggang aku?"*  
 Basiyo : *"Lha adoh je!"*  
 Atmo : *"Lho, engko ra wurung mbayar meneh..."*  
 Basiyo : *"Boten, niki perlu e!"*  
 Atmo : *"Ohh, o ya apik iki dadi, numpak meneh mbokne!"*  
 Bu Bas : *"Ohh, iki malah kon mbecak meneh?"*  
 Atmo : *"Ha'a neng kelurahan, ben!"*  
 Basiyo : *"Engko dak penerke jurang!"*  
 Atmo : *"Ohh, wis medhun...medhun mbokne, medhun...medhun..."*  
 Bu Bas : *"Wahh jan, wong gendheng tenan kok. Hah wis aku malah wedi..."*  
 Atmo : *"Dhasare wong wis musuhan, wis rasah numpak, ben!"*  
 Bu Bas : *"Ko, dak mlaku bae!"*  
 Atmo : *"Ben...ben mlaku ayo!"*  
 Basiyo : *"Ayo!"*  
 Atmo : *"Ayo, disurung becake. Ohh, haiya wong kepiye ka ngene ki ya ben, nek kono arep diteruske ya ben!"*
- :
- Kalidi : *"Ha riki Dhik Carik, mumpung iki gawean rada sela ora akeh gawean, omong-omong mriki ta!"*  
 Rukiman : *"Sajake badhe tindakan napa Pak Lurah?"*  
 Kalidi : *"Kula?"*  
 Rukiman : *"Kok macak nggedheg!"*  
 Kalidi : *"Sampeyan niku lali napa, rak entuk...sampeyan niku rak semayan kula a ngajak nonton sekaten?"*  
 Rukiman : *"Ooo..."*  
 Kalidi : *"Ha lak ngaten..."*  
 Rukiman : *"Inggih...inggih!"*  
 Kalidi : *"Haa..."*  
 Rukiman : *"Sios napa?"*  
 Kalidi : *"Inggih, dos pundi ta?"*  
 Rukiman : *"Pun, ndherek mawon!"*  
 Kalidi : *"Ha mula mangke nek nonton, sampeyan rak rung tau teng Yogya...nggih?"*  
 Rukiman : *"Nggih..."*  
 Kalidi : *"Ngati-ati..."*  
 Rukiman : *"Nggih, kalih mangke nonton-nonton pameran saka kraton Pak Lurah!"*

## Lampiran 2

- Kalidi : *"Ha inggih..."*  
 Atmo : *"Kulanuwun!"*  
 Rukiman : *"Mangga...mangga...mangga...wahh tamu iki!"*  
 Atmo : *"Inggih, kulanuwun!"*  
 Rukiman : *"Nggih..."*  
 Kalidi : *"Napa, sinten nika Dhik?"*  
 Rukiman : *"Ha pangapunten menika dereng ngertos Pak Lurah!"*  
 Kalidi : *"Lho, sanes rencang ta?"*  
 Rukiman : *"Sanes!"*  
 Kalidi : *"Ohh, mangga...mangga..."*  
 Atmo : *"Kulanuwun..."*  
 Rukiman : *"Mriki lenggah mriki!"*  
 Atmo : *"Wahh..."*  
 Bu Bas : *"Nggih..."*  
 Atmo : *"Nyuwun pangapunten, kula sanes wilayah mriki Pak Lurah!"*  
 Kalidi : *"Lha..."*  
 Atmo : *"Waha...niki...badhe keperluan!"*  
 Kalidi : *"Menapa, kok kula mila radi anu...radi tageh kok!"*  
 Atmo : *"Ooo..."*  
 Kalidi : *"Dereng nate sumerep kok, Dhik Carik dereng sumerep ta?"*  
 Rukiman : *"Dereng, menawi wilayah mriki kula ngertos!"*  
 Kalidi : *"Panjenengan saking pundi?"*  
 Atmo : *"Kula saking dhusun Karangasem!"*  
 Kalidi : *"Ooo..."*  
 Atmo : *"Wilayahe nggih mung cerak, namung tangga dhusun kalih mriki!"*  
 Kalisi : *"Lha kersanipun?"*  
 Atmo : *"Dados sanes wilayah Panjenengan!"*  
 Kalidi : *"Ooo...kersanipun badhe...dingaren..."*  
 Atmo : *"Wahh...kula menika kaliyan kanca setri menika badhe medhayoh, badhe resepsi mliginipun!"*  
 Kalidi : *"Ooo..."*  
 Atmo : *"Ning boten temtu anggenipun resepsi, malah...wahh, ribut wonten mergi!"*  
 Kalidi : *"Dhuh, menapa pa menapa?"*  
 Rukiman : *"Tabrakan?"*  
 Atmo : *"Boten, nika ngaten Pak Carik...kula mangkatipun saking griya kaliyan kanca setri menika rehne rada adoh, nggih namung menika lho, dhusun wetan menika ingkang badhe kula purugi, calonipun nggon temtu malahan!"*  
 Kalidi : *"Ohh, panggenan tiyang mantu?"*  
 Atmo : *"Haa..."*  
 Kalidi : *"Ohh, nggih...nggih...nggih..."*  
 Atmo : *"Nggih..."*  
 Kalidi : *"Nggih..."*  
 Atmo : *"Lha menika rehne tebih menika nggawa kendharaan wontenipun namung becak, setunggal!"*  
 Kalidi : *"Hmm...banjur?"*  
 Atmo : *"Ha rehdene sampun kula undang, rembagan kula kaliyan bojo kula menika, sae sanget lho ingkang mbecak menika, waunipun..."*  
 Kalidi : *"Nggih..."*  
 Atmo : *"Ning boten mangertos kok dados wingkingipun kok, waa...boten sae!"*  
 Kalidi : *"Ha terus?"*  
 Atmo : *"Gedadosan, mriki dumugi mrika pinten. Aha...nek kula niku gampang mawon, pun pokoke anggere mbayar sing akeh!"*  
 Kalidi : *"Hmm..."*  
 Atmo : *"Lha pun anggere sing akeh dhewe pun niku..."*  
 Kalidi : *"Ha inggih!"*

## Lampiran 2

- Atmo : *"Lha, rak mayar ta?"*
- Kalidi : *"Ha inggih, sampeyan ya saguh?"*
- Atmo : *"Saguh, bareng pun kula numpak kalih bojo kula tekan nggone, dereng tekan nggone taksih teng kidul desa mriku?"*
- Kalidi : *"Inggih..."*
- Atmo : *"Kula bayar satus (100) waune, nyepelekke. Ha satus ki dhit apa?"*
- Kalidi : *"Hmm..."*
- Atmo : *"Kamangka sampun tikel menika, satus seket (150), satus seket boten purun malah dadi padu!"*
- Kalidi : *"Ohh..."*
- Atmo : *"Niki...niki tukang becake wonten njaba, kula nyuwun pengadilan saking Pak Lurah kados pundi?"*
- Kalidi : *"Ohh, ngaten. Dadi sing marai ribut niku?"*
- Atmo : *"Ha inggih niku!"*
- Kalidi : *"Ha njur sing mbecak endi?"*
- Atmo : *"Ha niku wonten ngajeng niku!"*
- Kalidi : *"Ha mbok anu..."*
- Rukiman : *"Ohh, sing ndhodhok nika ta?"*
- Atmo : *"Ha nggih. He, Pak rene!"*
- Kalidi : *"Mriki Pak, mriki!"*
- Basiyo : *"Haa...kula!"*
- Kalidi : *"Wehh!"*
- Basiyo : *"Haa...kula!"*
- Kalidi : *"Ngga...ngga...ngga..."*
- Basiyo : *"Kula riyin rak wilayah Penjenengan lajeng minggat!"*
- Atmo : *"Niku, nek liyane niku napa nggih blaka?"*
- Kalidi : *"Ahaha...Dhik Carik!"*
- Rukiman : *"Nggih kula!"*
- Kalidi : *"Kula kok rada sumelang, pun nate pirsana napa?"*
- Basiyo : *"Kula riyin rak teng kidul cakruk nika!"*
- Rukiman : *"Lha kula ngertos nika, ngertos pancen strip!"*
- Basiyo : *"Strip, nek boten strip neh boten minggatan!"*
- Kalidi : *"Ha, hahaha...ooo...pancen nganu ta?"*
- Basiyo : *"Strip!"*
- Kalidi : *"Pancen rada ra ganep kok!"*
- Basiyo : *"Ra ganep, ha dangu boten ganepi!"*
- Kalidi : *"Hmm..."*
- Basiyo : *"Wahaha...ana perlu menapa Pak Lurah?"*
- Kalidi : *"Boten, nami sampeyan ki sinten ta jane, aku ki..."*
- Basiyo : *"Kula?"*
- Kalidi : *"Inggih!"*
- Basiyo : *"Nami kula?"*
- Kalidi : *"Inggih!"*
- Basiyo : *"Bambang!"*
- Kalidi : *"Bambang?"*
- Basiyo : *"Inggih...saontene mawon!"*
- Kalidi : *"Ahaha...Bambang sapa ta ki?"*
- Atmo : *"Anggo, gek crita kula wau jare Joko. San nganu njur Bambang!"*
- Rukiman : *"Gerah Pak Joko!"*
- Kalidi : *"Inggih, saniki ngaten nggih..."*
- Basiyo : *"Nggih..."*
- Kalidi : *"Kula rehne dadi tetuwa teng desa mriki..."*
- Basiyo : *"Inggih Pak Lurah, pripun?"*
- Kalidi : *"Dijaluki tulung kon mbeneri..."*
- Basiyo : *"Nggih..."*

## Lampiran 2

- Kalidi : “Njur bape napa kok sampeyan kok dha...”  
 Basiyo : “Ha wong ra nde dhuwit mbecak, ndanganu kewirangan hara!”  
 Kalidi : “Hmm...lho rak wajar...”  
 Basiyo : “Kula niku timbali pisan, juss...”  
 Kalidi : “Inggih...”  
 Basiyo : “Kang medhun kali pinten?”  
 Kalidi : “Ohh...”  
 Basiyo : “Napa onten wong kok becak medhun kali?”  
 Kalidi : “Hmm...ha inggih!”  
 Basiyo : “Wis ora sah mbebret!”  
 Kalidi : “Ha inggih!”  
 Basiyo : “Mbayara sing akeh dhewe!”  
 Kalidi : “Hmm...”  
 Basiyo : “Saguh...”  
 Kalidi : “saguh?”  
 Basiyo : “Ha kok mung satus (100), satus seket (150). Wahh...”  
 Atmo : “Le maringi mono dumugi rongatus (200) Pak Carik niku?”  
 Kalidi : “Elho, lak ya wis...”  
 Rukiman : “Wahh...ampuh banget kuwi!”  
 Basiyo : “Ampuh, mungguhe wong umum!”  
 Atmo : “Becak pitungpuluh lima (75)!”  
 Rukiman : “Ha niku pun kuat niku becak kok rongatus (200) ki!”  
 Basiyo : “Ha niku ning seneng ta?”  
 Atmo : “ha rongatus niku, turene rongatus ki sih kalah akeh karo rongatus seket!”  
 Kalidi : “Lho, kira-kira...kira-kira lakune niku onten pinten kilo?”  
 Atmo : “Wahh, ha nggih...antawisipun nika tigangkilo (3 kilo) boten onten e!”  
 Basiyo : “Ngriku akeh le mlaku e!”  
 Atmo : “Ha malah munggah mon kula mung mlaku!”  
 Basiyo : “Kula ken medhun, mlaku...”  
 Rukiman : “Nggih...nggih...nggih...”  
 Kalidi : “Ya...ya...ya...anu Dhik Carik...”  
 Rukiman : “Kula...”  
 Kalidi : “Umume nek telung kilo (3 kilo) nika rak ya wis umum ta satus seket (150) ki?”  
 Rukiman : “Wahh, malah empun kelarangan jane!”  
 Basiyo : “Empun, haa...”  
 Kalidi : “Kok njur sampeyan ora gelem dibayar satus seket (150)?”  
 Basiyo : “Emoh, akeh dhewe kok. Wahaha...”  
 Atmo : “Bayare niku bayarke akeh dhewe...”  
 Kalidi : “Ooo...njaluk bayar sing akeh dhewe?”  
 Atmo : “Inggih, pun...”  
 Kalidi : “Haa...mang bayar pinten-pinten nggih boten gelem?”  
 Atmo : “Boten gelam...”  
 Kalidi : “Rongatus seket (250) nggih boten gelem, malah kurang akeh. Hmm...nggih...nggih...Dhik carik?”  
 Rukiman : “Kula...”  
 Kalidi : “Coba kula...sampeyan duse dhit wiwit sarupiyah (Rp 1) nganti tekan satus rupiyah (Rp 100) boten?”  
 Rukiman : “Ohh, gadhah menika!”  
 Kalidi : “Sarupiyah (Rp1), limang rupiyah (Rp15), sepuluh rupiyah (Rp 10), selawe (25), seket (50), satus (100)!”  
 Rukiman : “Ohh, gadhah...ngga...ngga...ngga...”  
 Kalidi : “Ohh, nggih tulung!”  
 Rukiman : “Mangga-mangga...haa...mangga...”  
 Kalidi : “Nggih...nggih...nggih... Nggih, saniki sampeyan kula anu nggih, kula caosi pirsal!”

## Lampiran 2

Basiyo : “Nggih!”  
 Kalidi : “Haa...le njaluk sing akeh dhewe ta le njaluk bayar becak?”  
 Atmo : “Nggih...”  
 Kalidi : “Niki mang...nggih Bambang?”  
 Basiyo : “Nggih!”  
 Kalidi : “Niki dhuwit pinten niki sing ka ngeten niki?”  
 Basiyo : “Sepuluh!”  
 Kalidi : “Sepuluh, niki?”  
 Basiyo : “Selawe!”  
 Kalidi : “Selawe, niki?”  
 Basiyo : “Seket!”  
 Kalidi : “Seket, niki?”  
 Basiyo : “Satus!”  
 Kalidi : “Ha sing akeh dhewe sing pundi?”  
 Basiyo : “Satus!”  
 Kalidi : “Satus, pun ngga mang bayarke!”  
 Atmo : “Ohh, niki...nyoh...nyoh...ngga...iki bayare gilo!”  
 Basiyo : “Kok satus pripun?”  
 Kalidi : “Lho, kowe rak omong ta, sampeyan le muni njaluk bayar sing akeh dhewe!”  
 Atmo : “Nggih semanten niki sik akeh dhewe!”  
 Kalidi : “Ha niki akeh dhewe!”  
 Atmo : “Pun, ngga mrika!”  
 Basiyo : “Diakali iki malahan!”  
 Atmo : “Apane?”  
 Basiyo : “Ha mau wis rongatus (200) e!”  
 Kalidi : “Haa...”  
 Basiyo : “Sampeyan ampun dadi lurah lho!”  
 Kalidi : “Ahaha...”  
 Atmo : “Aiyakk...lurah kok njur...nggih pun ngga!”  
 Basiyo : “Rekane ya arep ngakali ning malah ketaton!”  
 Atmo : “Haa...”

□ □ □

### BASIYO-MBLANTIK

Lakon:

1. Basiyo : Blantik 1
2. Hardjo Gepeng : Suami/ Blantik 2
3. Bu Basiyo : Istri Blantik 2
4. Sudarsono : Juru Kunci

- Hardjo : *“Wong wedok kok mung nang buri bae, rumangsaku kok wis tanpa mikirke wong sing nang omah..Mbut!”*
- Bu Bas : *“Napa?”*
- Hardjo : *“Elho, kok mak jedhul nang kono. Le ngundang mepenge ra jamak ya mung ‘ngapa’?”*
- Bu Bas : *“Ha wis ket mau nang kene kok!”*
- Hardjo : *“Wahh, rumangsaku uwong kok ora nyenengke ngono lho. Bojo kok, mbok ya sing ketok mathis ngono lho, rumangsaku kok...”*
- Bu Bas : *“Piye ta, nyawang aku saiki sebah, ha’a?”*
- Hardjo : *“Ha’a je, kaya kok nyawang kowe ki kaya sat ketok sat ora ngono rumangsaku, aku ki...”*
- Bu Bas : *“Ha’a wong aku ki rak sing tunggu wit gedhe kono kuwi!”*
- Hardjo : *“Lho, wangsulanmu ki ya sengkring, njur ko ngono kuwi. Sing tunggu wit gedhe, aku ya muni nyatane kowe ki dak tunjang ya teka ora ketok njur mak jedhul ketok ngono kuwi ya sat ketok sat ora ta ngono kuwi kok!”*
- Bu Bas : *“Ya wis, pancen sampeyan ki saiki ki wis ora pati cocok!”*
- Hardjo : *“Haiya...”*
- Bu Bas : *“Lan wis ora pati seneng karo aku!”*
- Hardjo : *“Nhaa...”*
- Bu Bas : *“Ki ya wis sauni-unine, sekarepmu!”*
- Hardjo : *“Nhaa, kuwi tampamu kaya ngono ta, ning janjane tenane ki he’em ngono dak kandhani, iya ta. Kowe mesthi krasa cacatmu, wong bebojoan ki nek ora nglegakke mesthi ngono ta. Harah, kowe dadi wong wedok kamangka bandhaku kaya ngene hara, kamangka kowe ki tiba wong wedok gabug, hara piye?”*
- Bu Bas : *“Aku pa?”*
- Hardjo : *“Ha njur piye, ora anak-anak kaya ngene ki, sek nduweni bandhaku sapa hara. Aku jane entuk kowe ki getun tenan lho jan-jane ki?”*
- Bu Bas : *“Kowe kuwi Pak!”*
- Hardjo : *“Ha’a...”*
- Bu Bas : *“Kowe kuwi ngepek aku getun ngono pa?”*
- Hardjo : *“Ha’a...”*
- Bu Bas : *“Ha kok kowe getun?”*
- Hardjo : *“Getun, ha cacate njur kowe ya...ora cocok karo karepku ngono kok!”*
- Bu Bas : *“Karo nek kowe getun ngepek aku ki njur biyen sing arep kok sir sapa ta?”*
- Hardjo : *“Aku ki biyen arep ngepek mbokmu, ngono...malah meleak mbokmu timbang kowe...ha mbokmu ndanding kowe kaya tong ngono kok ra...”*
- Bu Bas : *“Wis saiki ora sah ngundha mana werna-werna, biyen ya kaya ngene anane...”*
- Hardjo : *“Ha’a...”*
- Bu Bas : *“Saiki ya kaya ngene, karo meneh kok njur ngunekke tong!”*
- Hardjo : *“Elho!”*
- Bu Bas : *“Ana pa tong kok gelungan?”*
- Hardjo : *“Ha’a, ha kuwi tong arep njagong apa kaya ngono kuwi kok jebul, tong kok gelungan!”*

## Lampiran 2

- Bu Bas : *"Reka-reka wae!"*  
 Hardjo : *"Elho, ha kowe ya sok ngundha mana!"*  
 Bu Bas : *"Ha nek kowe ki tresna karo mbokku..."*  
 Hardjo : *"Hmm..."*  
 Bu Bas : *"Kowe seneng karo simbok ta?"*  
 Hardjo : *"Haa..."*  
 Bu Bas : *"Ha kana pek'en!"*  
 Hardjo : *"Lho, ha saiki mbokmu wis ora nana pa kon ngepek kijing, ora...kowe ki jenenge ya nglulu ngono. Ha mbokmu ki ya ayu tenan, ya apik tenan, ya sugih tenan!"*  
 Bu Bas : *"Karo meneh kowe kuwi wong sing ora..."*  
 Hardjo : *"Piye?"*  
 Bu Bas : *"Kowe ki jaman durung dadi bojoku..."*  
 Hardjo : *"Ha'a..."*  
 Bu Bas : *"Alahh..."*  
 Hardjo : *"Kepiye?"*  
 Bu Bas : *"Gene kok lehm u wira-wiri ki latarku nganti jeblog!"*  
 Hardjo : *"Lho, lha dalane mung kono kok kon metu ngendi aku kok jebul. Wis umume nak dalam nggonamu ki..."*  
 Bu Bas : *"Aku ki aja kok gunani rak ora dadi bojomu ta?"*  
 Hardjo : *"Byuh, nganti kaya widadari digunani ki, wong aku karo wong tuwa we durung tau tepung kok muni gunani!"*  
 Bu Bas : *"Nyatane, kowe kuwi anggere wis wayahe jam 7 esuk..."*  
 Hardjo : *"Ngapa?"*  
 Bu Bas : *"Aku isih nang pawon..."*  
 Hardjo : *"Hmm..."*  
 Bu Bas : *"Kok anggere jam 7 esuk kok krang-kring...krang-kring ki sapa ta ya?"*  
 Hardjo : *"Hmm..."*  
 Bu Bas : *"Dak ungak ki, wahh wong ki mesthi apese lho!"*  
 Hardjo : *"He'em!"*  
 Bu Bas : *"Nak ora nggawa pit relly nek ora ya hember!"*  
 Hardjo : *"Haiya mesthi, haiya..."*  
 Bu Bas : *"Dak ungak ta?"*  
 Hardjo : *"Hmm..."*  
 Bu Bas : *"Ha kok jebul mung nggawa bel thothok, kowe kuwi Pak!"*  
 Hardjo : *"Kuwi, a mirangke aku ko ngono ki, karang wong ora duwe ki ya nyicil sik, bel sik, njur ruji sik, ngono kok jebul!"*  
 Bu Bas : *"Mula ya wong ki aja sok umuk, wong kowe ki biyen durung dadi bojoku ki gaweanmu mung adol es lilin!"*  
 Hardjo : *"Iya ra, wong bebojoan ki anggere padu rak njur lelehan kaya ngono ta?"*  
 Bu Bas : *"Lha, serik. Jare aku ki njur kok unekke warna-werna!"*  
 Hardjo : *"Ha'a!"*  
 Bu Bas : *"Nek kowe pancen wis ora seneng aku..."*  
 Hardjo : *"Haiya..."*  
 Bu Bas : *"Aku ki njur ulihna ngono bae rak cukup ta?"*  
 Hardjo : *"Halah, dak ulihke neng ngendi, kowe ki ora duwe...aku nek kon ngulihke kowe njur dak ulihke nang ngendi le ketemu we nang randhu alas biyen. Ha kok dadi kowe muni ngono ki njur kepiye?"*  
 Bu Bas : *"Kuwi, apa ora semambleg!"*  
 Hardjo : *"Elho, semambleg kepiye?"*  
 Bu Bas : *"Aku ki ala-ala rak ya isih duwe wong tuwa ta?"*  
 Hardjo : *"Alahh...wong tuwamu wis ora kalap kaya ngana kae njur kepiye?"*  
 Bu Bas : *"Kok ra kalap ki kepiye?"*  
 Hardjo : *"Elho, kepiye coba, piye kowe nggekke endi, wong tuwamu sing endi?"*  
 Bu Bas : *"Elho, ha wong tuwaku rak ya isih gagah ta, isih urip!"*  
 Hardjo : *"Gagah, wong tuwamu wis gothang ngono kok jebul!"*

## Lampiran 2

- Bu Bas : *"Gothang kepiye?"*  
 Hardjo : *"Ha mung siji!"*  
 Bu Bas : *"Mung siji, ha witekna nek sing siji ki wis mati?"*  
 Hardjo : *"Haiya, ha dadi mung gothang ta jenenge kaya ngono kuwi?"*  
 Bu Bas : *"Haiya ra dadi ngapa!"*  
 Hardjo : *"Bapakmu angger kepethuk mung ngertine mung njaluk lungsuran, apa ra..."*  
 Bu Bas : *"Njaluk lungsuran ki sing dijaluhi sapa ta...kok kowe ngundha mana?"*  
 Hardjo : *"Haiya anake, ya aku, ngono..."*  
 Bu Bas : *"Lha gene..."*  
 Hardjo : *"Ning rak saru ta, wong bapak maratuwa kok angger mara-mara, rokoke ji we. Le muni ki..."*  
 Bu Bas : *"Ha kowe nek upamane ngerti bapakku njaluk wong liya kowe ya ra lila..."*  
 Hardjo : *"Hara, lila bae. Karepmu, bapakmu kok kuwi. Ha nek bapakku ha ra dak damadama!"*  
 Bu Bas : *"Aku ki ya getun lho dak kandhani dadi bojomu ki?"*  
 Hardjo : *"Iyyaahh, entuk aku getun ki?"*  
 Bu Bas : *"Ohh, kowe ki ra ngerti aku biyen ki wis ditakokke dhokter lho!"*  
 Hardjo : *"Byuhh, dhokter kaya ngono. Alahh...alahh kowe ki arep dipek dhokter?"*  
 Bu Bas : *"Haa...iya..."*  
 Hardjo : *"Getun entuk aku, alahh...alahh...kowe ki arep entuk dhokter, ha nek dak pikir aku ki biyen arep entuk dhukun lho dak kandhani...malahan!"*  
 Bu Bas : *"Kowe?"*  
 Hardjo : *"Lha kowe entuk dhokter gaweane apa?"*  
 Bu Bas : *"Haiya memper, ha ning dhokter!"*  
 Hardjo : *"Nambani..."*  
 Bu Bas : *"Haiya ta?"*  
 Hardjo : *"Ha dhukun ya gaweane ya nambani, padha bae. Nek mung umuk-umukan we!"*  
 Bu Bas : *"Umuk-umukan, karo meneh gilo..."*  
 Hardjo : *"Apa?"*  
 Bu Bas : *"Kantor pos sing arep ngepek aku!"*  
 Hardjo : *"Byuh, kantor pos kok ngepek kowe, kowe entuk kantor pos ya anak-anak amplop malahan, hehehe...uhuk! rumangsaku kok nggugu karepe dhewe!"*  
 Bu Bas : *"Karo rasah warna-warna ahh, nek mula pancen kowe ki wis jeleh karo aku..."*  
 Hardjo : *"Ora eh, ya aja ngono..."*  
 Bu Bas : *"Nek arep ana sing kok pek, ya wis..."*  
 Hardjo : *"Kowe ki jenenge kaya ngono ki nglulu kaya ngono, rasah kok kon nek aku karep rak ya nganu dhewe ta awakku ki ngono..."*  
 Bu Bas : *"Nganu dhewe!"*  
 Hardjo : *"Ha ngono bae!"*  
 Bu Bas : *"Ha kowe kuwi wong sing senengane marai omong warna-warna kok!"*  
 Hardjo : *"Wis, saiki ngono bae, kowe ya dak teter, ngono. Jare kowe ya wis aku ya rada gela ya wis ben. Wong aku mung nggayuh supaya wong isih enom mbok menawa besuk duwe anak-anak, iya ta. Isa anak-anak karo aku kuwi. Saiki ngene, aku arep nyambut gawe, gaweane genah wong aku blantik, iya ta. Dak golek dagangan kowe neng omah. Neng omah ki dak kek'i dagangan 3, kebo 3 kae, kowe sing duwe kewajiban nek eneng apa-apa kowe sing ngrampungni ngomah. Nahh...regane dak kek'i rega ngono..."*  
 Bu Bas : *"Pira?"*  
 Hardjo : *"Kowe ra kena mbathi, waton kuwi 'cul bug cul' ngono, iya ora?"*  
 Bu Bas : *"Ha mbathia ya ra papa ta wong thek'e bojone!"*  
 Hardjo : *"Lho, iki wis arep culika kowe wisan kaya ngono kuwi, iya ra. Iya wis sumbarmu muni mbathi wek'e bojone, suwe-suwe mbathi ping pindho, ping telu nyolong kowe njuran. Ngono!"*  
 Bu Bas : *"Mbathia wong dak nggo ngladeni kowe kok bingung ta?"*  
 Hardjo : *"Ohh iya, ngene, saiki ngene bae iya ra?"*

## Lampiran 2

- Bu Bas : *"Ha'a!"*
- Hardjo : *"Sokor nek isa mundhak kuwi malah dadi hasilmu, ora papa!"*
- Bu Bas : *"Regane?"*
- Hardjo : *"Siji kuwi regane selawe (25), ngono!"*
- Bu Bas : *"Selawe (25) apa?"*
- Hardjo : *"Selawe, slawe ewu kok jebul!"*
- Bu Bas : *"Ohh, dadi nek kebo 3..."*
- Hardjo : *"Ha'a..."*
- Bu Bas : *"Telung lawe..."*
- Hardjo : *"Haa...ngono..."*
- Bu Bas : *"Ha gene ki mung ngono..."*
- Hardjo : *"Kuwi dadine kabeh, Rp 7.500,- kabeh 3 kuwi ngono!"*
- Bu Bas : *"Yohh, kuwi wis ora entuk kurang?"*
- Hardjo : *"Elho!"*
- Bu Bas : *"Nek imbuh saka semono ya ora entuk?"*
- Hardjo : *"Nek imbuh ya iya, haiya oleh kok jebul ngono bae!"*
- Bu Bas : *"Gene mung ngono, wis ngerti aku ngerti..."*
- Hardjo : *"Yaa...he'em. ya wis sokor, aku saiki dak golek dagangan meneh, sebabe sesuk ki rak pasaran ta iki?"*
- Bu Bas : *"Ohh, haiya!"*
- Hardjo : *"Akeh ki jagal-jagal ki sek mbutuhake kebo, nek sapi ora pati mlaku ngono..."*
- Bu Bas : *"Iya wis, ngerti aku..."*
- Hardjo : *"Ya, nang omah bae lho ya kowe ya!"*
- Bu Bas : *"Ha'a!"*
- Hardjo : *"Wis ya!"*
- Bu Bas : *"Ngapa Pak kok bali meneh ki?"*
- Hardjo : *"Wadhuh, rokokku ya keru. Nganu, karo regane mau..."*
- Bu Bas : *"Ha'a..."*
- Hardjo : *"Dak kandhani ta, kowe rak urung ngerti ta...selawe (25) ping telu (3), selawe ki selawe apa?"*
- Bu Bas : *"Selawe ewu!"*
- Hardjo : *"Nhaa...selawe ewu (25.000) ping telu (3), ngerti ora?"*
- Bu Bas : *"He'em..."*
- Hardjo : *"Nhaa...kuwi njur isa etung-etung ora kowe?"*
- Bu Bas : *"Isa!"*
- Hardjo : *"Lho, wong kowe ki dumeh isa!"*
- Bu Bas : *"Wis isa, karo meneh pinter aku karo kowe!"*
- Hardjo : *"Dadine pitung puluh lima ewu (75.000)..."*
- Bu Bas : *"Lima ewu..."*
- Hardjo : *"Ngono..."*
- Bu Bas : *"Ha'a..."*
- Hardjo : *"Dadi nek kowe eneng wong nggoleki mreng, aja nganti kowe ki klera-kleru, iya ra?"*
- Bu Bas : *"He'em!"*
- Hardjo : *"Kowe ki bojon bakul ki ya sing ngerti pretungan, ngono!"*
- Bu Bas : *"Haiya, rak aku ya tau kleru ta?"*
- Hardjo : *"Haiya!"*
- Bu Bas : *"Nek ko tinggal dagangan ki?"*
- Hardjo : *"Lho, lha iya kaya wingi kae ya wis bener ko ngana kae, awake dhewe ki watone ora tuna ngono lho!"*
- Bu Bas : *"Watone bathine ki akeh ngono bae pa?"*
- Hardjo : *"Malah nek isa ki kaya ngono kuwi, ngono!"*
- Bu Bas : *"Ohh...yohh..."*
- Hardjo : *"Lhoh, sebabe lehku golek dagangan ki ora gampang lho. Adoh nggone, jare!"*
- Bu Bas : *"Ha pasar kae rak ya akeh ta?"*

- Hardjo : *“Walahh, nek mung pasar kono ki dha, sapine, kebone ki kuru-kuru ngono!”*
- Bu Bas : *“Kuru-kuru angger pakani sing akeh ya ra kuru-kuru!”*
- Hardjo : *“Kowe karo aku ki wong sing kanggo penguripan ki le dagangan kewankuwi, ya kebo sapi wedhus barang kuwi, ngono!”*
- Bu Bas : *“Haiya!”*
- Hardjo : *“Mula awake dhewe ki ya sing setiti, ngati-ati le ngecakake dagangan kuwi, ngono?”*
- Bu Bas : *“Eehh...he'em!”*
- Hardjo : *“Aku sing golek, kowe neng omah ngewang-ewangi, iya ora?”*
- Bu Bas : *“Yaa...ha'a, ngerti aku!”*
- Hardjo : *“Senajan kowe ki neng omah, mujek-mujekke ‘wahh bojoku neng dalan slamet entuk rejeki sing akeh’ ki ya wis kanggo melu nyambut gawe, ngono!”*
- Bu Bas : *“Wis ora kekurangan lehku ngewang-ewangi prihatin ki?”*
- Hardjo : *“Lha iya kuwi, dak jaluk ki ngono kuwi. Sarehning awake dhewe ki genah nyambute gawe ya mung liyane kuwi ya ra isa, ha nyambut gawe apa meneh. Aku ki nyambut gawe kaya ngene ki rak kepenak ta nek kepeneran, mung among kene kekke kene, ewu...ewu, njur kalungmu mundhak meneh, gedhe meneh, suwenge ya mundhak byar-byar meneh!”*
- Bu Bas : *“Apa iki emas pa Pak?”*
- Hardjo : *“Walahh, ha pa timbel. Walah ha kowe kok ya mirang-mirangke kuwi, kuwi bojo piye coba, kowe kok dadi mas sing dinggo kok ra ngerti ki kepiye kuwi?”*
- Bu Bas : *“Ha, nek emas kok sok anu, biru erem!”*
- Hardjo : *“Lha kuwi digebeg, hehe...wong kowe ya mangkelke bojo ya, wong kuwi nek dinggo pirang-pirang dina, haiya ngerti dhewe rak ya ngono, nek lelungan saiki aja nganggo sing tenan malahan ngono, ngerti ora?”*
- Bu Bas : *“Ha, nganggo apa?”*
- Hardjo : *“Nganggo sing ethok-ethokkan!”*
- Bu Bas : *“Ohh...”*
- Hardjo : *“Sing biru-biru kuwi sing marai...”*
- Bu Bas : *“Padhane nganggo kalung rante?”*
- Hardjo : *“Ha'a...”*
- Bu Bas : *“Kuwi rante sing apa?”*
- Hardjo : *“Kuningan ngono, gelang ya gelang karet ngono, ngerti ora?”*
- Bu Bas : *“Ahh...emoh...”*
- Hardjo : *“Dadi kowe slamet ngono. Wis ya saiki ngene bae, engko ndak aku malah omong-omongan ora entuk dagangan, wis ya!”*
- 
- Basiyo : *“Haiya kene ki, hahaha. Kaya ana letere. Wahh pa ya kene pa ya omahe. Nek biyen ki omahe kaya urung apik ko ngene, saiki kok gedheg! Ki kok dilas mubeng. Wahaa...ha nek sing duwe omah neng njero neh kaya mbang gula iki. Welha, lehku golek kulanuwun lawange sing endi kaya padha bae. Wahaa...biyen kae tau e aku mlaku nggo gedhah ketemu puan, ki nek ra dak iling-ilingi gawange sing lawang nggon endi iki, hehee. Nuwun! ha iki ana letere, eh ya kene iki. Ha iki cetha iki, Sura nomer 5. Eh ya iki. Wahaha...wehh lha jeneh kok ya ngarep we nganggo ‘awas ada anjing’ mangka ra ana anjinge, njur sing njegog sapa kuwi ki, jan. Wahaa..., kulanuwun!”*
- Bu Bas : *“Ehem...ehem, mangga Kang mangga!”*
- Basiyo : *“Wadhuhh, dhik Sura...”*
- Bu Bas : *“Nggih, mangga ta Kang!”*
- Basiyo : *“Waa...lha kok saiki kok manglingi!”*
- Bu Bas : *“Kok manglingi dos pundi ta?”*
- Basiyo : *“Mbasan rada mulya uripe njur gingsule dicopot ki wangune, biyen gek pethuk aku ki untune gingsul!”*
- Bu Bas : *“Sampeyan ki wong mertamu kok njur ngurusi gingsul barang lho!”*
- Basiyo : *“Elho, ngaten ta dhik, tiyang menika ketemu sedulur menika sepisan ya*

- keslametan, pindho lan mangayubagya, ping pel...pel...pelune...ping...ping...ping  
telu suguhan, lho ra ngoten ta?"*
- Bu Bas : *"Ha nggih nggen suguhan niku mangke gampil, mangga ta lenggah ngriki!"*  
Basiyo : *"Nggih, kula niku manut nek nggone kanca-kanca bakul-bakul menika anggere  
medhayoh nika lho sedherek kula Sastro menika, sing nika ta sing rupane biru  
erem nika, anggere ketemu njur mak byuk!"*
- Bu Bas : *"Lho, kok mak byuk menika menapa Kang?"*  
Basiyo : *"Ngguwang uwuh, hahaha..."*  
Bu Bas : *"Ohh, kula westani nek byuk menika njur dicaosi apa-apa ngaten Panjenengan  
menika..."*
- Basiyo : *"Ngaten dhik, keng raka wonten?"*  
Bu Bas : *"Ahh, anu bojo kula?"*  
Basiyo : *"Lha, nggih..."*  
Bu Bas : *"Boten wonten!"*  
Basiyo : *"Ass, kepeneran ki!"*  
Bu Bas : *"Lhoh kok kepeneran ta?"*  
Basiyo : *"Lho, tegese ki kepeneran, dadi kok lehku rembugan ki ora ragu-ragu, lhaa rak  
ngaten!"*
- Bu Bas : *"Ohh, badhe ngersakaken ngendika dos pundi Kang?"*  
Basiyo : *"Ngaten dhik, gandheng kula menika kesrepekan sanget perlu kula menika, ha  
nggih sepindhah tuwi kawilujengan..."*
- Bu Bas : *"Inggih..."*  
Basiyo : *"Kaping kalih mila kasinggiha, haywa...badhe ngaturaken kula menika gandheng  
kesrepeg sanget pados dagangan..."*
- Bu Bas : *"Dagangan menapa?"*  
Basiyo : *"Kebo dhik!"*  
Bu Bas : *"Ohh, kebo...inggih. kersanipun anggenipun mbetahaken pinten?"*  
Basiyo : *"Menika wonten tiyang pesem..."*  
Bu Bas : *"Pesem menika menapa?"*  
Basiyo : *"Pesem!"*  
Bu Bas : *"Menawi pesem menika kirang mangertos?"*  
Basiyo : *"Pesem!"*  
Bu Bas : *"Ohh, nggih..."*  
Basiyo : *"Nek cara wong enom, pesen!"*  
Bu Bas : *"Pesen..."*  
Basiyo : *"Nek wong tuwa pesem bab untu sampun boten wonten!"*  
Bu Bas : *"Panjenengan ki ko marakke ngguyokke lho!"*  
Basiyo : *"Inggih, tiyang dhagelan. Ngaten, pokokipun kula menika badhe betah kebo 3..."*  
Bu Bas : *"Inggih..."*  
Basiyo : *"Menawi kagungan badhe kula rembag dhik!"*  
Bu Bas : *"Namung 3?"*  
Basiyo : *"Tiga..."*  
Bu Bas : *"Keleresan..."*  
Basiyo : *"Menapa sekawan panjenengan?"*  
Bu Bas : *"Panjenengan menika dos pundi ta kok ya warna-warna sing ngendikakake lho!"*  
Basiyo : *"Namung betah 3 dhik!"*  
Bu Bas : *"Nggih, 3 wonten..."*  
Basiyo : *"Wonten ta?"*  
Bu Bas : *"Menika keleresan nggih kantun 3!"*  
Basiyo : *"Tiga?"*  
Bu Bas : *"Wong keng rayi menika nembe pados dagangan malih..."*  
Basiyo : *"Ohh, ha inggih...inggih!"*  
Bu Bas : *"Ning dereng wangsul!"*  
Basiyo : *"Ha inggih, nek wangsul genah wis ana!"*  
Bu Bas : *"Ha inggih..."*

- Basiyo : *"Tiga, nggih dhik?"*
- Bu Bas : *"Mila keng rayi kalawau nggih sampun tilar weling..."*
- Basiyo : *"Ohh, kula westani tilar donya, weling. Ha sampun tilar weling?"*
- Bu Bas : *"Ha ning nyuwun sewu pun sekesakaken nggih Kang?"*
- Basiyo : *"Lho, ana dhayoh kok diungkuri!"*
- Bu Bas : *"Pun sekecakaken nggih..."*
- Basiyo : *"Mriki ta, dados tilar weling dos pundi?"*
- Bu Bas : *"Jeneh kok nggregetke lho!"*
- Basiyo : *"Mila kula menika rupa boten pati sae, nig kata-katane ki sajak...sajak piye ngono lho. Dos pundi, weling dos pundi?"*
- Bu Bas : *"Tilar weling menawi wonten ingkang mbetahaken dagangan menika wau..."*
- Basiyo : *"Inggih..."*
- Bu Bas : *"Reginipun setunggal, selangkung (25)!"*
- Basiyo : *"Selangkung (25) ewu?"*
- Bu Bas : *"Ha inggih napa selangkung rupiyah!"*
- Basiyo : *"Halahh, menika gandheng rencang nggih, sampun cekapan semanten mawon. Kula nggih boten badhe ngenyang lan boten badhe ngindhaki. Dados ti..."*
- Bu Bas : *"Ohh, ning sampeyan kersa ta?"*
- Basiyo : *"Inggih, kula menika ha dherek rencang kaliyan kalawau!"*
- Bu Bas : *"Ohh, nggih!"*
- Basiyo : *"Dados 3, tigang langkung?"*
- Bu Bas : *"Tiga (3), tigang langkung, inggih...tigang langkung leres menika!"*
- Basiyo : *"Pitu gangsal (75)?"*
- Bu Bas : *"Ha inggih..."*
- Basiyo : *"Nika ngaten nggih dhik, kula ajeng sebab ingkang badhe mbetahaken wau rak kesusu sanget..."*
- Bu Bas : *"Ohh, ha inggih keleresan menika mangga kula aturi tindak kandhang!"*
- Basiyo : *"Lhoh..lho kuwi, apa ya wong wedok ya ra sengkring kaya ngono kuwi?"*
- Bu Bas : *"Lho, kok sengkring dos pundi ta?"*
- Basiyo : *"Ha kok terus nang kandhang njur arep disuket. Ngaten dhik, kula ajeng, nanging kula wau gandheng anggen kula bidhal saking griya kesesa sanget nggih..."*
- Bu Bas : *"Inggih..."*
- Basiyo : *"Sandhangan kula menika kathah, dados menganggo menika nganti dhite keru, ha jaket ting cranthel, hahaha..."*
- Bu Bas : *"Ohh..."*
- Basiyo : *"Nangkep prombengan, lajeng kula santun sak-sakipun, arta ndilalah wonten sak ingkang wonten jas griya cemeng!"*
- Bu Bas : *"Ohh, kantun?"*
- Basiyo : *"Menika kantun!"*
- Bu Bas : *"Hmm..."*
- Basiyo : *"Kapinujon mrika mriki sepenan, gandheng kula kalih keng raka menika sanpun sae nggih dhik nggih. Ngaten, apik-apikan aten. Menika gandheng yatra kula kantun nggih dhik?"*
- Bu Bas : *"Inggih!"*
- Basiyo : *"Jelas mawon lho!"*
- Bu Bas : *"Inggih!"*
- Basiyo : *"Inkang setunggal kula tilar kangge cepengan Panjenengan, ingkang kalih kula beкта rumiyin..."*
- Bu Bas : *"Ohh, ha inggih ha mangga kemawon!"*
- Basiyo : *"Nggih dados menika ben nggo pikukuh..."*
- Bu Bas : *"Ohh, inggih...inggih..."*
- Basiyo : *"Apik-apikan aten nggih?"*
- Bu Bas : *"Inggih..."*
- Basiyo : *"Sampun lho dhik?"*

## Lampiran 2

- Bu Bas : “Nggih, boten dados menapa...sampun...sampun dhik! ”  
 Basiyo : “Pun ampil nggih...mangga...pun pendhet kiyambak... ”  
 □□□
- Hardjo : “Mbut!”  
 Bu Bas : “Napa Pak?”  
 Hardjo : “Waa...”  
 Bu Bas : “Waa...kene-kene Pak!”  
 Hardjo : “Piye?”  
 Bu Bas : “Tak kandhani Pak!”  
 Hardjo : “Ha’a...”  
 Bu Bas : “Wis, ora kaya dina iki sampeyan...”  
 Hardjo : “Piye ta?Ha’a...”  
 Bu Bas : “Bungahing ati sampeyan...”  
 Hardjo : “Haaa...”  
 Bu Bas : “Kabegjane sampeyan karo kula ya wis ora kaya dina iki! ”  
 Hardjo : “Hmm...”  
 Bu Bas : “Wis, ta wis...”  
 Hardjo : “Haiya...kene! ”  
 Bu Bas : “Kamulyan kok ora kesangka-sangka kaya ngene lho Pak! ”  
 Hardjo : “Wahh...cekake ngene, wong urip, kuwi rejeki kuwi mau pancen ya wis ndilalah, nggoleki kaya nggoleki wonge malahan, ngono lho! ”  
 Bu Bas : “Ha sampeyana ki le lunga wis entuk dagangan? ”  
 Hardjo : “Kepiye ta, ning ngendi-endi ki tanpa oleh! ”  
 Bu Bas : “Ha sebel kok sampeyan! ”  
 Hardjo : “Dagangan ya ra oleh, iki mau nang pasar ya wis ora entuk apa-apa, malahan! ”  
 Bu Bas : “Hmm...”  
 Hardjo : “Aku ki nek dak pikir-pikir sedina iki ya jan tanpa oleh apa-apa! ”  
 Bu Bas : “Nah, niki malah ngaten Pak...”  
 Hardjo : “He’em...”  
 Bu Bas : “Sampeyan wis tinggal weling...”  
 Hardjo : “Ha’a...”  
 Bu Bas : “Dagangane sing nang omah...”  
 Hardjo : “Hmm...”  
 Bu Bas : “Niku malah wis payu kabeh! ”  
 Hardjo : “Iyak, nang omah kok njur payon dagangan ki kepiye? ”  
 Bu Bas : “Tanpa nganggo dinyang saimit-imita! ”  
 Hardjo : “Wehh! ”  
 Bu Bas : “Haa...niki ngaten Pak! ”  
 Hardjo : “Ha’a...piye coba nek payon? ”  
 Bu Bas : “Niki ngaten, gandheng dagangane awake dhewe niku 3! ”  
 Hardjo : “Ha’a...”  
 Bu Bas : “Sing siji niku ditinggal minangka ngge pikukuh sampeyan...”  
 Hardjo : “Ha’a...”  
 Bu Bas : “Karo kula...”  
 Hardjo : “Ha’a...”  
 Bu Bas : “Sing 2 ki digawa! ”  
 Hardjo : “Ha’a...”  
 Bu Bas : “Ngaten! ”  
 Hardjo : “Ohh...dadi ki dagangane kebo 3...”  
 Bu Bas : “Nggih...”  
 Hardjo : “Iki wis dituku kabeh...”  
 Bu Bas : “Empun! ”  
 Hardjo : “Adhuh, kowe ki cah ayu tenan. Pancen bojo sing dak dama-dama tena, ayu tenan. Nang omah we isa golek dhuwit, ngono lho! ”  
 Bu Bas : “Wahh, kepiye ta sampeyan ki tujune duwe bojo aku! ”

- Hardjo : *"Alahh...aku ya gumun, aku kok dadi aku ya duwe bojo kowe, ngono lho!"*  
 Bu Bas : *"Tenan piye, seneng ora?"*  
 Hardjo : *"Aku ki angel golek bojo kaya kowe kuwi, agi nang omah we isa entuk dhuwit kaya ngono. Melu dagangan ya isa!"*  
 Bu Bas : *"Sing jenenge ketiban ndaru ya kaya ngene lho Pak!"*  
 Hardjo : *"Ha'a, dadi kok dhuwit kok teka dhewe ki kepiye?"*  
 Bu Bas : *"Ha, kepiye ta, wong dagangan semono regane kok tanpa dinyang lho!"*  
 Hardjo : *"Mau iki njur gelem?"*  
 Bu Bas : *"Gelem!"*  
 Hardjo : *"Alahh, kuwi wong. Wong ki keneng apa ta kuwi wong kuwi?"*  
 Bu Bas : *"Ha embuh, ra ngerti aku!"*  
 Hardjo : *"Kuwi kok kapakke wonge nang kene kok kapakke?"*  
 Bu Bas : *"Ha iya ra kapak-kapakke, wong digodhogke wedang we ra kanti kok!"*  
 Hardjo : *"Neng wong kok regane semono ki ya he'em ngono bae?"*  
 Bu Bas : *"He'em...wis terus digawa ngono bae!"*  
 Hardjo : *"Wahh, kuwi wonge selak butuh, suguh dhuwit!"*  
 Bu Bas : *"Ha'a, pancen!"*  
 Hardjo : *"Lak ngono ta. Dadi tuku, wong ki nek tetuku siji disenengi neng duwe dhuwit. Iki rak njur tanpa nganyang ki rak ngono kuwi ta?"*  
 Bu Bas : *"Hmm..."*  
 Hardjo : *"Sebab cocok karo karepe!"*  
 Bu Bas : *"Ha'a...mula suk seje dina..."*  
 Hardjo : *"Ha'a..."*  
 Bu Bas : *"Aku ya kudu kok senengke atiku..."*  
 Hardjo : *"Mesthi wis!"*  
 Bu Bas : *"Kok tukokke sing dadi kesenganku..."*  
 Hardjo : *"Halah...kowe ki njaluk apa suk dak tukokke!"*  
 Bu Bas : *"Ha'a..."*  
 Hardjo : *"Ha saiki dhite endi?"*  
 Bu Bas : *"Dhit apa?"*  
 Hardjo : *"Lhoh, welah...dhuwit lemu payon kebo 3 kuwi?"*  
 Bu Bas : *"Was...kowe ki wong kok nek dikandhani tanpa dhong lho kowe ki!"*  
 Hardjo : *"Lhoh!"*  
 Bu Bas : *"Dikandhani kuwi wis diarepi..."*  
 Hardjo : *"Haiya 3!"*  
 Bu Bas : *"Sing 2 digawa..."*  
 Hardjo : *"Ha'a..."*  
 Bu Bas : *"Sing siji kuwi ditinggal pinangka kanggo pikukuh awake dhewe kuwi, nek ra wong apik atine ki sengara gelam lho Pak!"*  
 Hardjo : *"Walahh...kowe ki gek kowe ki wong apa?"*  
 Bu Bas : *"Kuwi dhite ki keru..."*  
 Hardjo : *"Dituku kuwi?"*  
 Bu Bas : *"Ha'a!"*  
 Hardjo : *"Njur nggawa kebo kene 2?"*  
 Bu Bas : *"Lhaiya, neng kuwi wis dadi wek'e kana kabeh ngono!"*  
 Hardjo : *"Walahh...lemu omong kok cethane ora jamak, kok rumangsamu kok le angler kaya wis...wahh...kebo 3 ki dituku kabeh..."*  
 Bu Bas : *"Wis..."*  
 Hardjo : *"Digawa 2..."*  
 Bu Bas : *"Ha'a..."*  
 Hardjo : *"Neng dhuwite keru..."*  
 Bu Bas : *"Ha'a..."*  
 Hardjo : *"Sing 1 siji kanggo cekelan..."*  
 Bu Bas : *"Ha kuwi nek ra wong apik atine apa gelem?"*  
 Hardjo : *"Apik kepiye ki kebone dhewe nggo cekelan ki njur ngapa kok?"*

## Lampiran 2

- Bu Bas : “Was...kowe ki wong sing bodhomu ra jamak kok kowe ki!”  
 Hardjo : “Wehh...kuwi kebone dhewe kok dadi nggo cekelan dhewe ki...”  
 Bu Bas : “Uwis dituku, dikandhani wis dituku kok!”  
 Hardjo : “Dhite endi kok, tempiling sisan kowe engko. Wong ra eneng dhuwite kok wis dituku...wis dituku!”
- Bu Bas : “Kuwi dikandhani dhuwite ki keru...”  
 Hardjo : “Elho!”  
 Bu Bas : “Nek ra wong apik atine apa ninggal kebo siji?”  
 Hardjo : “Halahh, kowe dak kandhani ya, alahh...ha kok wong kok kaya ngono ki gek kepiye, kok rumangsamu kok le anglere rumangsane kaya wis tanpa dhuwit sapirang-pirang. Kebo 3 payu kabeh, neng wonge sing tuku kuw ya wis arep 3 kuwi dituku kabeh...”
- Bu Bas : “Wis...”  
 Hardjo : “Siji (1) pira?”  
 Bu Bas : “Selawe (25)!”  
 Hardjo : “Selawe (25), dadi kabeh pitung puluh lima (75)...”  
 Bu Bas : “Lima...”  
 Hardjo : “Neng dhuwite keru...”  
 Bu Bas : “Keru...”  
 Hardjo : “Njur kebomu digawa loro (2)...”  
 Bu Bas : “Loro (2)...wis...”  
 Hardjo : “Kowe nyekeli siji...wahahaa...dhuh, iki gek...alahh Gusti...iki gek...”  
 Bu Bas : “Piye Pak?”  
 Hardjo : “Wong apa kowe kuwi? Ha kowe...”  
 Bu Bas : “Piye, seneng ora?”  
 Hardjo : “Piye-piye, kowe kleru ngono kok. Malah kok le nggenahke kok le...”  
 Bu Bas : “Lho, wong ki nek bodho...”  
 Hardjo : “Wehh!”  
 Bu Bas : “Ki mesthi nyengeni uwong!”  
 Hardjo : “Kowe dak kapakke ta ya, a dak antemi ngono piye...”  
 Bu Bas : “Ha kok aku kok njur salahku apa lho? Aku ki wong wedok nang ngomah wis kok weling...”
- Hardjo : “Ya...”  
 Bu Bas : “Dak tinggal dagangan...”  
 Hardjo : “Hmm...”  
 Bu Bas : “Semene cacaha, regane semene!”  
 Hardjo : “Payu...”  
 Bu Bas : “Wong wis diarepi tenan!”  
 Hardjo : “Wis...”  
 Bu Bas : “Dituku genah sasen we ora nganyang lho!”  
 Hardjo : “Ora nganyang, ha’a!”  
 Bu Bas : “Lha kok isih salah ki nek ra saking bodhomu!”  
 Hardjo : “Le salah ki njur, njur dhite endi hara?”  
 Bu Bas : “Dikandhani keru!”  
 Hardjo : “Hara ta ya, kowe kono. Apa wong kok mung dikek’i dhuwit keru ki njur gelem ki piye? Ha kuwi rak ya omongane wong ngapusi ta kaya ngono kuwi. Kowe ki diapusi, neng ora krasa, ngono. Akeh wong saiki wong pinter ngapusi kaya ngono kuwi, haraa!”
- Bu Bas : “Haiya wong kowe kuwi...”  
 Hardjo : “Gek kebomu kuwi, kebone dhewe kuwi rak 3 ta?”  
 Bu Bas : “Lha iya!”  
 Hardjo : “Wis digawa 2...”  
 Bu Bas : “Ha’a...”  
 Hardjo : “Harah...piye!”  
 Bu Bas : “Sing siji...”

- Hardjo : *“Ditinggal siji...”*
- Bu Bas : *“Ditinggalke awake dhewe...”*
- Hardjo : *“Dadi 3 ki rumangsane wek’e kana kabeh wisan?”*
- Bu Bas : *“Haiya, terang nek thek’e kana ngono kok piye ta kuwi?”*
- Hardjo : *“Kowe ki wong gendheng dak kandhani, wong mung diarepi thothok we, ha mbok kuwi mau omah ki diarepi kabeh modar kowe, hara!”*
- Bu Bas : *“Ass...karepmu Pak nek kowe ra ngerti!”*
- Hardjo : *“Kowe ki rumangsane ngene, kowe ki janjane wong bodho, neng rumangsamu ki wis bener, neng janjane kleru. Ngene, klerune kuwi dhuwit ki urung ditampa, haiya nek bali mreng, nek ra bali piye? Ha saiki ngene bae, rehning kowe ki wis kebacut kleru, nek eneng wong bodho sing ngungkuli kowe, kowe ra dak pegat. Ning, nek eneng wong sing gebangeten ngungkuli kowe, ora dak pegat ning nek ora eneng wong sing bodho ngungkuli kowe, kowe dak pegat. Wis, ngono bae! Wis saiki...”*
- Bu Bas : *“Ahh, ya wis karepmu Pak!”*
- Hardjo : *“Wis, aku arep lunga, saiki ngono bae”*
- 
- Darsono : *“Wahh...wis, tas disaponi kok wis andang reged maneh, haiya nyatane nang ngisor wit pring. Ha kok ya aku, kok rumangsaku kok dadi ya njur maune saguh dadi juru kunci ki njur kepiye ta aku kuwi? Wahh...nek kancane mono ketoke ya akeh neng tanpa ana sing kena dijak omong. Hee...wis, rumangsaku dadi juru kunci ki kaya seje karo sejene ketoke uwong ning kaya setengah uwong. Ora tau weruh ngomah, anggere arep ditinggal mulih engko gek ana kuburan sing ilang sing dak semelangi kuwi. Eee...wis, ndilalaha we kok ya wis ora ana sing ngribeti, anak ora duwe, bojo ra duwe. Dadi uripku ki malah kaya urip kepeneran. Ngguh sing jenenge mati ngono wis ora getun. Ha kepiye, ora rupa ora bandha, ora anak, ora bojo, ha mati mangka mung gerak cedhek mung gerak ngguling mak ‘blung’. Ehh...haiya wis, haiya kepiye ta, nek ndelok lehku sekolah ki maune ki dak kira ki ora arep dadi juru kunci aku ki, kok ya wis dadi juru kunci. Ha, ning ya mung manut karo simbah, biyen ya dadi juru kunci, bapak dadi juru kunci. Eh, haiya sing jenenge gawean ki waton tumindak sing apik. Ha nek pancen isane njur kaya ngene njur arep kepiye. Lehku mikir ya wis dak penakake, wis awak ijen njur arep ngapa. Ha ning ya mesa ana kebungahaning ati anggere sasi Ruwah, apa sasi Ba’da rumangsaku ya lehku, aku ya isa salin jarit, isa salin klambi, apa meneh anggere akeh lelara kuwi lhah aku jan seneng, hehee. Kaya telung dina pisan kisen...telung dina pisan kisen, kaya kena dak etung lho. Wee...lahh, apa meneh wis dak pujek-pujekke pagebluk ngono. Ha upama kelakon begebluk mangka aku tiba dhisik dhewe le nyat, wahh. Ha wis wong ki anggere rerasan njur klera-kleru malah kaya ngene ki. Keterangane wong rekasa karo kepenak ki merga guneman ki nyata. Nyatane anggere wis kleru ya kangelan le mbaleni maneh, sing krungu ki wis akeh padhane kleru, muni ala wis dha ngerti. Balenana ya wis dha ngerti. Ha ning ya wis kepiye maneh, lehku mikir ya dak longgarake maneh njuran, kurang apa aku dhek enom ya wis kaya ngana, anake wong sugih, apa-apa wis keturunan. Eh kok ana wong mlipir-mlipir kae, apa arep ngirim, apa arep...mung wong liwat, nak liwat kok kaya ilang-iling ilang-iling. Lhoh, kok malah mara, lhoh kok mreng kae malahan...”*
- 
- Hardjo : *“Tra..Tra!”*
- Darsono : *“Ohh...”*
- Hardjo : *“Lha, gene ki lehmu jaga kok le isak-isik isak-isik mung nyaponi...”*
- Darsono : *“Ahh...haiya wis pancen gaweane kaya ngene njur arep kepiye?”*
- Hardjo : *“Rumangsaku kok, haiya tekna kowe gaweane dadi juru kunci...”*
- Darsono : *“Naa...”*
- Hardjo : *“Naluri mbahmu, bapakmu biyen!”*

## Lampiran 2

- Darsono : *"Ha iki ya wis rada sauntara rong sasi we ra ana kisen apa-apa, kowe sida arep mati pa Kang?"*
- Hardjo : *"Ha, wong..."*
- Darsono : *"Mbok nggo isen-isen ngono lho tinimbangane aku ki ngono kok...nglangut!"*
- Hardjo : *"Wangsulamu ki nek dak pikir, haiya wong pujine juru kunci..."*
- Darsono : *"Lho, lha iya..."*
- Hardjo : *"Juru kunci sing dijaga jaratan, mangane nek ana wong mati, lha wis..."*
- Darsono : *"Lha piye..."*
- Hardjo : *"Senenge nek ana wong mati, nek ana wong ngirim, lha kuwi uripmu ki mung, mung nggon kembang!"*
- Darsono : *"Mula ngono ya, kowe ki nek pancen kanca becik karo aku welasa karo aku ta Kang!"*
- Hardjo : *"Ya...ya..."*
- Darsono : *"Ora ketang sedhela kowe ki matia..."*
- Hardjo : *"Hehee...kuwi nek dak pikir ki kowe ki, haiya wong kuwi wis pas ngono kuwi!"*
- Darsono : *"He'em..."*
- Hardjo : *"Ora nana wong juru kunci kok 'aja ana wong mati' kuwi pujine, wis sengara..."*
- Darsono : *"Hmm..."*
- Hardjo : *"Haiya ta, kuwi entuke dhuwit nek entuk wajib barang ki nek ana wong mati..."*
- Darsono : *"Haiya..."*
- Hardjo : *"Gawe jugangan, kuwi mu dadi hasilmu, iya ta?"*
- Darsono : *"Aku ki ora isin wong jenenge, ha njur arep kepiye ta aku ki nyambut gawe?"*
- Hardjo : *"Haiya..."*
- Darsono : *"Kowe ki ya ra nde lungsuran apa-apa?"*
- Hardjo : *"Harah ta ya, lak iya ta...wahh, ha ki engkone kamangka ki nek dak pikir ki wong urip ora kaya ngono kuwi..."*
- Darsono : *"Ha'a..."*
- Hardjo : *"Ngono..."*
- Darsono : *"Iya..."*
- Hardjo : *"Ya pujimu ya sing apik, mung nek ana wong ngirim bae, ngono!"*
- Darsono : *"Iya..."*
- Hardjo : *"Sing sih karo kowe, ngono. Aja mujekke ana wong mati, ha kowe ki dadi uwong kok mujekke uwong!"*
- Darsono : *"Lhoh, pikiren ta dak kandhani..."*
- Hardjo : *"Haiya..."*
- Darsono : *"Lelakonku wis, lelakonku..."*
- Hardjo : *"Piye, ngomonga piye?"*
- Darsono : *"Upama kowe isa nglakoni kepiye!"*
- Hardjo : *"Bojomu piye?"*
- Darsono : *"Lho, wong wis ora nana kok takon bojo..."*
- Hardjo : *"Bojo ora nana, lunga pa?"*
- Darsono : *"Ooo...lha wis mati kok ndadak kepiye-kepiye ta?"*
- Hardjo : *"Lho, wis mati pa piye?"*
- Darsono : *"Uwis..."*
- Hardjo : *"Bojomu?"*
- Darsono : *"He'em..."*
- Hardjo : *"Sokor ngono...hehehe...lhoh, gene kok kowe ora katut lehku sokor ki ngono..."*
- Darsono : *"Arep katut wis ora ana nggone..."*
- Hardjo : *"Halah, ha mbok nyelakke ngono kok!"*
- Darsono : *"Ki kok kadingaren ana apa ta?"*
- Hardjo : *"Ha, malah kepenak ta uripmu, ora anak ra bojo..."*
- Darsono : *"He'em..."*
- Hardjo : *"Kowe nek duwe anak nde bojo sing nggo ngingoni apa?"*
- Darsono : *"Mula kuwi..."*
- Hardjo : *"Mung kok golekke kembang nang njaratan, hara!"*

## Lampiran 2

- Darsono : *"Haiya mulakna ki aluwung urip ijen!"* ”  
 Hardjo : *"Awakmu malah kuru, saya suwe saya kuru ngono mbok wis ngalih ora nang njaratan!"* ”
- Darsono : *"Senajana kuru ki ning rak ora tau memangan kaya aku ki!"* ”  
 Hardjo : *"Hohoho...lhaiya..."* ”  
 Darsono : *"Wong arang-arang..."* ”  
 Hardjo : *"Lhaiya...ning pujimu ya ning gedhegane..."* ”  
 Darsono : *"Hmm..."* ”  
 Hardjo : *"Mung nak Ruwah kowe..."* ”  
 Darsono : *"Lhaa..."* ”  
 Hardjo : *"Jan penak uripmu nak Ruwah..."* ”  
 Darsono : *"Ki sing dak semelangi ki...nek..."* ”  
 Hardjo : *"Mbagusi kowe...hehehee..."* ”  
 Darsono : *"Ya, kuwi..."* ”  
 Hardjo : *"Angger Ruwah jan ketok bagus kowe..hehe..."* ”  
 Darsono : *"He'em..."* ”  
 Hardjo : *"Ha piye, kebak, jaratan kebak uwong!"* ”  
 Darsono : *"He'em, ketok enom ning pucet kae. Mbok ya aja ngece ta Kang, kok le!"* ”  
 Hardjo : *"Elhoo...ha piye, kabeh ki rak ngono ta?"* ”  
 Darsono : *"He'em..."* ”  
 Hardjo : *"Penguripan ki rak warna-werna ta, nggon apa?"* ”  
 Darsono : *"Iya..."* ”  
 Hardjo : *"Padhane, nggon kesenian, Agustus, iya ra?"* ”  
 Darsono : *"Iya..."* ”  
 Hardjo : *"Ki mesthi seneng...akeh ngendi tanggapan ngendi-endi..."* ”  
 Darsono : *"Seneng ki nek dijak, nek ora ya ora!"* ”  
 Hardjo : *"Ahahaha..."* ”  
 Darsono : *"Aku anggere..."* ”  
 Hardjo : *"Elho!"* ”  
 Darsono : *"Kowe muni wis genep pa 'uwis', ngono ki?"* ”  
 Hardjo : *"Ahahaha...lha kowe ya, ora dijak ya meneng bae, kowe ya nonyol-nonyol engko nak dijak ya sabayar-bayare, engko wis bayari, nggrundeli. Ha wong kowe muni ngono, le muni diteni, haiya wis emen kok bul...karang dadi ngarep ki ya nggunting barang gaweane kok...hehe..."* ”
- Darsono : *"Haiya iki..."* ”  
 Hardjo : *"Ha ya wis emen, ha digunting ya kuwi bagiane ngarep e piye. Ha nek ra nggunting njur nggunting sapa?"* ”
- Darsono : *"Lhaiya..."* ”  
 Hardjo : *"Aku kerep diguntingi nganti gundhul...ora ngandel takona kuwi ngono kandhani!"* ”
- Darsono : *"Ha nek cara aku njur arep apa?"* ”  
 Hardjo : *"Elhoh, kowe nggunting kijing kuwi nggo apa!"* ”  
 Darsono : *"Jebul, haiya wis jenengane ki..."* ”  
 Hardjo : *"Piye?"* ”  
 Darsono : *"Wong ki anune dhewe-dhewe..."* ”  
 Hardjo : *"Lha iya...mula, kowe karo aku ki lak kaya sedulur ta?"* ”  
 Darsono : *"Hmm..."* ”  
 Hardjo : *"Lha iya ta?"* ”  
 Darsono : *"He'em..."* ”  
 Hardjo : *"Sedulur ki endi sing ana, kamangka kowe ra tau ana, iya ta?"* ”  
 Darsono : *"Ya rung karuan, wong ki lak ya ra anu ta...aja omahmu apik lho!"* ”  
 Hardjo : *"Wahh, sedulur ki endi sing ana!"* ”  
 Darsono : *"Lhoh!"* ”  
 Hardjo : *"Ha kamangka kowe ki ra tau ana, ha wis!"* ”  
 Darsono : *"Lhoh, ya njur aja kaya ngono kuwi Kang..."* ”

- Hardjo : “Njur, piye?”  
 Darsono : “Njur jarit ki thek sapa?”  
 Hardjo : “Lhoh, lha iki jaritku!”  
 Darsono : “Lhaiya nggonen...”  
 Hardjo : “Hehehe...lha ngono kuwi kok jebul, ning aku ki ya kok ngala-ala ki...”  
 Darsono : “Ora...”  
 Hardjo : “Wong aku ki urip ki duwe nganu dhewe-dhewe iya ta?”  
 Darsono : “He'em...”  
 Hardjo : “Nasib dhewe-dhewe!”  
 Darsono : “Mula kuwi aku ya wis dak etung nggon nasib kuwi mau...”  
 Hardjo : “Apa?”  
 Darsono : “Wis njur nrima, ngono!”  
 Hardjo : “Lhaa...”  
 Darsono : “Rak ya wis...”  
 Hardjo : “Aku ya tinggalane mbahku...”  
 Darsono : “He'em...”  
 Hardjo : “Kowe ya tinggalane mbahmu, biyen gek padha kowe karo aku gek padha nome ya kaya ngana kae, iya ta?”  
 Darsono : “He'em...”  
 Hardjo : “Ha saiki kowe dadi juru kunci, ha mbok ganti dadi juru silem, piye ngono. Wani ra nyemplung segara?”  
 Darsono : “Ya nek le isa ki isa, ngono ki lak...”  
 Hardjo : “Piye?”  
 Darsono : “Semelang engko nek kepethuk yuyu aku ki...”  
 Darsono : “Haraa, malah malah kowe dadi andhe-aadhe lumut, ngono!”  
 Darsono : “Kowe ki arep neng endi ta?”  
 Hardjo : “Kok pethuk yuyu apa?”  
 Darsono : “Kowe ki seka ngendi?”  
 Hardjo : “Ehm...uhuk, aku ki jane nek mangkel ya mengkel...”  
 Darsono : “Kowe ki watuk ta?”  
 Hardjo : “Piye ta?”  
 Darsono : “Oohh, kok ra wingi-wingi dak kerukke lumut kijing ki pa?”  
 Hardjo : “Ehe...”  
 Darsono : “Engko dimamah sagegem, kowe njur logro!”  
 Hardjo : “Terus modar, wong watuk kok dikek'i kerokan kijing ki njur kuwi tamba apa?”  
 Darsono : “Ngene, sawap pandongane, engko nek katutan ketunggeng!”  
 Hardjo : “Elho, wong kowe ki ya nek omong ya mung...neng kanca ki ya dak anggep piye wis ra piye-piye...”  
 Darsono : “Ana apa ta, kowe ki ana apa?”  
 Hardjo : “Wis ra isi piye-piye, aku ki ngene, karang wong godhane wong ki ya ta?”  
 Darsono : “He'em...”  
 Hardjo : “Werna-werna, ngono!”  
 Darsono : “Iya...”  
 Hardjo : “Haiya, bojoku ki rak nang omah ta, lha kok kapusan uwong ta, piye?”  
 Darsono : “Ohh, ha wong kapusan ki ra nang omah ra nang dalan, lho uwong ki le ngapusi saenggon-enggon, ngono...”  
 Hardjo : “Ha'a ta?”  
 Darsono : “Nek ngerti a dapusi, nang kana-kana ra sida le ngapusi ki!”  
 Hardjo : “Wong ngapusi ki akeh ta?”  
 Darsono : “Ya akeh!”  
 Hardjo : “Haiya kowe barang kuwi, ngono ya ra?”  
 Darsono : “Ora...”  
 Hardjo : “Ha nyatane kowe ya njilih klambi ya blas tanpa bali, seprene!”  
 Darsono : “Wis nyoh wis, klambi we isin aku nek bab klambi ki...”  
 Hardjo : “Lhoh ya uwis dinggo kono kok!”

## Lampiran 2

- Darsono : *"Iki nang kuburan lho Kanga?"*  
 Hardjo : *"Lhaiya uwis dinggo kono nggonen!"*  
 Darsono : *"Nyoh, iki wis. Nyoh bali!"*  
 Hardjo : *"Lha kok balekke njur sing kok enggo apa?"*  
 Darsono : *"Aku nganggo kuwi sing kok enggo kuwi!"*  
 Hardjo : *"Ha malah apik iki e malah!"*  
 Darsono : *"Ya mula dak silihe!"*  
 Hardjo : *"Mbalekke kuwi njaluk iki, ha neh malah ketenggel awakku kok jebul!"*  
 Darsono : *"Ha ya mulakna ora sah diowah-owah. Klambi neng kene ya wis krasan, nang nggonmu kok nggo apa klambi ki?"*  
 Hardjo : *"Haiya dinggo!"*  
 Darsono : *"Ha nang kene ya dinggo padha bae!"*  
 Hardjo : *"Mulane ki ya wis ngene bae..."*  
 Darsono : *"He'em..."*  
 Hardjo : *"Aku ki nek kelingan nek nyritakke lelakonku kaya ngono kuwi, neng ngomah kok padha bae karo le a dapusi..."*  
 Darsono : *"Le kapusan kepiye ta kuwi?"*  
 Hardjo : *"Bojoku ki rak bodho banget ta hara!"*  
 Darsono : *"Ohh..."*  
 Hardjo : *"Bojoku si Ciput kae!"*  
 Darsono : *"Iya wis weruh aku..."*  
 Hardjo : *"Walahh..."*  
 Darsono : *"Wis ngira, potongane wong bodho kaya ngana kae..."*  
 Hardjo : *"Haiya...nek rupane ayu..."*  
 Darsono : *"Iya..."*  
 Hardjo : *"Ayu rupane kuwi..."*  
 Darsono : *"Iya...karo kowe we ayu kana kok, ya sedhengan jenengane ki...!"*  
 Hardjo : *"Kuwi, wangsulanmu ki...haiya ayu ta ningan rupane, ning bodhone kuwi lho..."*  
 Darsono : *"Ohh..."*  
 Hardjo : *"Dak tinggal dagangan 3, kebo 3..."*  
 Darsono : *"Ohh..."*  
 Hardjo : *"Regane 25ewu siji..."*  
 Darsono : *"Haiya..."*  
 Hardjo : *"Harah...kuwi le muni dituku kabeh wonge kuwi, ngono ta?"*  
 Darsono : *"Ohh, payu...ohh, jeneng wis payu..."*  
 Hardjo : *"Ha'a...payu, iya ta?"*  
 Darsono : *"He'em..."*  
 Hardjo : *"Dituku kabeh, digawa loro ning uwonge ora nggawa dhuwit, dhuwite lali, ngono!"*  
 Darsono : *"Lhoh, kok ora nggawa dhuwit kok nggawa 2 ki piye?"*  
 Hardjo : *"Haiya, 3 ki diborong kabeh. Dikekke ta karo bojoku!"*  
 Darsono : *"Regane neng wis diarepi?"*  
 Hardjo : *"Wis...njur digawa loro ditinggal siji, sing siji nggo cekelan, ngono!"*  
 Darsono : *"Kuwi omangan..."*  
 Hardjo : *"Bojoku!"*  
 Darsono : *"Kuwi penemune bojomu?"*  
 Hardjo : *"He'em, rumangsane kaya wis didhuwiti bae!"*  
 Darsono : *"Ning urung nampa dhuwit?"*  
 Hardjo : *"Alahh, sak ndhil we durung kok kepiye ta!"*  
 Darsono : *"Dadi kebone ditinggal siji ki minangka dinggo manjer?"*  
 Hardjo : *"Ha'a...ngono!"*  
 Darsono : *"Mangka kebone dhewe?"*  
 Hardjo : *"Haiya, rak kuwi rak jenenge wong kapusan ta?"*  
 Darsono : *"Mbok ya digoleki wonge kuwi kok le?"*  
 Hardjo : *"Wahh, wonge lemu...sajak rada kuru, ngono lho!"*

- Darsono : *"Hmm..."*
- Hardjo : *"Angel kuwi wonge potongane, rupane ki ngene ya..."*
- Darsono : *"Dadi rupane ki gojag-gajeg ngono ta kuwi. Lhoh nek lemu ki ya!"*
- Hardjo : *"Rupa kok gojag-gajeg kepiye ta?"*
- Darsono : *"Lhoh, nek lemu ya lemu, nek kuru ya kuru, ngono. Tegese..."*
- Hardjo : *"Wonge ki kulite ki kuning sajak rada biru ngono dadi..."*
- Darsono : *"Hmm...piye, kuning rada biru ning rambute ijo ngono pa piye?"*
- Hardjo : *"Elho, ha'a wong kuwi ki jim. Hahaa..."*
- Darsono : *"Kowe ki weruh ora, wonge?"*
- Hardjo : *"Wonge ki genah, ah lha wis weruh wong padha blantik kok kuwi kok jebul!"*
- Darsono : *"Ohh...neng wis tau weruh?"*
- Hardjo : *"Wis tau weruh, wonge mriki wonge rada lemu ngono!"*
- Darsono : *"He'em..."*
- Hardjo : *"Sasate aku wis ora pangling karo wonge kuwi!"*
- Darsono : *"Iya..."*
- Hardjo : *"Wong biyen wis tau sawungan karo aku, lha mrono aku ra nana ngapusi bojoku lho, piye, ko ngono kuwi?"*
- Darsono : *"Ya ra piye-piye kok priye-priye. Ya mung kuwi jenengane agi apese bojomu..."*
- Hardjo : *"Lho lha ya wong diapusi ki jenenge wong ora apes, sing elek ki ya sing ngapusi kuwi, ngono!"*
- Darsono : *"Njur karepmu ki piye..."*
- Hardjo : *"Wahh..."*
- Darsono : *"Kon nggoleki aku ngono pa?"*
- Hardjo : *"Nah, ngene nek mbok menawa kowe weruh..."*
- Darsono : *"Ha'a..."*
- Hardjo : *"Wong sing tumindak kaya ngono kuwi duduhna aku, engko dak laporne!"*
- Darsono : *"Ohh, haiya..."*
- Hardjo : *"Kuwi jenengane wong ngapusi!"*
- Darsono : *"Ya ki rehning aku karo kowe ki ya wong kanca becik ta?"*
- Hardjo : *"He'em..."*
- Darsono : *"Iki rak malem jemuwah kliwon ta?"*
- Hardjo : *"Wahh, iya ki..."*
- Darsono : *"Ki dak golekane!"*
- Hardjo : *"Wadhuh!"*
- Darsono : *"Kowe engko bengi turua kene sewengi bae. Tunggakna sedhela!"*
- Hardjo : *"Gemang, kon turu kene, aku turu ngomah we wedi e!"*
- Darsono : *"Iki ki akeh rejeki dak kandhani..."*
- Hardjo : *"Haiya kowe, lha aku kon melu adol geni ngapa?"*
- Darsono : *"Ha lehku nggoleki neng endi kok jebul..."*
- Hardjo : *"Lhoh, lha iya mbok menawa. Ninga ku sesuk rak mreng..."*
- Darsono : *"He'em..."*
- Hardjo : *"Ketemu karo kowe, ngono. Ning nak bengi-bengi aku emoh!"*
- Darsono : *"Haiya wong aku ki engko bengi ya ana sing sok tirakatan mreng!"*
- Hardjo : *"Ya..."*
- Darsono : *"Haiya sesuk-sesuk dak kabari nek ketemu. Wonge kaya ngapa kuwi?"*
- Hardjo : *"Wehh, lemu. Haiya kuwi dak omongke wonge rada lemu!"*
- Darsono : *"Aku wis tau weruh durung kira-kira?"*
- Hardjo : *"Wonge lemu, wetenge rada gedhe ngono lho!"*
- Darsono : *"He'em, wis pokoke anggere wonge wetenge gedhe takoni ngono pa piye?"*
- Hardjo : *"Lho, waton weteng gedhe-gedhe. Ya kuwi, wonge wis kaya ngono kuwi wis, wonge ketara wis wonge kuwi. Klambine lurik larak kandhang ngono lho!"*
- Darsono : *"Ohh..."*
- Hardjo : *"Klambine lurik..."*
- Darsono : *"Yaa..."*
- Hardjo : *"Jarite latar ireng, ikete semen!"*

- Darsono : *“Ora tau salin ta wonge kuwi?”*  
 Hardjo : *“Ora, ikete semen ngono!”*  
 Darsono : *“Ooo...ikete semen njur?”*  
 Hardjo : *“Klambine bata!”*  
 Darsono : *“Ya wis engko dak anune, ya mbok menawa engko dak takon-takonane...”*  
 Hardjo : *“Nganggo caping nggunung, haiya wis wonge kaya ngono kuwi wis!”*  
 Darsono : *“Sesuk mben pa engko sore...”*  
 Hardjo : *“Engko sore dak mreng neh ya?”*  
 Darsono : *“Ohh iya...”*  
 Hardjo : *“Nek aku liwat ketemu karo kowe mbok menawa ngono ya?”*  
 Darsono : *“He'em...haiya nek ra ketemu...aja nang omah, aku ki pancen nggone kene, aku ki ra tau mulih sok'an!”*  
 Hardjo : *“Lhoh, lha omahmu piye?”*  
 Darsono : *“Haiya wis mung entek wisan!”*  
 Hardjo : *“Ohh...ra duwe omah ta wisan?”*  
 Darsono : *“Ora...kae mung geri tinggalane simbah, kae sing wetan omah, kae maune wis dhoyong ngidul dak songkok seka lor...”*  
 Hardjo : *“Ooo...”*  
 Darsono : *“Dadi malah krungkep. Cendhik ning kukuh malahan. Ha iki wis dak loloski dak nggo cakruk neng kene iki...”*  
 Hardjo : *“Ohh, haiya..wis malahane...kuwi jenenge kowe tirakat!”*  
 Darsono : *“Ha'ah, tirakat ning sajegke..hehee...”*  
 Hardjo : *“Haiya wis ngono bae, ya wis ya Tra!”*  
 Darsono : *“Ya..ya...”*  
 Hardjo : *“Aku dak lunga sik ya!”*
- 
- Basiyo : *“Hehe...hehehe...haiya jamak lumrahe, wong karep digdaya sing kaya ngapa, kendel sing kaya ngapa, anggere mlebu njaratan kok mesthi ya atine ki gempal. Ahaha...haiya semono wong mati kabeh, haiya kepiye harah. Mangka aku ki jane sirikan lho ngirim ki. Wahh, njur mangu-mangu, sitok we ra ana wong nang kene. Tur aku suk ya nang kene wangune. Wahh, haiya kudu kok wedi ki kudu, lha kok kae ki malah ana wong ndhekem nang kana kae ya wong ngirim. Nuwun!”*  
 Darsono : *“Sapa iki?”*  
 Basiyo : *“Kula!”*  
 Darsono : *“Kula sapa?”*  
 Basiyo : *“Kula!”*  
 Darsono : *“Arep golek enggon pa?”*  
 Basiyo : *“Ketoke wong kuru...klular-klurur kok sengkring ngono lho....boten!”*  
 Darsono : *“Kuwi badan wadag apa badan alus?”*  
 Basiyo : *“Ha iki, welah gek apa iki ya. Ha mundhut priksa Panjenengan menika dos pundi ta, wadag apa alus. Ha ketingal mrongkol menika kok. Ya wadag!”*  
 Darsono : *“Iya...aku ya turna ya wis ngerti, nek semono badan alus ki njur ayakane njur sepira, kuwi badan wadag?”*  
 Basiyo : *“Ha nggih kedah pun dheplok malih. Kok njur iki wong arep perlu e tiba..”*  
 Darsono : *“Aku, wong prihatian aja dijak geguyon!”*  
 Basiyo : *“Ooo...inggih, ngerti. Panjenenganipun menika tiyang prihatin?”*  
 Darsono : *“Prihatin!”*  
 Basiyo : *“Kula sampun mangertos, yen Panjenengan menika tiyang maratapa...”*  
 Darsono : *“He'em...”*  
 Basiyo : *“Tengeranipun menika, kagunganipun mripat, menika ketingal mlebet sanget!”*  
 Darsono : *“Yoh, pancen kowe wong waskitha, ngerti. Mula mripatku ki mlebu banget nang njaba isis!”*  
 Basiyo : *“Ha inggih, ha inggih kula menika inggih namung badhe ndherek tepang...”*  
 Darsono : *“Ya...ya...kena...”*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Gandheng kula menika inggih..."*  
 Darsono : *"Wis ya aku dak bali ya?"*  
 Basiyo : *"Mangke rumiyin, sampun..."*  
 Darsono : *"Iki omahku ngisor kene ki. Iki gerak 'bless' bablas aku!"*  
 Basiyo : *"Ooo...dados Panjenengan menika..."*  
 Darsono : *"Kowe mrene napa?"*  
 Basiyo : *"Dalemipun..."*  
 Darsono : *"Kene...kene iki..."*  
 Basiyo : *"Inggih kuburan menika..."*  
 Darsono : *"Kepeneran, kowe begja kemayangan...ketemu karo aku agi pas ngisis kowe teka...dhonge ora ngetok...ning bareng kowe dak ketoki!"*  
 Basiyo : *"Dados Panjenengan menika pancen ora ngetok..."*  
 Darsono : *"Ohh, ora..."*  
 Basiyo : *"Lajeng pun ketokaken..."*  
 Darsono : *"Iya, sebab ana perlu!"*  
 Basiyo : *"Amargi, manggihi kula?"*  
 Darsono : *"He'em...prihatin!"*  
 Basiyo : *"Dalem Panjenengan kuburan ingkang ngandhap kijing bolong menika..."*  
 Darsono : *"Iki...iki gilo, nek ra ngandel sikilku wis nyemplung separo gilo. Iki mung keru 'blung'!"*  
 Basiyo : *"Ampun, mangke rumiyin..."*  
 Darsono : *"Aja...nek perlu tenan dak enteni..."*  
 Basiyo : *"Inggih..."*  
 Darsono : *"Sikilku dak unggahne!"*  
 Basiyo : *"Lajeng Panjenengan menika piyantun pundi sajatosipun?"*  
 Darsono : *"Aku wong ya njero kene, ngisor kene!"*  
 Basiyo : *"Ohh, dados inggih..."*  
 Darsono : *"Sing ngreksa kene, sing duweni wong pirang-pirang iki, iki sing kuwasa aku!"*  
 Basiyo : *"Dados dhaerah pemejahan menika..."*  
 Darsono : *"He'em...kok dhaerah pemejahan ki kepiye?"*  
 Basiyo : *"Dhaerah tiyang pejah sedaya menika..."*  
 Darsono : *"Aku sing kuwasa!"*  
 Basiyo : *"Ohh..."*  
 Darsono : *"RT aku!"*  
 Basiyo : *"Malah...malah kula keleresan sanget!"*  
 Darsono : *"He'em!"*  
 Basiyo : *"Dene Panjenengan pejah kok kuwajiban saged ngetingal menika, kula nek ora ketiban ndaru ra isa..."*  
 Darsono : *"Bener...bener...lehku munggah ki ana keperluane..."*  
 Basiyo : *"Kamangka Panjenengan menika wajib nyacah-nyacahaken tiyang ingkang sami..."*  
 Darsono : *"Jiwa...jiwa kene!"*  
 Basiyo : *"Semari wonten mriki?"*  
 Darsono : *"Iya, nom tuwa, gedhe cilik, bayi we dak catheti!"*  
 Basiyo : *"Inggih..."*  
 Darsono : *"Kuwi kowe duwe ahli waris nang kene pa?"*  
 Basiyo : *"Kula menika mila, anak kula menika dipunpetak wonten mriki..."*  
 Darsono : *"Ohh..."*  
 Basiyo : *"Ha kula menika badhe ngintun..."*  
 Darsono : *"Sapa anakmu, jenenge sapa, sapa?"*  
 Basiyo : *"Anu..."*  
 Darsono : *"Ayo aja kesuwen, ora kena goroh lho, tiwas dak cathet engko kleru. Sapa jenenge?"*  
 Basiyo : *"Beja..."*  
 Darsono : *"Ohh, Beja?"*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Inggih..."*  
 Darsono : *"Umure pira?"*  
 Basiyo : *"Umuripun dereng kula sukani..."*  
 Darsono : *"Ya wis engko nek durung kek'i engko dak kek'ane sok wis..."*  
 Basiyo : *"Inggih..."*  
 Darsono : *"Bocahe sepira, bocahe?"*  
 Basiyo : *"Beja, inggih lare cekapan..."*  
 Darsono : *"Beja?"*  
 Basiyo : *"Menapa Panjenengan nggih priksa?"*  
 Darsono : *"Kosek...kosek...kosek...sek...sek...Beja...Beja...bocahe umur-umurane antaranane 11 taun 12 taun?"*  
 Basiyo : *"Inggih..."*  
 Darsono : *"Melu aku bocahe, melu aku!"*  
 Basiyo : *"Wadhuh, Pangeran..."*  
 Darsono : *"Sekolah dak sekolahke nang kana!"*  
 Basiyo : *"Walalh, sampun sinau?"*  
 Darsono : *"Wis...awake..."*  
 Basiyo : *"Alahh, Pangeran...Pepundhen kula..."*  
 Darsono : *"Iya..iya wis, ora sah..."*  
 Basiyo : *"Kok Panjenengan kersa nyakar anak kula menika..."*  
 Darsono : *"He'em...lho, kok nyakar ki piye?"*  
 Basiyo : *"Lho, timbang mupu!"*  
 Darsono : *"Lhoh!"*  
 Basiyo : *"Mupu anak kula menika kula matur sanget!"*  
 Darsono : *"Wis dak rengka anakku dhewe..."*  
 Basiyo : *"Inggih..."*  
 Darsono : *"Iki tas lara rong dina, wis dak keroki..."*  
 Basiyo : *"Ohh... ha, menawi kirang lisah..."*  
 Darsono : *"Arep kok pereske iketmu?"*  
 Basiyo : *"Boten, ha iki malah kula matur nuwun sanget..."*  
 Darsono : *"Iya...iya...iya..."*  
 Basiyo : *"Tinimbang kula menika, bandha kula namung kangge remen kiyambak..."*  
 Darsono : *"He'em..."*  
 Basiyo : *"Malah yen saged, kula aturi nyekolahaken yang lebih tinggi, menika arta kula sukakaken Panjenengan!"*  
 Darsono : *"Kuwi dhit seka ngendi kok le akeh men ki?"*  
 Basiyo : *"Ngaten, kula menika rak blantik..."*  
 Darsono : *"Blantik...ohh, blantik kewan?"*  
 Basiyo : *"Sanes..."*  
 Darsono : *"Bener, ha'a wis ketok. Apa?"*  
 Basiyo : *"Ohh, inggih. Kewan..."*  
 Darsono : *"Kewan, aku wis ngerti kewan!"*  
 Basiyo : *"Inggih..."*  
 Darsono : *"Kaya kowe ki kewan mesthi. Blantik kewan!"*  
 Basiyo : *"Inggih..."*  
 Darsono : *"He'em..."*  
 Basiyo : *"Inggih, inggih gandheng Panjenengan golongan ya leluhur!"*  
 Darsono : *"Ngerti sadurunge!"*  
 Basiyo : *"Kula boten badhe kok njawab!"*  
 Darsono : *"Iya...iya...iya..."*  
 Basiyo : *"Nggih badhe pun kewanaken, nggih purun!"*  
 Darsono : *"Wis sauni-uniku nengna bae!"*  
 Basiyo : *"Menggah Panjenengan menika sanes tiyang leluhur Panjenengan ki ya kaya kancil!"*  
 Darsono : *"Ehe...ning aku..."*

## Lampiran 2

- Basiyo : *“Ning kula boten wantun...”*  
 Darsono : *“Leluhur ki ya ra kena nesu, aku ya ra arep nesu!”*  
 Basiyo : *“Boten...menika kula menika rak blantik, blantik...kebo... kebo, sapi, sakecepengipun...”*  
 Darsono : *“Hmm...hmm...”*  
 Basiyo : *“Nganu, kirik nggih...”*  
 Darsono : *“Ohh, ya wis, pokoke kowe ki...”*  
 Basiyo : *“Blantik!”*  
 Darsono : *“Perlu arep nggoleki anakmu?”*  
 Basiyo : *“Inggih!”*  
 Darsono : *“Wis aja sumelang...”*  
 Basiyo : *“Gandheng kula wau angsal-angsalan kathah, badhe ngintuni...”*  
 Darsono : *“Ya...iya...iya...iya...ha’a...kene dak tampanane!”*  
 Basiyo : *“Inggih...”*  
 Darsono : *“Ning kowe sing lega lila!”*  
 Basiyo : *“Wahh, ndonya akhirat!”*  
 Darsono : *“He’em...sebab aku ya mung sadrema...”*  
 Basiyo : *“Inggih!”*  
 Darsono : *“Iki sedhela engkas aku jam 6 kurang seprapat...”*  
 Basiyo : *“Sampun kesesa...”*  
 Darsono : *“Ambles medhun...”*  
 Basiyo : *“Mangke kula tumpakaken sanesipun menika nggih?”*  
 Darsono : *“Apa, njur arep kepiye?”*  
 Basiyo : *“Mangke, taksih kangen kula!”*  
 Darsono : *“Iya...mengko dhisik ning aku dienteni wong akeh!”*  
 Basiyo : *“Ohh, inggih...”*  
 Darsono : *“Dienteni wong akeh...”*  
 Basiyo : *“Inggih...inggih...”*  
 Darsono : *“Lehku kesusu ki ngono!”*  
 Basiyo : *“Ohh, inggih...”*  
 Darsono : *“Anggere dhite dak tampani uwis...”*  
 Basiyo : *“Inggih...”*
- □ □
- Darsono : *“Nahh, wis...”*  
 Hardjo : *“Wis cilaka?”*  
 Darsono : *“Eh...”*  
 Hardjo : *“Lhoh, aku bali mreng, malah mampir kene maneh. Wis aku wis entuk dhit saka kiwa tengen kono kuwi mau. Dhek nu rak dha utang karo aku ta kono ki yoan?”*  
 Darsono : *“He’em...”*  
 Hardjo : *“Ha piye, kabare piye. Ha kuwi ndhuwur kuwi sapa kuwi?”*  
 Darsono : *“Haiya iki pa wonge pa iki pa?”*  
 Hardjo : *“Ohh...kosek...kosek...ha’a...”*  
 Darsono : *“Muni klambine lurik ki ya lurik ngono kok...”*  
 Hardjo : *“Nahh, ha iki...ha’a ta...wis jarit...ohh, kiyi...ya kiyi...”*  
 Darsono : *“Ha kiyi...”*  
 Hardjo : *“Wonge ya kiyi...”*  
 Darsono : *“Dhite wis dak gawa...”*  
 Hardjo : *“Lhoh!”*  
 Darsono : *“Dhite wis dak gawa!”*  
 Hardjo : *“Ha kok isa dhit kok gawa?”*  
 Darsono : *“Ha iki mau wis dak reka-reka njur...”*  
 Hardjo : *“Jebulane piye ta?”*  
 Darsono : *“Undangen ta, kuwi pa dudu?”*  
 Hardjo : *“Ha’a...”*  
 Darsono : *“Undangen!”*

## Lampiran 2

- Hardjo : “Eh, dhik!”  
 Basiyo : “Lhoh, kula!”  
 Hardjo : “Pangling karo aku?”  
 Basiyo : “Lhoh, kowe!”  
 Hardjo : “Lhoh, pangling ora. Wis ayo kowe manglinga...”  
 Basiyo : “Sapa ta ya?”  
 Hardjo : “Iyyaaakkk...ndadak takon...haiyak!”  
 Basiyo : “Nek kancaku blantik ke rada sinthir!”  
 Hardjo : “Lho...lho...”  
 Basiyo : “Ooalahh...”  
 Hardjo : “Sapa...nahh dingetke?”  
 Basiyo : “Sura...”  
 Hardjo : “Nha...gene ki ngerti?”  
 Basiyo : “Wahh...ya ngono ta Ra...”  
 Hardjo : “He’em...”  
 Basiyo : “Ya kuwi wong ki kudu nang nggon...”  
 Hardjo : “Piye?”  
 Basiyo : “Anu kene, gilo kowe dak duduhi...”  
 Hardjo : “Piye?”  
 Basiyo : “Iki sing mbaureksa kene...”  
 Hardjo : “He’em!”  
 Basiyo : “Ngerti, iki?”  
 Hardjo : “Sapa sing mbaureksa kene?”  
 Basiyo : “Iki!”  
 Hardjo : “Ohh...”  
 Basiyo : “Lha gek tes wae, kowe aja wani-wani karo iki...”  
 Hardjo : “Ohh...”  
 Basiyo : “Iki sing mbaureksa...”  
 Hardjo : “Iki sing mbaureksa kene?”  
 Basiyo : “Sing dhaerah kene ki iki sing nguwasani iki!”  
 Hardjo : “Lha iya iki sing nguwasani njaratan ki karang iki kok!”  
 Basiyo : “Lhaiya, malah iki mau arep bali e!”  
 Hardjo : “Ha’a, arep bali neng...ohh mrono?”  
 Basiyo : “He’em!”  
 Hardjo : “Mlebu mrono kuburan kono?”  
 Basiyo : “Iya...he’em!”  
 Hardjo : “Lha kok kowe dadi ketemu iki ngapa?”  
 Basiyo : “Elhoh, aku ki arep ngirim gandheng pas...”  
 Hardjo : “Ha’a?”  
 Basiyo : “Entuk-entukan...”  
 Hardjo : “Hmm...tas entuk-entukan ta?”  
 Basiyo : “Ha’a...”  
 Hardjo : “Haiya...njur?”  
 Basiyo : “Hmm...”  
 Hardjo : “Kiyi kekke kowe ha’a...”  
 Darsono : “Haiya dhite wis iki, iki wonge ya iki pa?”  
 Hardjo : “Ohh, haiya wis kuwi, wonge ya kuwi. Lha iki tunggale ana wong bodho meneh, iya ra?”  
 Darsono : “He’em...”  
 Hardjo : “Wong ki sok ana kalane pinter, ana kalane bodho...”  
 Basiyo : “Iki dak sandhet bali sik gek ‘an!”  
 Hardjo : “Ehehehe...”  
 Darsono : “Ehehehe...bali nang endi, aku balia ra duwe omah kok!”  
 Basiyo : “Selak arep kesusu mangke yen kedalon wonten mriki ndak, yen badhe wangsul samenika...”

## Lampiran 2

- Hardjo : *"Haa...saiki ngene bae..."*
- Darsono : *"Bali ki, pa aku pa nde omah pa. Aku ra nde omah!"*
- Basiyo : *"Criyosipun wae badhe ambles kesah?"*
- Darsono : *"Iyak nganti kaya gangsir ambles!"*
- Basiyo : *"Iki ki piye ta janjane ki?"*
- Darsono : *"Iki ki janjane ngono, kula ki dipasrahi kalih niki sedulur kula niki, niki tas kapusan le muni!"*
- Basiyo : *"Ha'a pa?"*
- Hardjo : *"Iyyaakk, kapusan genah karo bojoku kowe genah ketemu ra ketemu aku ketemu bojoku, nyatane kowe nggawa kebo 2. Saiki ngene wae..."*
- Basiyo : *"Ha'a!"*
- Hardjo : *"Iki apik-apikan aten..."*
- Basiyo : *"Piye?"*
- Hardjo : *"Nek kowe malah ora ngakoni malah dak gawa nang..."*
- Darsono : *"Wee..."*
- Basiyo : *"Bojomu..."*
- Hardjo : *"Nggone sing wajib!"*
- Basiyo : *"Ohh...sing lemu kae bojomu ta?"*
- Hardjo : *"Haiya bojoku kok jebul!"*
- Darsono : *"Muni wis tau ketemu?"*
- Basiyo : *"Haiya uwis nak ngono, klera-kleru..."*
- Darsono : *"Klera-kleru kepiye?"*
- Hardjo : *"Piye?"*
- Basiyo : *"Haiya wis dak balekke wong isih kok ya..."*
- Darsono : *"Nhaa..."*
- Hardjo : *"Haa...iya ra, ngandel?"*
- Basiyo : *"Ha nek kowe niku le bali kapan?"*
- Darsono : *"Lho, bali neng endi?"*
- Basiyo : *"Lho, iki piye ta kok?"*
- Darsono : *"Lho, kula niku nggih mung teng mriki, kula niku juru kunci..."*
- Basiyo : *"Iki urusan kok bundhet!"*
- Hardjo : *"Ora bundhet, ha kowe ya ngapusi, ndilalahe kowe ya isa kapusan iki, neng iki ya ra ngapusi saking nganumu, atimu dhewe..."*
- Darsono : *"Nhaa..."*
- Basiyo : *"Ngono ya Sura..."*
- Hardjo : *"Haa..."*
- Basiyo : *"Aku ki aja, dak sumpah nang ngarepmu..."*
- Hardjo : *"Hmm...piye?"*
- Basiyo : *"Aku ki ngapusi lan nyolong ki nek ra kepepet..."*
- Hardjo : *"Lho...ha ketoke apik, kepepet"*
- Basiyo : *"Ya, wis iki jenenge..."*
- Hardjo : *"Piye?"*
- Basiyo : *"Ya wis lelakonku..."*
- Hardjo : *"Kowe karo aku ki ra wis kaya sedulur ta?"*
- Basiyo : *"Wis!"*
- Hardjo : *"Kowe njukuk apa-apa aku ya oleh..."*
- Basiyo : *"Oleh..."*
- Hardjo : *"Lha kok mbasan aku ra nana, kowe ketemu bojoku kok kowe malah ngapusi lho wahl!"*
- Basiyo : *"Wahl...haiya wong kuwi pancen!"*
- Hardjo : *"Hmm..."*
- Basiyo : *"Arepa ngerti sing kaya ngapa nek ketaman buneg!"*
- Hardjo : *"Hmm..."*
- Basiyo : *"Kuwi mesthi ya njur kaya ngono..."*
- Hardjo : *"Nhaa..."*

- Basiyo : *“Kuwi rasane wong urip mula aku njaluk ngapura, tujune kok ketemu meneh, ngono!”*
- Hardjo : *“Kuwi dak anggep kowe wong apik tenan!”*
- Basiyo : *“Hmm...”*
- Hardjo : *“Senajan tumindak ala ning ngakoni nggon ala, mbanan kecekel wis ngakoni kowe muni salah, kuwi wis bener!”*
- Basiyo : *“Nhaa...nek ngono, ya aku salah...”*
- Hardjo : *“Neng nek kowe emoh, emoh ngakoni, mungkir kowe dak gawa nang nggone sing wajib!”*
- Basiyo : *“Ya...iya...”*
- Hardjo : *“Repot ta?”*
- Basiyo : *“Haiya wis kowe gek bali mawon pumpung yah keten!”*
- Darsono : *“Yaa...iki ngono, aku jeneng ora ngapusi lho, sebab aku dijalki tulung karo sedulurku iki kon nggolekke!”*
- Basiyo : *“Ohh, nek ngono iki ya wong umum ngene ki ta?”*
- Darsono : *“Umum, nek ra umum ki wong apa. Wong umum neng sangsara!”*
- Hardjo : *“Haa...”*
- Basiyo : *“Ya wis apik!”*
- Hardjo : *“Lha iki ya wong apik gilo...”*
- Basiyo : *“Hmm...”*
- Hardjo : *“Ngono ki wong sangsara ya ngakoni sangsarane...”*
- Basiyo : *“Jebule ki ya rombongan wong kepepet kabeh?”*
- Hardjo : *“Haa...”*
- Basiyo : *“Mula, ayo padha dipikir wong kuwi urip kuwi kudu watake kudu usaha...”*
- Hardjo : *“Haa...”*
- Basiyo : *“Golek barang sing mesthi!”*
- Darsono : *“Gene ki ya isa ngandhani apik kok jebul!”*
- Hardjo : *“Ning aja gawe rugining liyan!”*
- Darsono : *“Iyah!”*
- Hardjo : *“Aja gawe sangsaraning liyan, lho!”*
- Basiyo : *“Saiki awake dhewe duwe pikukuh!”*
- Hardjo : *“Apa?”*
- Basiyo : *“Dene kancane dhewe kok njaga jaratan!”*
- Darsono : *“Nhaa...”*
- Hardjo : *“Haiya...”*
- Basiyo : *“Dadi wis ora pakewuh nek awake dhewe ki golek enggon!”*
- Darsono : *“Hemm...”*
- Hardjo : *“Nhaa...ya...”*
- Darsono : *“Ya wis ayo dha...”*
- Basiyo : *“Yoh, wis ayo...dirembug sing apik-apik dha...”*
- Darsono : *“Teka saiki sing uwis ya uwis ora kena dibaleni meneh sing barang sing ala...”*
- Basiyo : *“Yoh...kuwi wis becik aku ya njaluk ngapura lho Sura...”*
- Hardjo : *“Ha’a ya wis...”*
- Darsono : *“Ya kang ya...”*
- Hardjo : *“Ha’a...ya...ya wis...”*
- Darsono : *“Wis...dha ngapura-ngapuranan!”*

□□□

## BASIYO-KAPUSAN

Lakon:

6. Basiyo : Pak Bas/ Kakang  
 7. Bu Tik : Jum (Istri Pak Bas)/ Mbakyu  
 8. Kalidi : Ngadimin/ Adhi Lanang  
 9. Jariyah : Gendhuk/ Adhi Wadon

Basiyo : *“Gendhing ngingu dara, gendhing kok ngingu dara...(nembang) ‘galo’...pisan pertama pembukaan kok galo...(nembang) ‘galo darane mingslep mega...rame-rame nututi dara muluk...galo darane ngeslep mega...le nututi kesandhung-sandhung’...wahh pancen elok, pengarange sik tliti...(nembang) ‘kiyike’...ehm...kok dadi thinththingane mungguh...’kiyike, pating plececer...pengombene kamangka wis disat...pakane keru wadhahe...nong..ning..nong..nong..ning..nong..nong...agupone..agupone...rontang-ranting ketok mblowoh, gupone...agupone...rontang-ranting ketok komplang...darane lha wong nginep...’ lha kok e..pancen ya para pradongga para seniman sing pada ahli ngarang lan nggatekake ki ya pancen apa-apa kepenak...haiya wis, wingenane ya ngrumpaka gendhing...’e kerene e kerene kepethuk pincuk...diwolak-walik kothong...thong..thong..ning..nong..nong..ning.. nong..nong...’ lha sarone cetha benget nek kere ngungkap pincuk ki...wahaha, jebul kabeh saudheking alam padhang ki kabeh kena dinggo ngerem-remi pikir. Lha nyatane ki ya wong ki nek urip ki pancen angel, wong urip ki angel, ya angel ya gampang, gampang nek wis dadi, angele nek rung dadi...ha sugih, haiya buneg le nyenyimpenke deduwene, lunga sing dinggo ya mung kuwi dinggo dhobel ya wis dha dijeneng edan harah...ora duwe, bingung le golek...wahaha...haiya nek wong ora duwe ki ya wis ngrekasa. Pengen mangan we intipe njamur, nek wong sugih wis wedange kopi mangan roti we ndadah dileleti, mbuh sing dileletke kono ki ya ra patek dhong aku. Dak arani ki waton dileletke entuk bul ya milih, hehehe...gek bapakku biyen pancen, nek bapakku kae pancen kompeni biyen...panganane mesthi roti, ke’i pyuri mrutu kae...soklat kae jebul malahan...wahaha haiya wong biyen ki wis, wis pakanane aeng-aeng. Nek mlarat, haiya wis kaya kana kae rasane, jebul wong ki kepenek nek dhewe ki wong mung yawis apa anane pethuk saben dinane kuwi. Aku saiki wis ngerti urip ki jebulan, mung esuk tekan sore rampung bar ya’e we, penak malah. Wis ora nggagas sesuk apa, engko sore apa. Ya wis esuk tekan sore ki rampung, njut ngko nek wis rada bengi turu terus bablas ya entuk wis ngono bae dadi ora repot banget. Lha wong bojo ala gela, ayu dheg-dhegan wong ki...ha angel we banget wong ki. Ala nek nang resepsi ra ana sing ngelokke, mangkel. Nak ayu nag jagongan ‘wahh bojone Rudi kae...ayu tenan...wahh lambene mingir-mingir, matane kocak...ket mau kok ra tiba-tiba’. Wong kocak pancen pacakan ndarani lobok, njut gelungane nyeprok kek’i kembang, haiya wis ngresapeake, nek ayu apika ya wis ora duwe kuwi. Ha wong angel banget, ha mangan we bingung. Nganti turu tempat tidur apik, kasure empuk banget nek turu malah ilang, hee kempukan dadi mbebles malah nang longan. Jebul galare jebol, haiya wis pancen angel, hahaa...dak rani ki saking empuke kasure bul galare amblong dadi malah ketoke mukti turu pat tidur bul terangane nang jubin awakku ki. Hee...njut esuk tangi turu durung sarapan wis ndrodhog, wong wedok ‘kene masuk angin kowe ki Pak, keroki pa piye?’ mohh ndak tipis aku muni ngono...ha nak mung kerok we mbok, ora butuh...haiya wis...ha ning aku ki ya mukti munggwing wong. Urip nang alam ko ngenen ki*

nang kampung wis mukti hehee. Wong wedok le njaga pribadiku ya wis mathis. Apa-apa ra entuk aku ki, ndelok bal-balan umume dha ndelok, aku ya ra...mas wis rasah ndelok ketiban ndhase modar kowe, kowe engko nang pinggir keles, kena raine...mbok wis nang omah bae nggoreng intip'. Pancen sehat mikire karo wong lanang...'kowe ki, awakmu ki, wetengmu wis tipis mas, nek memangan ki ditata ya...ya Jan...'. Njankar aku wis meneng bae...'kowe kuwi nek mangan ditata ya Kamijan kuwi, aja durga...mangan kuwi aja sega, nek kowe manut aku mangana intip, kuwi barang sing wis tanak'. Yohh, manut bae wong ki dipercaya dening bojo kok, wahaa. Ha ning yahene kok ora tangi ki pa ra nang pasar apa kepiye...engko nek digugah ya nesu, engko ndhupak. Wengi ke ndhupak wangune tungkake ana apa-apane, mak plenyek nang bathuk...wahh aku ya ra wani ngusapi, wong paring dalem kok, ra wani aku ngusapi, kesiku engko. 'Kowe dak titipi ko ngono e kok koulapi' ngono. Wuss...dak nengke bae...hehehe. Aku anggere ndangak rasane ya wis ora enak banget kae, he. Mbasan kana lunga dak tiliki bul pilis, bener. Pancen karo wong lanang kok le setiti. Nukokke blangkon kuwi barang ki ya wis, 'lehm nu kok kae sesak e Bu'. 'Haiya ndhase diongoti, gampang bae'. 'Haiya nek diongoti ya lara ta Bu'. 'Rak dikompres, engko rak suwe-suwe membut'. Wong kok iguhe kok kaya ngono bae, liyane lho, engko rak wis adus, engko bar adus ya nesu kae, wong lehku mangan gadho-gadho keru, kenthange dak kekke pinggir mesthi ndarani sabun kae. Engko mesthi diucek nang raine haiya, ha mesthi pedhes banget kae mesthi nesu, aku tanggung wis. Wis mesthi nesune wis, ha wong ha wis engko, ha wong atase wong bojo, plegungane ya dhewe-dhewe, kana nang kamar wetan aku kamar kidul, aku pilihke nggon angker hehehe. Hoho...tenan aku ngerti ee...aku kon turu kamar wetan ki tenan, angker tenan, ha bengi ana je endhog kok mlaku dhewe, gandheng mateng ya dak cekel hehehe. Hehee...tenan, aku ki karo memedi ya ngeyel bae kok aku ki, ha kepepet arep ngalih ra isa arep ngapa...aku tau diwedeni, ha wis kono nek kowe niat arep mepeng le dadi memedi ya terusna, nek pancen dadi sedulur ya golekn rejeki colongke rokok, lhoh bul suwe-suwe wong tenan. Ning kok yahenen rung tangi ning kok lawange wis menga..."

- Bu Tik : "Ket mau ya nang kono kuwi ta kowe?"  
 Basiyo : "He'emm..."  
 Bu Tik : "Emm...njur endi wedange?"  
 Basiyo : "Aku ket tangi mau...raup we urung e!"  
 Bu Tik : "Ket mau ki raup we urung?"  
 Basiyo : "Rung, ha banyune engko dak dhisiki kowe nesu...'banyu rung go adus kok wis go ngumbah rai!' ngono..."  
 Bu Tik : "Kowe ki wong lanang piye ta?"  
 Basiyo : "Haiya ko ngene ki..."  
 Bu Tik : "Ngewuhke kok sing marakke kowe ki, muni kon nyambut gawe wis aku trima nang omah myukupke gawean ngomah..."  
 Basiyo : "Hemm..."  
 Bu Tik : "Sing nyambut gawe wong wedok..."  
 Basiyo : "Haiya kuwi..."  
 Bu Tik : "Ha saiki wong wedok nyambut gawe kowe ya mung thenguk-thenguk!"  
 Basiyo : "Ehehe..."  
 Bu Tik : "Woo...dadi kaya ngono ta karepmu kuwi he?"  
 Basiyo : "Hee..."  
 Bu Tik : "Ora ndhingkluk, ngetke aku?"  
 Basiyo : "Ndhingkluk, pandhu kok!"  
 Bu Tik : "Ora nganu lho, ora sembrana lho!"  
 Basiyo : "Hemm...ra, pijeti pa Bu?"  
 Bu Tik : "Ora merayu kowe karo aku!"  
 Basiyo : "Le muni pundhake pegel, kuwi rak bahan budrek ya'e ya?"  
 Bu Tik : "Wis rasah werna-werna, endi wedange?"

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Nang meja kae!"*  
 Bu Tik : *"Nang meja?"*  
 Basiyo : *"Kopi karo melek (susu)!"*  
 Bu Tik : *"Haiya kuwi pancen kesenenganku kok!"*  
 Basiyo : *"Haa..."*  
 Bu Tik : *"Nang meja ngendi?"*  
 Basiyo : *"Lor kae!"*  
 Bu Tik : *"Haa...ngono kuwi, bojo kuwi...sing wedok tangi turu wedang..."*  
 Basiyo : *"He'emm..."*  
 Bu Tik : *"Bagus tenan lho kowe, pancenan..."*  
 Basiyo : *"Ket biyen kok!"*  
 Bu Tik : *"Nang njero mas, he'e?"*  
 Basiyo : *"Lehku ketok bagus ki rak irunge lancip kuwi ta?"*  
 Bu Tik : *"Irung lancip apa, wong irung ko ngono kok lancip?"*  
 Basiyo : *"Biyen simbok ki kedanan pendhita Durna kok...biyen..."*  
 Bu Tik : *"Aku dak ngombe sik ya?"*  
 Basiyo : *"Yoh..."*  
 Bu Tik : *"Ngendi nang ngendi?"*  
 Basiyo : *"Mhuri..."*  
 Bu Tik : *"Yaa...nang meja ta?"*  
 Basiyo : *"He'emm...engko ya nesu kae, kleru kok, hee..."*  
 Bu Tik : *"Piye ko ngono kuwi piye kuwi?"*  
 Basiyo : *"Mbuh ra weruh!"*  
 Bu Tik : *"Wedang kok lambah-lambah ko ngono?"*  
 Basiyo : *"Piye ta?"*  
 Bu Tik : *"Apa mang sampluk pa piye diwutahke pa piye?"*  
 Basiyo : *"Ha aku rak muni wedange nang meja ta!"*  
 Bu Tik : *"Nang meja ki piye?"*  
 Basiyo : *"Ha nek arep ngombe rak giring ngono..."*  
 Bu Tik : *"Wedange ki nang meja piye sing dimaksud?"*  
 Basiyo : *"Dak iling nang meja, lha gelas gelase nang kunci nang lemari kuncine kok gawa kuwi, aku arep nggugah ra wani kok..."*  
 Bu Tik : *"Dadi wedange diler nang meja?"*  
 Basiyo : *"Ha jeneh kowe ki wong wedok nak turu ya ngorok..."*  
 Bu Tik : *"Elho wong turu ki nek ngorok ki rak sayah ta?"*  
 Basiyo : *"Sayah ning nek kancane ra turu rak medeni ta!"*  
 Bu Tik : *"Ha salahe sampeyan kok ra turu?"*  
 Basiyo : *"Wong wedok e turu e 'hurrr... hurrr... kluthuk... kluthuk... kluthuk... hurrr...' , saru kuwi..."*  
 Bu Tik : *"Nek sampeyan piye?"*  
 Basiyo : *"Jarene aku kandhani nek turu nglekerot karo ngerot ki kek'i uyah, uyah sebata engko ya entek..."*  
 Bu Tik : *"Ya sampeyan tresna ora karo aku?"*  
 Basiyo : *"Hadhuh nimas...hadhuh...le ra tresna kepiye cah wedok atase cah wedok njebemblek..."*  
 Bu Tik : *"Njebembleka ke rak ya...ngrejekeni ta?"*  
 Basiyo : *"Lhoo...aja ngrejekeni neh wis pekir..."*  
 Bu Tik : *"Ngeten nggih mas, aku ra ngombe, aku arep jajan nang pasar..."*  
 Basiyo : *"He'emm...sing nde dhit kok..."*  
 Bu Tik : *"Ben ta, wong lanang mung kon nggodhog wedang we ra isa kok, kula nde dhit ya jajan ngono..."*  
 Basiyo : *"He'emm, aku engko dak ngombe sumur..."*  
 Bu Tik : *"Kula dak teng pasar sik nggih..."*  
 Basiyo : *"Ha'a wis yahene..."*  
 Bu Tik : *"Becake endi becake?"*

- Basiyo : “Sandhale engko lali kuwi...”  
 Bu Tik : “Sandhale dikapakke?”  
 Basiyo : “Kowe ki rak rumangsamu nganggo sandhal ta wong theklek ngono kok!”  
 Bu Tik : “Ha kok ora mau-mau le ngelingke...”  
 Basiyo : “Men...”  
 Bu Tik : “Saiki arep mangkat gek dielikke?”  
 Basiyo : “Wis engko nek wis adoh ben bali neh kok...dak apusi kok kowe!”  
 Bu Tik : “Wong lanang kok seneng mung dulihi wong wedok?”  
 Basiyo : “Sepatuku ki aku wis emoh nganggo...”  
 Bu Tik : “Ra nganggo ya buwak kali kana...”  
 Basiyo : “Wingi dak nggo lunga sedhilit jebol, midak aspal kuwi mau...aku nganu ‘broll’ dadi malah mung lulang thok nang dhuwur sikil dadi nggon ndhuwur kemiri njut dlamakane jan ongang-onggang janora papa..hee...”  
 Bu Tik : “Ora sah nylamur-nylamur kula selak awan Kang Mas...”  
 Basiyo : “Haiya gek nang pasar, dilendhangi pa kepiye?”  
 Bu Tik : “Kae becake kae kon malik nak isa...”  
 Basiyo : “Dadi rodhane kekke ndhuwur ngono, pa kowe arep ngeyop?”  
 Bu Tik : “Sampeyan niku ngerti ora ta maksudku?”  
 Basiyo : “Diwalik kepiye?”  
 Bu Tik : “Nika rak marep rana ta...kon marep...”  
 Basiyo : “Ohh...ha wong salah kok omonganmu ngetrek!”  
 Bu Tik : “Apa?”  
 Basiyo : “Wahh...”  
 Bu Tik : “Ngetrek ki piye?”  
 Basiyo : “Ceki kae ta trek, du...atret! actracion!”  
 Bu Tik : “Atret ki rak mundur...”  
 Basiyo : “Haiya...”  
 Bu Tik : “Kuwi ngono lho, diputer ngono...diputer...”  
 Basiyo : “Lhaiya, kofling!”  
 Bu Tik : “Hemm?”  
 Basiyo : “Kofling!”  
 Bu Tik : “Adhuh, mung muni kofling kok mreng kabeh!”  
 Basiyo : “Mbangane urung raup, wis gek menyang...sarapan sik...”  
 Bu Tik : “Jajan...”  
 Basiyo : “Apa-apa kok jajan, lha aku neh kemecer!”  
 Bu Tik : “Ha sampeyan isa golek dhit pa?”  
 Basiyo : “Ora!”  
 Bu Tik : “Nek duwe dhit jajana dhewe!”  
 Basiyo : “Aku nak ra ana wong mati ra entuk dhit kok!”  
 Bu Tik : “Nika dhuwit nika, mang etung nggih mangke nggih...dhuwit nika nggon lemari mang etung nggih?”  
 Basiyo : “Mohh...”  
 Bu Tik : “Lho kok moh piye?”  
 Basiyo : “Le ngetung ya angel ta Nok, wong wis tugel-tugelan liman karo tugelan gelo, apa nyat...”  
 Bu Tik : “Tugel rak sing rusak, kuwi mengko bakale dak ijolke nang kantor...”  
 Basiyo : “Kon ngetung endi?”  
 Bu Tik : “Kantor, ha wingi kae lho sing pak-pakan nika, sing arep dak setorke nang Sala, nggih?”  
 Basiyo : “Ohh, ya...”  
 Bu Tik : “Kula dak nang pasar sik...”  
 Basiyo : “Ning aku engko dak nyolong?”  
 Bu Tik : “Nyolong ya kena angger konangan kula mon...”  
 Basiyo : “Lho lhainya kandha, aku nyolong dak kekke sakku kene...”  
 Bu Tik : “Haiya...ha nggih mangke kula jukukke malih mangke...”

- Basiyo : *"Haiya jenenge mung colong-colongan bae...wis kana ta!"*  
 Bu Tik : *"Yo...dha tilik adhine bae pa?"*  
 Basiyo : *"Ahh...aeng-aeng, wis kana nang pasar!"*  
 Bu Tik : *"Kula niku kangen e kalih..."*  
 Basiyo : *"Mbok ngepit bae..."*  
 Bu Tik : *"Ngepit, aku wis tau ngepit tutke cah cilik-cilik!"*  
 Basiyo : *"Lha kae tuku mini ki nggo apa?"*  
 Bu Tik : *"Ha nika sir kula mung suk nak duwe anak..."*  
 Basiyo : *"Haa kowe dak elikke ta, 'mbokne mbok ya rasah tuku minimem ki dadi..."*  
 Bu Tik : *"Kok minimem ki apa?"*  
 Basiyo : *"Haa..."*  
 Bu Tik : *"Pit mini..."*  
 Basiyo : *"Ha'a..."*  
 Bu Tik : *"Pun kula rasah anu nggih..."*  
 Basiyo : *"Wis kana, ngandhonga bae!"*  
 Bu Tik : *"Mbecak we...ra wangun kok pit..."*  
 Basiyo : *"Ha'a...nriksen..."*  
 Bu Tik : *"Pun nggih!"*  
 Basiyo : *"Engko digawekke jangan apa?"*  
 Bu Tik : *"Ya jangan sing seger, mulih saka pasar ki ya bening apa..."*  
 Basiyo : *"Yohh..."*  
 Bu Tik : *"Pun nggih..."*  
 Basiyo : *"Aku entuk pitik mati e mau, dimasak pa?"*  
 Bu Tik : *"Kok pitik mati kok dimasak nggo apa?"*  
 Basiyo : *"Aku nyapu nang jugangan kana nak kowe arep dak masake pa?"*  
 Bu Tik : *"Lhah kula niku kok padhakke apa ta kok dikeki bathang?"*  
 Basiyo : *"Wis...wis...wis rada...wis rada empuk ki, wong ndhase wis dirub...ndhase wis dirubung semut kae ki, gelem pa Bu? Dadi kowe mung keru tukua kobis..."*  
 Bu Tik : *"Kaya ngono kok nyawane awet ngono sampeyan ki?"*  
 Basiyo : *"Awet, ora nyewa kok!"*  
 Bu Tik : *"Gumun tenan lho, penemu kok sing bangsane nyremimih!"*  
 Basiyo : *"Ehehe...ya kuwi..."*  
 Bu Tik : *"Wong sugih, bandhane ko ngene kok mung pitik mati wis suwe kok diopeni?"*  
 Basiyo : *"Sugih ko ngene bandhane akeh e kok kunceni kabeh ki!"*  
 Bu Tik : *"Ha nek ra dikunci..."*  
 Basiyo : *"Apa ana wong lanang kok mung diuja kecik, anggere tuku kok njujuk kecik 'engko dak terane dhit' ha apa kuwi?"*  
 Bu Tik : *"Ora isa golek dhit kok arep mbuwaki dhuwit..."*  
 Basiyo : *"Aku golek wedi..."*  
 Bu Tik : *"Pun pokoke saniki menika dhuwit kula pasrahke..."*  
 Basiyo : *"Aku..."*  
 Bu Tik : *"Nika dhuwite kabeh onten sepuluh ewu..."*  
 Basiyo : *"Nyambut gawe kok lorot, kok tebus sing salah sapa?"*  
 Bu Tik : *"Ha emoh kula nyambut gawe dadi ra pethuk karo sampeyan salawase ngono kok, ha telung tahun isa nyambut gawe tau pa pethuk aku?"*  
 Basiyo : *"Ha aku ra tau medhun kok! Ngecet loteng tingkat sanga ki aku medhun wedi e!"*  
 Bu Tik : *"Mulane niku bebojoan ora tau pethuk, saniki ngaten nggih kula dak nang pasar sik nggih? Pun nggih..."*  
 Basiyo : *"Yohh..."*  
 Bu Tik : *"Dhaahhh..."*  
 Basiyo : *"Dhaahhh...kemayu!"*
- □ □
- Kalidi : *"Kulanuwun!"*  
 Basiyo : *"Kene Le, mlebu bae wong sing ana mung aku kok!"*  
 Kalidi : *"Wahh...namung Kakang ta?"*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Omah semene gedhene ki ampase rak mung aku!"*  
 Kalidi : *"Wahh, Kakang..."*  
 Basiyo : *"Ha'a..."*  
 Kalidi : *"Kok boten sesaba?"*  
 Basiyo : *"Wis ra ana balung e je saiki! Karo wong tuwa kok nyangklak sesaba ki nak ra kirik apa?"*  
 Kalidi : *"Boten tindakan?"*  
 Basiyo : *"Uhh...kadang-kadang wong pinggir..."*  
 Kalidi : *"Kok pinggir?"*  
 Basiyo : *"Pinggir kota ta! Ra sinaon!"*  
 Kalidi : *"Waa..."*  
 Basiyo : *"Seka ngomah bae?"*  
 Kalidi : *"Boten, saking njawi mriki..."*  
 Basiyo : *"Ooo...aduh adhi...adhi...bocah bagus. Waa kok dadi gilap bathukmu saiki?"*  
 Kalidi : *"Niki ciri riyin nika ta..."*  
 Basiyo : *"Wadhuh saka ngomah?"*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Basiyo : *"Arep duwe perlu apa?"*  
 Kalidi : *"Ehmm...mriki ajeng golek utangan!"*  
 Basiyo : *"Haiya kena timbangane utang wong kana-kana, kepiyak wadimu. Nak nang gon sedulur ki rak ala becik kebingkem..."*  
 Kalidi : *"Inggih...ajeng nggo bancakan sesuk le niku..."*  
 Basiyo : *"Utang apa ta?"*  
 Kalidi : *"Arta!"*  
 Basiyo : *"Haa...mbok blaka ngono, pira?"*  
 Kalidi : *"Nggih kawan juta (4 juta) mawon..."*  
 Basiyo : *"Lha...rak ngono. Dadi utang ki sing mblengeri ngono lho, dadi utang kuwi sing akeh sisan dadi sing duwe ki ngeculke ki mrebes mili ngono...wong kowe omong ya ra sing senalare...rak ya sing cocok, utang ki patute dilaras karo awake, kekuwatane, ha kok patang juta ki nek ora kok nggo gawe kreteg...sing uku ya Le, pira?"*  
 Kalidi : *"Halah duwe sedulur wis sugih kaya sampeyan?"*  
 Basiyo : *"Kebutuhan ki emas tansah nyedhiyani, sangsarane adhi ki kakang sing mbantu, ngono..."*  
 Kalidi : *"Nggih..."*  
 Basiyo : *"Ana keribetane wong tuwa sing mbaono adhi, rak wis cocok ta?"*  
 Kalidi : *"Nggih satus ewu mawon..."*  
 Basiyo : *"Nhaa...nak ngono kuwi sedhengan...wutuh apa pecah?"*  
 Kalidi : *"Pecah!"*  
 Basiyo : *"Emm...yoh. Ning ngene ya Le, aku karo kowe sedulur..."*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Basiyo : *"Nek dhuwit kuwi dudu..."*  
 Kalidi : *"Wahh, lain Kang..."*  
 Basiyo : *"Satusewu ki nek isa mulih satus rong puluh...ki mung peraturan..."*  
 Kalidi : *"Mulih teng pundi?"*  
 Basiyo : *"Baline nang aku..."*  
 Kalidi : *"Hmm...manut..."*  
 Basiyo : *"Dadi kuwi dak pilihke dhuwit wedok! Ha kene ki dhuwite wedok kabeh..."*  
 Kalidi : *"Woo inggih...dadi leh kula nyaur..."*  
 Basiyo : *"Lan kuwi arep kok nggo apa ta Le satus kuwi?"*  
 Kalidi : *"Nggo bancakan!"*  
 Basiyo : *"Mbancaki sapa?"*  
 Kalidi : *"Bojo kula nika rak neptune malem Rebo Kliwon..."*  
 Basiyo : *"Woo..."*  
 Kalidi : *"Kula satus mulih satus rongpuluh?"*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Heemm..."*  
 Kalidi : *"Dadi Kakang leh kula nyicil niku Kakang pecicilan ta Kang?"*  
 Basiyo : *"Haiya, wong kuwi...kaliren kok!"*  
 Kalidi : *"Hehee...kok kaliren?"*  
 Basiyo : *"Omong ki sing setimpal ta?"*  
 Kalidi : *"Nyicil niku pripun?"*  
 Basiyo : *"Lha kok njut imbuh pecicilan!"*  
 Kalidi : *"Lho tegese..."*  
 Basiyo : *"Apa wong duwe dhit kok malah semapat!"*  
 Kalidi : *"Tegese ya nyicil..."*  
 Basiyo : *"Kowe ki persaja utang satus..."*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Basiyo : *"Yohh, dak kek'i..."*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Basiyo : *"Ning mungguh selarasing wong urip, kowe nyambut gawe gak?"*  
 Kalidi : *"Boten..."*  
 Basiyo : *"Kowe nyambut gawe ora?"*  
 Kalidi : *"Boten..."*  
 Basiyo : *"Temandang apa-apa ora, dagang ora..."*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Basiyo : *"Utang satus kuwi kowe pa isa nyaur?"*  
 Kalidi : *"Ha nggih..."*  
 Basiyo : *"Pa ngerti carane wong utang?"*  
 Kalidi : *"Nggih ngertos...nyaur..."*  
 Basiyo : *"Piye?"*  
 Kalidi : *"Nyaur..."*  
 Basiyo : *"Nyaur?"*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Basiyo : *"Ha ora ngerti kuwi jenenge, wong utang ki anggere wis isa ngometke sing duwe dhit, kuwi wis apik! Tagih esuk muni sore, engko kepepete ngenteni dhit saka Ngalengka bar ngono kuwi dadi sing duwe ki supaya buneg kae, ngono...kuwi ora utang-utangan ndak jenenge ngedohke dlinga bengle!"*  
 Kalidi : *"Ha apike pripun?"*  
 Basiyo : *"Dulur ki jaluk-jalukan!"*  
 Kalidi : *"Wohh, inggih..."*  
 Basiyo : *"Nha...jenenge aja nyocok atine wong tuwa ta..."*  
 Kalidi : *"Nggih..."*  
 Basiyo : *"Dhuwit nggo apa ta kae?"*  
 Kalidi : *"Sebabe Kakang pun tau blaka leh kula..."*  
 Basiyo : *"Lhaa...rak ngono!"*  
 Kalidi : *"Ana kurang-kurangane ndhene Le, ikete kula nggone Kang..."*  
 Basiyo : *"Lho, haiya patut ta kowe ki nak jenenge nganggo iket ning utange sida ora?"*  
 Kalidi : *"Lho sios, ning nggih kalih iket niku..."*  
 Basiyo : *"Haiya kena, iket ki katresnan ning nak dhuwit kuwi mesa ora..."*  
 Kalidi : *"Ning jaluk...jarene kon njaluk!"*  
 Basiyo : *"Nek njaluk kuwi dak kek'i, pira?"*  
 Kalidi : *"Seketewu (50.000) mawon..."*  
 Basiyo : *"Nhaa...rada ra urus nak kuwi..."*  
 Kalidi : *"Lho, kok rada ra urus?"*  
 Basiyo : *"Lha wong njaluk kok seketewu ki nggedhor pa?"*  
 Kalidi : *"Lha ken njaluk pinten?"*  
 Basiyo : *"Lhaiya patute, nak kowe gelem sapatute...aku gelem..."*  
 Kalidi : *"Ohh ha nggih manut le maringi kakang pinten?"*  
 Basiyo : *"Lha nek ngono jenenge ki wong ki urip ki nganggo keindahan!"*  
 Kalidi : *"Nggih...nggih..."*

- Basiyo : “Nyohh, rongatus, tegese ki...”  
 Kalidi : “Rongatus...”  
 Basiyo : “Gelo...”  
 Kalidi : “Nyoh dak balikke rongatus seket nyoh...aku darani ora duwe dhit aku...”  
 Basiyo : “Lha duwe dhit kok cenanganan utang?”  
 Kalidi : “Ana utang satusewu kok mung rongatus...”  
 Basiyo : “Lha njaluk ki pira?”  
 Kalidi : “Opah le mbecak we patangatus...”  
 Basiyo : “Lha rak salahmu!”  
 Kalidi : “Wong tuwa apa ko ngono ki?”  
 Basiyo : “Salahmu golek kepenak, wong mlarat we mbecak, ha mbok mlayu?”  
 Kalidi : “Mlayu numbuk sampeyan napa?”  
 Basiyo : “Salahmu, ora ecret apa-apa e nde bojo...ora isa ngingoni ya ketimplak-timplak...wuu...”  
 Kalidi : “Tinggalane Bapak riyin?”  
 Basiyo : “Bapak ninggal apa?”  
 Kalidi : “Ha riyin nika...”  
 Basiyo : “Apa...omah?”  
 Kalidi : “Ha nggih...”  
 Basiyo : “Lemah?”  
 Kalidi : “Ha nggih...”  
 Basiyo : “Arep kok kapakke?”  
 Kalidi : “Lhoh ha nek perlu kok jaluk...”  
 Basiyo : “Kok jaluk?”  
 Kalidi : “Separo!”  
 Basiyo : “Kok paro?”  
 Kalidi : “Inggih!”  
 Basiyo : “Etung-etungan lho iki, dadi elek-elekan...”  
 Kalidi : “Lho ha tekna pripun?”  
 Basiyo : “Wis elek-elekan kok jaluk ya?”  
 Kalidi : “Nggih...”  
 Basiyo : “Njut kowe lair wiwit lair, wiwit lai rong sasi nganti saiki wis umur patang puluh kuwi aku njagak kene ki bayara pira?”  
 Kalidi : “Dadi kula tombok pinten petunge?”  
 Basiyo : “Kowe ngopahi aku ki rongatus?”  
 Kalidi : “Inggih...”  
 Basiyo : “Wis pirang taun, tombok ora?”  
 Kalidi : “Ohh, nggih...”  
 Basiyo : “Aja sok mekiklik!”  
 Kalidi : “Ohh, bener...bener...bener sampeyan timbang wong edan pancen inggih!”  
 Basiyo : “Aja mekiklik banget...”  
 Kalidi : “Wong ki angger buntute urang nang cengel ngono kuwi wis...”  
 Basiyo : “Uwong ki aja mandeng donya, ngono...arta!”  
 Kalidi : “Sampeyan mandeng napa?”  
 Basiyo : “Ha apa sing nang ngarepku ta!”  
 Kalidi : “Wis ora sudi aku!”  
 Basiyo : “Wis ora...ora sudi ya kana!”  
 Kalidi : “Ngaku sedulur kok kaya ngono...”  
 Basiyo : “Dhonge mono arep dak kapakke kowe!”  
 Kalidi : “Dak uwek-uwek klambimu!”  
 Basiyo : “Ha wis kana! Diuja wong mlarat terus!”  
 □ □ □  
 Jariyah : “Hiks...hiks...hiks...hiks...”  
 Basiyo : “Wis ana apa?”  
 Jariyah : “Hiks...hiks...hiks...hiks...”

## Lampiran 2

- Basiyo : “*Ngapa Yem?*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...*”  
 Basiyo : “*Sayem?*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...*”  
 Basiyo : “*Sayempraba?*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...*”  
 Basiyo : “*Prabaningrat?*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...*”  
 Basiyo : “*Ngapa kok nggugruk?*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...*”  
 Basiyo : “*Ngrusakke tegel, ngapa?*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...nika pripun adhine nika?*”  
 Basiyo : “*Nika pripun kok teka-teka njut duduhi...*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...*”  
 Basiyo : “*Uwis...lehm u nangis uwis njut merem e!*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...*”  
 Basiyo : “*Ngapa aku ndak katut?*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...Kang...hiks...*”  
 Basiyo : “*Uwis...hiks...*”  
 Jariyah : “*Kula boten mentala banget nak kula weruh adhi sampeyan nika!*”  
 Basiyo : “*Haiya dak mentalakke, ya nggene!*”  
 Jariyah : “*Kok mulih kok njut kaya ngana ki piye?*”  
 Basiyo : “*Ka ngana mendanang piye?*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...boten nganggo nyawa...*”  
 Basiyo : “*Nyawane ora eneng?*”  
 Jariyah : “*Boten enten!*”  
 Basiyo : “*Dicekelke apa?*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...*”  
 Basiyo : “*Nyawane kepiye, aja clemongan bojomu tekan ngomah njut mati ngono ta?*”  
 Jariyah : “*Nggih kula takoni meneng mawon!*”  
 Basiyo : “*Wahh lhaiya wong budheg!*”  
 Jariyah : “*Njut kula melu sinten Kang?*”  
 Basiyo : “*Haiya nek kepepetane ya melu mas ta!*”  
 Jariyah : “*Hiks...hiks...hiks...hiks...*”  
 Basiyo : “*Dadi mati ta?*”  
 Jariyah : “*Alahh inggih...*”  
 Basiyo : “*Walalh Min, kepiye ta?*”  
 Jariyah : “*Mangsa bodhoa nika Kang!*”  
 Basiyo : “*Wis nyoh dak kek’i dhit nyoh gek mulih ya...mesakke, bali dirumat engko aku dak mrana karo mbakyumu!*”  
 Jariyah : “*Nggih...nggih Kang...nuwun nggih Kang...*”  
 Basiyo : “*Welah wis, bocah kok kaya ngono kok ra...waduh...*”
- □ □
- Bu Tik : “*Lho, kowe kok nang kene Le, kok ndhodhok nang kene ngapa Le?*”  
 Kalidi : “*Sampeyan rak mbakyu kula ta?*”  
 Bu Tik : “*Lho lhaiya...lha kowe ya adhiku ngono...ana apa Le, ha?*”  
 Kalidi : “*Kakang napa boten ngabarke napa?*”  
 Bu Tik : “*Lho, lha ora e kakangmu nang omah e, ngabarke apa, hm?*”  
 Kalidi : “*Sajane kula nyuwun pamit!*”  
 Bu Tik : “*Arep sida lunga pa?*”  
 Kalidi : “*Lunga teng pundi?*”  
 Bu Tik : “*Lho kowe kok nyuwun pamit ki arep lunga nang endi?*”  
 Kalidi : “*Ha kula niku duwe bojo mangka ora duwe anak, mangka njur...bojo kula niku rak mati ta niku...*”  
 Bu Tik : “*Ha...aja sembrana ta kowe ki?*”

## Lampiran 2

- Kalidi : *"Boten, nggih tenan!"*  
 Bu Tik : *"Bojomu mati?"*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Bu Tik : *"Lho lara apa Le?"*  
 Kalidi : *"Benten-benten!"*  
 Bu Tik : *"Beda-beda piye, larane?"*  
 Kalidi : *"Beri-beri!"*  
 Bu Tik : *"Wohh...benten-benten ki beri-beri ta?"*  
 Kalidi : *"Inggih!"*  
 Bu Tik : *"Dak rani seje-seje larane kuwi, mulane ki lara apa kok seje-seje kuwi, rasane piye nek lara beri-beri?"*  
 Kalidi : *"Beri-beri niku awake dha lemu nika..."*  
 Bu Tik : *"Ohh, dha aboh kae ta, ha kowe kok ora omong aku, nak omong rak ya diperiksakke barang mbareng wis mati kok agek omong, alah njut gek piye?"*  
 Kalidi : *"Pun kula priksake..."*  
 Bu Tik : *"Hmm?"*  
 Kalidi : *"Pun kula priksa kiyambak!"*  
 Bu Tik : *"Kowe ki senengane sembrana kok Le, nyawa kok nggo dolanan, dipriksa dhewe?"*  
 Kalidi : *"Ha kula rak riyin sekolah dhokter ta, wong kula suntik nggon endhas nggih pun boten anu..."*  
 Bu Tik : *"Wis saiki ngene bae, wahh wis mesakake banget, kuwi njut karo sapa nang omah kok malah kowe nang kene ki piye?"*  
 Kalidi : *"Lha namung kalih kucing..."*  
 Bu Tik : *"Alahh, nyoh iki nganu we, iki aku nggawa wade iki engko nggo lurup dhisik, wis dilurupi durung?"*  
 Kalidi : *"Wahh jan dereng!"*  
 Bu Tik : *"Walahh, nyoh iki, wade telu iki ya...nyoh!"*  
 Kalidi : *"Nggo bedhah bumi mon sewidak ewu (60.000)!"*  
 Bu Tik : *"Ya urung?"*  
 Kalidi : *"Dereng..."*  
 Bu Tik : *"Wis nyoh dak kek'i nyoh, nyoh tampani iki Le!"*  
 Kalidi : *"Pinten?"*  
 Bu Tik : *"Ha?"*  
 Kalidi : *"Pinten?"*  
 Bu Tik : *"Iki nyoh, satusewu iki, nyoh wis engko nggo bedhah bumi pira, mung sewidak?"*  
 Kalidi : *"Sewidak..."*  
 Bu Tik : *"Mung sewidak ewu?"*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Bu Tik : *"Kuwi sing mati pira ta?"*  
 Kalidi : *"Ha nggih mung bojo kula kok!"*  
 Bu Tik : *"Lha kok nganti sewidak ewu ki, mung gawe jugangan sepira ambane?"*  
 Kalidi : *"Saniki kalih nggo ngopahi sing dha gawe jugangan niku..."*  
 Bu Tik : *"Ohh...haiya...haiya ra papa, watone bojomu ra keler-keler ngono!"*  
 Kalidi : *"Ngge njamin!"*  
 Bu Tik : *"Ohh iya ya...lha dinggo ngengoni...lha nggo anu engko, sur tanah!"*  
 Kalidi : *"Lha nggih...ngge tumbas uwos mon..."*  
 Bu Tik : *"Ha'a..."*  
 Kalidi : *"Nggih patang kintal..."*  
 Bu Tik : *"Anu...njut le nek anu kuwi patang kintal, berase?"*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Bu Tik : *"Cukup urung?"*  
 Kalidi : *"Nggih kirang mon nggih kathah!"*  
 Bu Tik : *"Haiya engko tuku we wolung kintal sisan ngono ya ra?"*  
 Kalidi : *"Inggih..."*

## Lampiran 2

- Bu Tik : “Nganu ya nek mori ki pirang meter ta nek wong wedok ki?”  
 Kalidi : “Bangsa selangkung!”  
 Bu Tik : “Selawe meter, ngene bae engko tuku seket meter ya Le ya, karo nggo mbuntel kowe sisan?”  
 Kalidi : “Kok seket?”  
 Bu Tik : “Lha wong arep wong mati kok njut terus berase we wolung kintal ki gek kepiye, wis ya ngene bae, iki dhit satus ki cukup-cukupna sik?”  
 Kalidi : “Dijereng-jereng nggih?”  
 Bu Tik : “Yohh, ngene aku dak omong kakangmu, bisa uga kakangmu ora ngerti tenan. Matine ki beri-beri njut kepiye dibedhah ngono pa piye?”  
 Kalidi : “Nggih boten, nggih terus...”  
 Bu Tik : “Dha aboh-aboh njut dha bedhah ngono pa piye?”  
 Kalidi : “Nggih njut mak klepek ngaten mawon kok njuran!”  
 Bu Tik : “Halah...”  
 Kalidi : “Wong kula teka-teka...”  
 Bu Tik : “Njut weling apa sadurunge mati kuwi?”  
 Kalidi : “Wahh munggal dhek mben koros...”  
 Bu Tik : “Kok koros piye ta?”  
 Kalidi : “Ha weling!”  
 Bu Tik : “Ora ula iki!”  
 Kalidi : “Ohh, boten ta?”  
 Bu Tik : “Weling ki tegese ki pesen-pesen apa, anu?”  
 Kalidi : “Dhek mben pesen...”  
 Bu Tik : “He’emm...”  
 Kalidi : “Mbang gula karet!”  
 Bu Tik : “Mmm...dinggo mut-mutan ngono ta?”  
 Kalidi : “Inggih...”  
 Bu Tik : “Mbok saiki ngene, ditukokke mengko dikatutke, ngono?”  
 Kalidi : “Ohh kedah ngaten?”  
 Bu Tik : “Lhaiya ngono, ya engko sajene ya pendhak anggere...geblake...”  
 Kalidi : “Inggih...”  
 Bu Tik : “Kuwi disajeni nganggo mbang gula karet kuwi...”  
 Kalidi : “Mangka dhek ajeng pejah nika ‘wahh sandhale kae mangka aku kepengen thek’e mbakyu kae’, sing mang agem niku!”  
 Bu Tik : “Iki, wis nyoh iki mengko digawakke kana!”  
 Kalidi : “Disangokke?”  
 Bu Tik : “Ha’a!”  
 Kalidi : “Nggih...”  
 Bu Tik : “Dipendhem sisan ya ra?”  
 Kalidi : “Nggih...”  
 Bu Tik : “Engko ndak aku diprimpeni...”  
 Kalidi : “Inggih...”  
 Bu Tik : “Aku dijaluhi ko ngono e kok ra isa...”  
 Kalidi : “Suk dadi uni nggih?”  
 Bu Tik : “Lhaiya ngono, wong aku ra ngerti wong mati kuwi nek arep mati sauni-unine dadi ngono...”  
 Kalidi : “Hmm...”  
 Bu Tik : “Nyok pasang walat!”  
 Kalidi : “Wahh mangka...”  
 Bu Tik : “Ya wis nyoh ki!”  
 Kalidi : “Mangka aku ki arep lunga ra duwe cemara, mangka ndhek’e mbakyu kae...pengen, cemarane ne mbakyu!”  
 Bu Tik : “Iki, ya wis nyoh dak uculane nyoh, njur apa maneh, hmm?”  
 Kalidi : “Kalung!”  
 Bu Tik : “Ohh kalung ya iya?”

## Lampiran 2

- Kalidi : “*Inggih...*”  
 Bu Tik : “*Ohh ya wis nyoh, nyoh!*”  
 Kalidi : “*Tujune mbakyuku ki wong longgar!*”  
 Bu Tik : “*Longgar, he'em. Kowe kepengin dipendhem sisan, engko dak gawekke, dak bedhahke bumi wis?*”  
 Kalidi : “*Nggih pun nggih Yu...*”  
 Bu Tik : “*He'em...*”  
 Kalidi : “*Matur nuwun... boten usah dikabari Kakang!*”  
 Bu Tik : “*Aku terus bali, bali engko...kok piye, piye mau?*”  
 Kalidi : “*Boten usah dikabari mawon...*”  
 Bu Tik : “*Elhoo, ana sedulur mati kok ora dikabari?*”  
 Kalidi : “*Wong mrika niku boten...*”  
 Bu Tik : “*Wis ora, kowe bali dhisik, engko aku dak omong kakangmu terus dak jakke niliki!*”  
 Kalidi : “*Ohh, nggih!*”  
 Bu Tik : “*Engko nek dhuwit ra cukup njut piye?*”  
 Kalidi : “*Cukup!*”  
 Bu Tik : “*Apa ra...*”  
 Kalidi : “*Empun cukup, nggih pun...*”  
 Bu Tik : “*Urung...rung cukup!*”  
 Kalidi : “*Pun kula pendheme dhewe mawon mbakyu boten usah mrika mawon...nggih njing mon nek mbakyu gentos pejah nggih...*”  
 Bu Tik : “*Ohh, ngono ya Le, lehku mati suk Slasa Kliwon e Le!*”  
 Kalidi : “*Lho kok...*”  
 Bu Tik : “*Nggolek dina sing angker!*”  
 Kalidi : “*Kok njagakke banget!*”  
 Bu Tik : “*He'em men arep mrimpeni kowe kok!*”  
 Kalidi : “*Lhoh, ampun!*”  
 Bu Tik : “*Wong kok dipuji-pujike mati!*”  
 Kalidi : “*Kula ra usah ditiliki, sampeyan ora usah mrika mawon...*”  
 Bu Tik : “*Ora, aku kudu mrana...*”  
 Kalidi : “*Boten...*”  
 Bu Tik : “*Aku kepengen weruh alang ujure bojomu?*”  
 Kalidi : “*Boten usah kepengen sesuk...*”  
 Bu Tik : “*Wahh kae tresna tenan e karo aku Le...*”  
 Kalidi : “*Nggih sesuk rak sampeyan rak ditemoni nek dhong sore...*”  
 Bu Tik : “*He'em...*”  
 Kalidi : “*Nika mang teng latar!*”  
 Bu Tik : “*Njut terus?*”  
 Kalidi : “*Mangke nek ajeng mendhung nika...*”  
 Bu Tik : “*Ha'a...*”  
 Kalidi : “*Mangke angger udan sampeyan teng ngriku mangke rak...*”  
 Bu Tik : “*Klebus?*”  
 Kalidi : “*Hehehe...*”  
 Bu Tik : “*Wis, kana balia, aku dak neng gonmu tenan lho Le...*”  
 Kalidi : “*Nggih...nggih pun lho Yu...*”  
 Bu Tik : “*Ya wis engko cukup-cukupke sik...weh lha kepiye ya...*”
- □ □
- Basiyo : “*Lha!*”  
 Bu Tik : “*Rene Pakne, kowe kok nusul aku...ha?*”  
 Basiyo : “*Aku rung isa omong e...*”  
 Bu Tik : “*Kok urung isa omong kepiye?*”  
 Basiyo : “*Ahh...aduh mbokne, aduh emeng banget...*”  
 Bu Tik : “*Hiks...kowe kok nusul rene?*”  
 Basiyo : “*Rasaning atiku emeng!*”

## Lampiran 2

- Bu Tik : *“Oalahh... hiks...”*  
 Basiyo : *“Beneh karo seje dinane...”*  
 Bu Tik : *“Halahh...aku kepeksa cakaran ora nggo sandhal...”*  
 Basiyo : *“Yawis ora dadi ngapa ta niat ya turun menthok...”*  
 Bu Tik : *“Hiks...”*  
 Basiyo : *“Kuwi wis ora sah, ora sah nganggo sandhal, ning kowe mbok aja gebangeten ta, apa ra krasa ta atimu?”*  
 Bu Tik : *“Hiks...”*  
 Basiyo : *“Aku ki malah nang omah ketiban cecak kok sekodhi coba?”*  
 Bu Tik : *“Ha’a Pakne, aku ki rumangsa dosa tenan aku...”*  
 Basiyo : *“Jebul ada kejadian-pun!”*  
 Bu Tik : *“Sukur nak kowe wis ngerti nak awake dhewe bakal iki mang ngetokke ragat ya wis ra papa, wong kuwi adhine dhewe wis mati ya uwis. Ya wis awake dhewe sing luput ora tau tilik-tinilik ngono Pakmu, njur saiki mung keru nyepak-nyepakke apa sing digawa, mesakake wong mlarat...”*  
 Basiyo : *“Celathumu ra cecek saipit-ipita, nangis nganti saember ora dak gugu gilo...”*  
 Bu Tik : *“Piye?”*  
 Basiyo : *“Sing mati ki rumangsamu sapa ta?”*  
 Bu Tik : *“Lhaiya adhimu...”*  
 Basiyo : *“Gendhuk!”*  
 Bu Tik : *“Ha?”*  
 Basiyo : *“Sing mati kuwi bojone gendhuk!”*  
 Bu Tik : *“Kok bojone gendhuk piye?”*  
 Basiyo : *“Ngadimin!”*  
 Bu Tik : *“Sing mati kuwi bojone ngadimin...sakite niku benten-benten Mas...ngono, kowe ki dikandhani kok malah methentheng ta, kuwi sing mati ki sing wedok?”*  
 Basiyo : *“Ngono ta?”*  
 Bu Tik : *“Ngono...”*  
 Basiyo : *“Leren sek udud-ududan kene, ben sirep. Wah nek ra leren ndak ting clemong ora karuan. Ndana ki dak sangoni, nganti njaluk bedhah bumi dhite entek...”*  
 Bu Tik : *“Haiya dikek’i...”*  
 Basiyo : *“Malah dak weling ben bedhah dhewe, bumine ben bedhah dhewe!”*  
 Bu Tik : *“Ya dikek’i wong saiki wis dhudha iya ta adhimu kuwi, mangka sing wedok kuwi genah tresnane karo kowe karo aku piye. Ha kok njur mati ora weling apa-apa ki kepiye, sing wedok kuwi ?”*  
 Basiyo : *“Omongamu ki dak elikke gelem ta, cemetha ko ngono...”*  
 Bu Tik : *“Elho?”*  
 Basiyo : *“Omongamu ki cumanthaka deres ning ora tetes...”*  
 Bu Tik : *“Kepiye ta, genah cetha Ngadimin kepethuka ku. Gilo sandhalku ki iki aku ki sandhalku dijuluk!”*  
 Basiyo : *“Wong wis mati kok kepethuk kowe ki mung salah pendeleng!”*  
 Bu Tik : *“Kepiye?”*  
 Basiyo : *“Sing mati kuwi sing lanang...”*  
 Bu Tik : *“Sing wedok...Mas...alahh dak cuwek sisan! Ha kon...”*  
 Basiyo : *“Nang dalan malah arep nyuwek wong lanang ben dleweran bathukku?”*  
 Bu Tik : *“Jeneh kok nggregetke, dunekke sing wedok kok!”*  
 Basiyo : *“Ahh kowe ki dak golekke bata tenan!”*  
 Bu Tik : *“Sampeyan niku ngerti boten?”*  
 Basiyo : *“Sing bar kepethuk kowe sapa?”*  
 Bu Tik : *“Ngadimin, le muni arep mati gilo...’niku adhine niku ajeng mati...”*  
 Basiyo : *“Le nangis uwis, wis rupane ala nangis!”*  
 Bu Tik : *“Kula niku anggere ndongengke malah njur keranta-ranta...hiks...”*  
 Basiyo : *“Ora ndongeng ndak ndang sore!”*  
 Bu Tik : *“Njaluk sandhal, sandhale muni kepengen rung kelakon wis mati nggih kula kekke kula ken mendhem sisan...”*

- Basiyo : *"Hass...goroh, wong amti kok arep njaluk sandhal wong bakale tritipen kok!"*  
 Bu Tik : *"Tenan, malah niki wade telu kula kekke ken ngge ngrup sisan...ha sampeyan saniki mrika mawon, niki sing..."*
- Basiyo : *"Aku ki dak omong genten ya Jum...dak...wahh wong piye, wong kleru panggah!"*  
 Bu Tik : *"Sing mati niku sing wedok Mas..."*  
 Basiyo : *"Lanang!"*  
 Bu Tik : *"Wedok, ngandel ora?"*  
 Basiyo : *"Lanang!"*  
 Bu Tik : *"Engko dak tekak lho sampeyan nek ra ngandel, ayo ngandel sing wedok ra!"*  
 Basiyo : *"Kok malah ana raja pati loro..."*  
 Bu Tik : *"Ben, nggregetke kok sampeyan kok, kandhani sing wedok kok!"*  
 Basiyo : *"Ning aja nekak ta wong kukumu dowu-dowu ngono rak ya..."*  
 Bu Tik : *"Wis, kanggo mbuktekke sing bener pundi, sampeyan kalih kula?"*  
 Basiyo : *"Ning satemene sing nang gonku ki sing wedok, sing mati sing lanang, kagol...nang dalan ki klambine rak dha suwek ta kae..."*
- Bu Tik : *"Inggih..."*  
 Basiyo : *"Kena angin dhudhuk, ngono...angin we dipilihke sing dhudhuk..."*  
 Bu Tik : *"Lha nggih..."*  
 Basiyo : *"Majras kuwi angin dhudhuk kuwi!"*  
 Bu Tik : *"Soale niku..."*  
 Basiyo : *"Nak gelem neplok we..."*  
 Bu Tik : *"Kok njur kaya diyan, teplok dhudhuk!"*  
 Basiyo : *"Keras dhudhuk kuwi, srebet-srebet...sutt...ngono..."*  
 Bu Tik : *"Ning sing wedok sing mati niku...beri-beri...ngandel boten?"*  
 Basiyo : *"Asss...wedok karepmu lanang karepmu!"*  
 Bu Tik : *"Wong le mati njur plepek ngoten kok!"*  
 Basiyo : *"Plepek ki busine..."*  
 Bu Tik : *"Wis, saniki ngaten mawong. Buktekke wi, ayo!"*  
 Basiyo : *"Wis kowe ra ngandel, engko nek sing lanang dak kapakke?"*  
 Bu Tik : *"Nek sing lanang mangke kula mang seneni!"*  
 Basiyo : *"Ayo, menyang...apa!"*  
 Bu Tik : *"Ha inggih...ora sah mulih, terus njujug mrika. Ngono bae!"*
- □ □
- Kalidi : *"Sajak bingar temen kowe, mulih kok kaya le seneng ki ngapa kowe ki?"*  
 Jariyah : *"Ha seneng ta wong keturunan karepe kok, wong sampeyan sing wong lanang bodho ra isa ngaten-ateni dulur..."*
- Kalidi : *"Hmm..."*  
 Jariyah : *"Ha wong kakangne wong..."*  
 Kalidi : *"Lunga sedhela we njur keturunan karepe ta nek cah wedok ki?"*  
 Jariyah : *"Wong lomah-lameh wong ndemenakke wong nyah-nyoh..."*  
 Kalidi : *"Mesthi ana apa-apa kuwi?"*  
 Jariyah : *"Mergane sampeyan sing ora isa ngrembugi karo wong tuwa..."*  
 Kalidi : *"Ngrayu kowe?"*  
 Jariyah : *"Ngrayu pripun?"*  
 Kalidi : *"Ngerti kakangku wong thokmis kok?"*  
 Jariyah : *"Ahh boten mawon, thokmis ki rak ora karo adhine, wong karo adhine kok thokmis niku pripun?"*
- Kalidi : *"Njur kok kapakke?"*  
 Jariyah : *"Ha nggih..."*  
 Kalidi : *"Kon ngeroki?"*  
 Jariyah : *"Hmm...ha wong boten masuk angin kok ngeroki niku pripun?"*  
 Kalidi : *"Kepiye?"*  
 Jariyah : *"Mbakyu boten wonten, teng pasar...sin onten mung kakang dhewe..."*  
 Kalidi : *"Njut kowe muni piye?"*  
 Jariyah : *"Pas lingguhan nang ngarepan nika..."*

## Lampiran 2

- Kalidi : “Utang?”  
 Jariyah : “Boten. Kula boten jawab utang kok, ngisin-isini!”  
 Kalidi : “Pa kowe terus mlebu, mlebu ngomah terus njupuki bandha-bandha ora kandha?”  
 Jariyah : “Kula teka nangis ta...”  
 Kalidi : “Kowe?”  
 Jariyah : “Inggih...”  
 Kalidi : “Kene dak lapane...”  
 Jariyah : “Napane?”  
 Kalidi : “Ehmm...haiya mripate seh tebal-tebal ngono e!”  
 Jariyah : “Kula nangis ta...”  
 Kalidi : “He’em...”  
 Jariyah : “Ditakoni werna-werna nika, ‘kowe nangis napa, cah gedhe kok nangis...”  
 Kalidi : “Gembeng ngono?”  
 Jariyah : “Ayo meneng, gelem meneng ora...”  
 Kalidi : “He’em...njur piye?”  
 Jariyah : “Rene ngapa...ha ning nggih niku wau ning sampeyan ampun kaget nggih Mas?”  
 Kalidi : “Wahh, ora...”  
 Jariyah : “Boten napa-napa ta?”  
 Kalidi : “Ra!”  
 Jariyah : “Boten nesu lho sampeyan mangke nggih?”  
 Kalidi : “Wahh dheg-dhegan mbareng kowe nliti-nliti kaya ngono kuwi...”  
 Jariyah : “Lho niki diwehi dhuwit akeh lho kula, dinei dhuwit dinei mori dinei...”  
 Kalidi : “Ha ning nek...”  
 Jariyah : “Jarik...”  
 Kalidi : “Kowe njut dijawab arep pek bojo?”  
 Jariyah : “Hmm...boten dipek bojo, wong wis duwe bojo kok dipek bojo ki piye?”  
 Kalidi : “Ha nek dhuwit semono kok...”  
 Jariyah : “Niki pitungpuluh lima niki (75) niki...”  
 Kalidi : “Wahh...”  
 Jariyah : “Dhuwite niki...”  
 Kalidi : “Gelo?”  
 Jariyah : “Pitungpuluh lima ewu kok gelo ki piye?”  
 Kalidi : “Edyan...piye kuwi mau kok dadi...”  
 Jariyah : “Terus dinei jarit sekodhi, morine limang meter niki...”  
 Kalidi : “Njut...”  
 Jariyah : “Jarene limang meter we wis turah...ngoten...”  
 Kalidi : “Njut muni nggo apa?”  
 Jariyah : “Ha ya...ning ampun nesu lho Mas, ehehe?”  
 Kalidi : “Ora...aku ki ora tau nesu wong lomah-lameh...”  
 Jariyah : “Kula ditakoni ta...ngapa ngoten...kula kandha nek...ehe...adhi sampeyan mati...hihihi...”  
 Kalidi : “Adhine sapa?”  
 Jariyah : “Adhine, adhine Pak Bas niku sinten?”  
 Kalidi : “Aku...”  
 Jariyah : “Ha nggih sampeyan niku...”  
 Kalidi : “Ohh...kaya ngono kuwi ta...”  
 Jariyah : “Ning sampeyan kula patekke dadi sampeyan ampun nesu, ning rak oleh dhit akeh...”  
 Kalidi : “Lhaiya...”  
 Jariyah : “Boten kaya sampeyan, golek utangan nane sedulur we tanpa dindel!”  
 Kalidi : “Dadi entuk bandha iki mau jan-jane rong paten jan-jane...”  
 Jariyah : “Edan pa, wong kula mung kandha kalih kakang nek niki adhi sampeyan boten onten...”  
 Kalidi : “Wong aku ya kepethuk mbakyu matekke kowe kok dadi...dadi kowe ya dak

- patekke gilo satus gilo...gilo cemara sandhal gilo...*
- Jariyah : “Sing mang patekke sinten?”  
 Kalidi : “Kowe...mula rong paten ki rak...”  
 Jariyah : “Wong isih urip ko ngono dipatekke apa ra wong edan pa?”  
 Kalidi : “Wong aku ya kok patekke, aku muni kowe lara beri-beri aku ngono...”  
 Jariyah : “Kuwi pa ra sembrana banget, wong uwong waras-wiris kok...”  
 Kalidi : “Ha ning entuk dhuwit kuwi nggo apa?”  
 Jariyah : “Balekke kana!”  
 Kalidi : “Hmm...elho?”  
 Jariyah : “Dhit sampeyan niku balekke!”  
 Kalidi : “Wong ki nek ora digawe cara ngono ko kakang kae wis ora kelakon awake dhewe nganti kepikir...”
- Basiyo : “Sing lanang Jum!”  
 Bu Tik : “Alahh...kandhani sing wedok!”  
 Jariyah : “Ta...harah...wis karepmulah!”  
 Basiyo : “Sing lanang...”  
 Jariyah : “Wis...wis...ayo...kowe ndhisik ta...”  
 Kalidi : “Iya...”  
 Jariyah : “Ya kowe ndhisik ta!”  
 Kalidi : “Iya...turu kene...turu!”  
 Jariyah : “Ya ning kowe dhisik kok ya...”  
 Kalidi : “Mujur rana!”
- □ □
- Bu Tik : “Oalahh...alahhh...”  
 Basiyo : “Eehhhh...”  
 Bu Tik : “Alahhhh...”  
 Basiyo : “Adhuhhh...waaahhh...haaaa...oalahhh iyung kepiye ta Dhik?”  
 Bu Tik : “Hwaaa.....”  
 Basiyo : “Wedok kok nangis ngglonggong ora patut kok!”  
 Bu Tik : “Hiks...”  
 Basiyo : “Nangis kok tanpa seni, adhuh iyung...adhuh...adhuh...”  
 Bu Tik : “Ha sampeyan suwarane wis cilik aku rak ya sing gedhe...”  
 Basiyo : “Adhuh...adhuh...iki lehku nangis ki jane sia-sia, sing wedok sing endi ta sing lanang?”
- Bu Tik : “Hiks...lha iki sing lanang iki...”  
 Basiyo : “Endi?”  
 Bu Tik : “Iki...ra...hiks...”  
 Basiyo : “Pa iya?”  
 Bu Tik : “Haa...kae mesthi sing wedok kae...”  
 Basiyo : “Pa raine kok buka?”  
 Bu Tik : “Adhuh kok mendelik ko ngene...hiks...hiks...”  
 Basiyo : “Alahh wis mirem, merem we kok ra kober ta Le...”  
 Bu Tik : “Hiks...hiks...”  
 Basiyo : “Wadhuh...adhuh...iki le mati jan sengan iki...”  
 Bu Tik : “Oalahh...hiks...”  
 Basiyo : “Oalahh ta Le...hiks...”  
 Bu Tik : “Iki njut sapa sing ngopeni, lha kok cah loro kok mati bareng kaya ngene...”  
 Basiyo : “Halahh...mangka wedange teh didhep ko ngene...”  
 Bu Tik : “Haaaaaaa...”  
 Basiyo : “Nangismu ki elek, kok ngglonggong, walah kepiye ta Le wangune wedange teh didhep kok, wadhuh dak ombene sik ya...”
- Bu Tik : “Hiks...wealahhh...ana wong kepaten kok ngombe wedang...hiks...”  
 Basiyo : “Wis saiki mung ngono mbokne, lungguha kang permati...”  
 Bu Tik : “Hiks...nak kaya ngene ki aku arep melu mati sisan...”  
 Basiyo : “Melua mati ya aku sisan dadi wis gebluk, kok njut mati kok meri!”

## Lampiran 2

- Bu Tik : “Hiks...alahlh lha iki cah gek...”  
 Basiyo : “Suk Minggu...matine...”  
 Bu Tik : “Iki jarak lehku ngekek’i mau kok andang nggo luruh...pa ya ngerti nek arep mati...”  
 Basiyo : “Lhaiya kuwi kowe aja kesusu mati saiki...”  
 Bu Tik : “Hahhh...alahhh...”  
 Basiyo : “Suk mben matine...rame...ya saiki ngene...”  
 Bu Tik : “Hiks...inggih Pakne...”  
 Basiyo : “Lungguh ingkang akhtippak, bersuara!”  
 Bu Tik : “Pripun kersane Pakne?”  
 Basiyo : “Ohh...ngene ya?”  
 Bu Tik : “Inggih...”  
 Basiyo : “Iki dina iki jam iki detik...”  
 Bu Tik : “Inggih...hiks...mbok mati ki sesuk..wis surup yah mene kok mati hiks...”  
 Basiyo : “Ko sik aja omong...”  
 Bu Tik : “Oalahhh...sing nom kok mati, sing tuwa we rung mati...”  
 Basiyo : “Aja omong sik, untuku copot e...”  
 Bu Tik : “Hadhhh...oalahh...”  
 Basiyo : “Wis...wis ngono...”  
 Bu Tik : “Hiks...”  
 Basiyo : “Iki aku kok ra omong sombong...”  
 Bu Tik : “Hiks...”  
 Basiyo : “Cekakane, Bune...”  
 Bu Tik : “Inggih...”  
 Basiyo : “Ngadimin lan sing wadon...”  
 Bu Tik : “Hiks...”  
 Basiyo : “Kowe gelem leren ra le nangis?”  
 Bu Tik : “Hiks...”  
 Basiyo : “Nangis ya nangis ning aja deres...nrocos njut raine kilen...”  
 Bu Tik : “Kaya gek seneng e...hiks...”  
 Basiyo : “Haiya nak seneng sesuk dak pesenke dina sing becik nak nangis nangisa, kandhani kok, ngene ya...”  
 Bu Tik : “Sampeyan ajeng ngendika napa gek wis ta...gek dak rungokke...”  
 Basiyo : “Dak nyiarke...ngono...”  
 Bu Tik : “Hiks...”  
 Basiyo : “Warta berita...”  
 Bu Tik : “Inggih...”  
 Basiyo : “Kluarga...”  
 Bu Tik : “Inggih...”  
 Basiyo : “Nak cah loro iki isa urip tumekaning janji...”  
 Bu Tik : “Inggih...”  
 Basiyo : “Ngono...”  
 Bu Tik : “Inggih...”  
 Basiyo : “Aku ra dak dilat maneh, apa sing didilat?”  
 Bu Tik : “Kok malah takon ta sampeyan niku...”  
 Basiyo : “Wong suwung...”  
 Bu Tik : “Wong sing ngendika niku sampeyan dhewe kok takon aku ki...”  
 Basiyo : “Lhaiya...”  
 Bu Tik : “Rak ra dhong ta malahan...”  
 Basiyo : “Iki patine thole iki ora krana lang...jenenge mati simpang siur...”  
 Bu Tik : “Ck...angel kok nampa rembug sampeyan niku...”  
 Basiyo : “Nek pancen isa urip tumekaning janji maneh, kaya maune wingi wingi uni...”  
 Bu Tik : “Pokoke nek urip maneh ngoten mawon...”  
 Basiyo : “Haahhh...pomahan saomahe dak kekke, aku trima manggon nang kuncung...”  
 Bu Tik : “Walahlh...malah diarani tuma sampeyan malahan...”

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Ndhekem ta..."*  
 Bu Tik : *"Wong tuma kok semene nek omong kok ora..."*  
 Basiyo : *"Ha kuncung ki...ngeten nggih...kula nggih mung nyekseni..."*  
 Bu Tik : *"He'em..."*  
 Basiyo : *"Kula nggih semanten uga, nek pancen adhi kula wedok niki isa urip...ora mung cah siji..."*  
 Bu Tik : *"Iya..."*  
 Basiyo : *"Nggih cah loro kabeh, nggih pun nika ndhek-ndhek kula nika ajeng kula kekke separo...ben nggo pawitan dinggo macak..."*  
 Bu Tik : *"Ning kudu kok ngengeh sithik..."*  
 Basiyo : *"Nggih..."*  
 Bu Tik : *"Sikat, kuwi aja kok katutke..."*  
 Basiyo : *"Sikat apa?"*  
 Bu Tik : *"Sikat karo odhol ki aja kok katutke..."*  
 Kalidi : *"Sapa ki?"*  
 Bu Tik : *"Wadhuh...wadhuhhh..."*  
 Basiyo : *"Jambe anom...apa kae?"*  
 Bu Tik : *"Debog bosok galih asem..."*  
 Basiyo : *"Ha'a, debog kono'an kuwi..."*  
 Bu Bik : *"Sampeyan niku nak ra isa nyrabani dak srabani..."*  
 Basiyo : *"Kowe we, aku ra..."*  
 Kalidi : *"Isa..."*  
 Basiyo : *"Pener..."*  
 Bu Tik : *"Liwat...liwat...liwaaat..."*  
 Basiyo : *"Liwat..."*  
 Jariyah : *"Kene lho Kang..."*  
 Bu Tik : *"Aja...aja..."*  
 Kalidi : *"Liwat ngendi Kang?"*  
 Basiyo : *"Aja ngganggu gawe anak putu...deboge wis bosok..."*  
 Jariyah : *"Sampeyan kok ngendika debog bosok niku pripun ta Kang?"*  
 Basiyo : *"Deboge wis bosok..."*  
 Bu Tik : *"Iki nganu lho, iki badan alus lho Pak..."*  
 Kalidi : *"Badan alus apa lengenan alus nek iki..."*  
 Basiyo : *"Debog bosok...deboge wis bosok..."*  
 Jariyah : *"Niku ngendika napa, mbakyu kok ngendika ko ngono ki apa ta?"*  
 Bu Tik : *"Oalah Di nek kowe ora tega ninggal kakangmu karo mbakyu, ya Di sakarone kowe manggona nang kayu utawa watu engko pendhak dina Jemuwah Kliwon utawa Selasa Kliwon dak kutuki Di..."*  
 Basiyo : *"Sing rame manggona kreteg, kerep wong liwat!"*  
 Kalidi : *"Durung mangsane nek sampeyan ngutuki kula aluwung sampeyan ngutuki Kakang niku malah wis wangun..."*  
 Bu Tik : *"Wadhuh..."*  
 Kalidi : *"Kula niki wau dipanggil teng swargan..."*  
 Basiyo : *"Wahh wis ngajak..."*  
 Bu Tik : *"Kowe iki mau dipanggil?"*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Basiyo : *"Wis ndhaftarke kok..."*  
 Bu Tik : *"Kowe iki mau wis tekan kana?"*  
 Basiyo : *"Uwis..."*  
 Kalidi : *"Empun..."*  
 Jariyah : *"Empun..."*  
 Kalidi : *"Pun leh kula ngebis ket esuk..."*  
 Basiyo : *"Kana akeh kendharaan?"*  
 Kalidi : *"Ahh kathah..."*  
 Basiyo : *"Ning ya dha ngebut?"*

## Lampiran 2

- Kalidi : *"Ohh boten nek mrika..."*  
 Basiyo : *"Sing ngebut ya wong mati-mati kuwi?"*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Basiyo : *"Ta kuwi..."*  
 Kalidi : *"Teng mrika kula..."*  
 Bu Tik : *"Njut kepiye Le?"*  
 Basiyo : *"Mula aja mati ndak kesrempet..."*  
 Bu Tik : *"Iki sajane kowe ki urip pa urung?"*  
 Kalidi : *"Lho, wau kula critakke wau nggih?"*  
 Bu Tik : *"He'em..."*  
 Kalidi : *"Kula kalih bojo kula niku mati..."*  
 Bu Tik : *"Aja cedhak-cedhak Pakmu engko nak kesembur..."*  
 Basiyo : *"Ora...nggateli..."*  
 Jariyah : *"Boten napa-napa wong karo adhine kok mbakyu ki..."*  
 Kalidi : *"Mbareng krungu swara ning ora weruh rupa..."*  
 Bu Tik : *"Hmm..."*  
 Basiyo : *"Apa kuwi?"*  
 Bu Tik : *"Piye suarane piye Le?"*  
 Kalidi : *"Buss...sapa mau, sampeyan Kang?"*  
 Basiyo : *"Hm...piye?"*  
 Jariyah : *"Kakang dhisik mau sing ngendika mau..."*  
 Basiyo : *"Aku mau seksenana, tipen nak kurang cetha. Aku wis emoh donya kuwi, nak pancen padha isa urip maneh tenan tekaning jatining jati urip..."*  
 Jariyah : *"Sing cetha ta Kang le ngendika niku..."*  
 Basiyo : *"Kuwi bandha sapomahane dak kekke, mung aku nggondheli sumur..."*  
 Jariyah : *"Ajeng nggo napa kok digondheli ki?"*  
 basiyoo : *"Bab sumur kae incim-incimane akeh, arep nggo nglalu mbakyumu utawa ya nggo nimba ne umum...ya...wis kabeh pek'en..."*  
 Bu Tik : *"Ning tenane ki isa urip apa ora?"*  
 Kalidi : *"Ha isa, kula saniki pun urip kok..."*  
 Jariyah : *"Saniki pun urip kok..."*  
 Bu Tik : *"Lhaa...nek pancen isa urip...lha niki, niki sampeyan kula sing nyekseni lho Pakne...sampeyan jare arep masrahke bandha-bandha sampeyan?"*  
 Basiyo : *"Haiya!"*  
 Bu Tik : *"Nek kula ndhek kula dak kekke separo kok, ora dak kekke kabeh..."*  
 Basiyo : *"Ha engko njut elek keru separo?"*  
 Bu Tik : *"Ha nggih jengan, ning rak kula sih duwe ngengehan, nek sampeyan rak ora duwe harah...wuwik ora kowe..."*  
 Basiyo : *"Kowe dak kek'i separo Le..."*  
 Bu Tik : *"Ora...ora..."*  
 Jariyah : *"Lho boten, mau le ngendika jarep arep dikekke kabeh kok..."*  
 Bu Tik : *"Hmm..."*  
 Kalidi : *"Boten e aluwung bali nek..."*  
 Bu Tik : *"Lho...aja mati maneh kok njut kemulan piye?"*  
 Jariyah : *"Niki mangke mati malih niki..."*  
 Basiyo : *"Aja bali ta dalane wis peteng kok?"*  
 Bu Tik : *"Aja..."*  
 Kalidi : *"Nggih ben bukakke..."*  
 Basiyo : *"Ya wis ben dak kekke, urip ora nde anak we kok lemah jembar-jembar!"*  
 Kalidi : *"Pun?"*  
 Basiyo : *"Pun tutup!" jethungan!"*  
 Kalidi : *"Niku pun lega?"*  
 basiyoo : *"Jethungan. Aku ngene ya wis nggonana, nek kowe duwe sithik rongithik ya balekna..."*  
 Jariyah : *"Lho, sing dibalekke napane?"*

## Lampiran 2

- Basiyo : *"Anggonku menehi mring sira..."*  
 Jariyah : *"Lhoo...wong ngenehi niku rak wis ikhlas ta Kang?"*  
 Basiyo : *"Haa..."*  
 Jariyah : *"Ha kok njut..."*  
 Basiyo : *"Ha mbakyumu ya ngiming-iming isih duwe separo kuwi?"*  
 Jariyah : *"Lho, ha mbakyu rak wau ngendika pokoke mung arep dikekke separo. Wah ha nek kakang rak ngendika jare arep dikekke kabeh!"*  
 Basiyo : *"Iki mau dhemit ya mbok..."*  
 Jariyah : *"Mati mawon wong..."*  
 Basiyo : *"Mati kok Bune, wong dlamakane we isih anyep..ohh wong midak es!"*  
 Kalidi : *"Nek jan-jane boten mati, ning rehning kula wis kebacut nampa saking paringe Kakang kalih Mbakyu niku kula blaka karo sampeyan. Sampeyan ya ora kena dijak seduluran tenan kok..."*  
 Basiyo : *"Piye?"*  
 Kalidi : *"Dijaluki diutangi ora oleh!"*  
 Bu Tik : *"Ohh ngono..."*  
 Kalidi : *"Nek ora dak apusi ngono sengara kena, wong kaya kolik ngono..."*  
 Basiyo : *"Ohh, kuwi ngapusi ta?"*  
 Kalidi : *"Inggih!"*  
 Basiyo : *"Wedhus ki. Nek ngapusi mbok maune adu arep!"*  
 Kalidi : *"Aku wis adu kok ra arep!"*  
 Basiyo : *"Kang, sampeyan ajeng ngapusi?"*  
 Jariyah : *"Terang-terangan!"*  
 Basiyo : *"Aku ki nak ana pepati jan ora mu-tinemu kudu menyang, kudu welas sebab meti ki rak ora bali ta?"*  
 Kalidi : *"Aja meneh wong mati, wong genduren e nek sampeyan..."*  
 Jariyah : *"Ora..."*  
 Bu Tik : *"Ora diundang ya menyang, nek kakangmu ki nganti dha dititeni tangga teparo..."*  
 Basiyo : *"Sosial..."*  
 Bu Tik : *"Jiwane ki jiwa sosial tenan!"*  
 Kalidi : *"Ha inggih..."*  
 Bu Tik : *"Ora tau lunga nek ora layat...tenan..."*  
 Kalidi : *"Inggih..."*  
 Bu Tik : *"Anggere lunga jedhul ngono ki mung dingetke tangga teparo, iki Pak Basiyo ki arep neng endi. Ha nek ngetan, jedhul ngetan ngono, oh wetan mesthi ana wong mati..."*  
 Jariyah : *"Ohh..."*  
 Bu Tik : *"Ha kae genah ngetan kae, engko angger jedhul ngulon ha kae kana mesthi ana sing mati..."*  
 Basiyo : *"Aku ra kondhang Arjo Kolik neng..."*  
 Kalidi : *"Ehehe..."*  
 Jariyah : *"Ehehe..."*  
 Bu Tik : *"Ehehe..."*  
 Basiyo : *"Wong ngandhakke ora teges, pa ambune ngetutke wong mati aku, aja ngono ahh..."*  
 Bu Tik : *"Yaa...ngene ya..."*  
 Basiyo : *"Menodhai!"*  
 Jariyah : *"Menodhai ki kepiye lho?"*  
 Bu Tik : *"Niki kula mung ajeng ngomong..."*  
 Basiyo : *"Yaa..."*  
 Jariyah : *"Pripun Mbakyu?"*  
 Bu Tik : *"Le!"*  
 Kalidi : *"Nggih!"*  
 Bu Tik : *"Tenane nek kabeh ki ya mesakke kakangmu..."*

## Lampiran 2

- Kalidi : *"Ohh boten..."*  
 Bu Tik : *"Haa..."*  
 Kalidi : *"Kula boten ajeng jaluk..."*  
 Bu Tik : *"Aku...aku percaya karo kowe nek kowe ki bijaksana, iya ta. Senajan kakangmu wis nyuwara ning mesthine kowe ya ngerti ta tepa slira..."*  
 Kalidi : *"Empun..."*  
 Bu Tik : *"Lan..."*  
 Kalidi : *"Mang dinggono kakang kalih kula mawon..."*  
 Bu Tik : *"He'em...saiki ora sah manggon kene, dadi siji!"*  
 Kalidi : *"Teng pundi?"*  
 Bu Tik : *"Nang omah kana, ya Pakne?"*  
 Basiyo : *"He'em!"*  
 Bu Tik : *"Inggih ta?"*  
 Basiyo : *"He'em!"*  
 Kalidi : *"Kula nggih teng mrika?"*  
 Bu Tik : *"Wis..."*  
 Jariyah : *"Njut omah mriki pripun mbakyu...adhuh..."*  
 Bu Tik : *"Piye kuwi?"*  
 Basiyo : *"Dak obong..."*  
 Bu Tik : *"Adhuh!"*  
 Jariyah : *"Adhuh!"*  
 Kalidi : *"Lhoh, kok direk'i?"*  
 Jariyah : *"Urung kok wis direk'i?"*  
 Basiyo : *"Wis bacut dak jresi kok!"*  
 Kalidi : *"Wahh omah kok diobong..."*  
 Basiyo : *"Wis men...wis..."*  
 Kalidi : *"Men?"*  
 Jariyah : *"Mbok wis ben, ala-ala ya sih kena dinggoni kok kakang ki terus kuwi arep kobong..."*  
 Basiyo : *"Men...kobong...men wong mung rapak we ya ben ndak ra krasan ora...waduh wah wis mulih rana bae...wo dadi banget ora kowe...woahh wis reresik...wis ilang dina iki rereget sing nang gonmu..."*  
 Kalidi : *"Nggih..."*  
 Basiyo : *"Kabeh lir, sing padha nyalahi menyang gonmu tripelyangan...alus kasar...bilamana...ada salah-salah kami...kamija..."*  
 Bu Tik : *"Kok kamija ki..."*  
 Jariyah : *"Wis...wis...wis...wis..."*  
 Kalidi : *"Ehehe..."*  
 Jariyah : *"Saniki mbakyu mawon sing ngendika sampeyan mesthi ki..."*  
 Bu Tik : *"Wis, iki engko kakangmu angger muni ngono ora kena leren ta...ha kuwi njur ngosek-ngosek kae hehehe..."*  
 Jariyah : *"Nggih Mbakyu mawon saniki sing ngendika..."*  
 Basiyo : *"Uhuk...uhuk!"*  
 Jariyah : *"Ngeten...lha rak wiwit ta...harah..."*  
 Kalidi : *"Iki Den Bagus Kuncung nek iki, iki kerawuhan nek iki..."*  
 Basiyo : *"Kok dha neng tene..."*  
 Kalidi : *"Lho, pripun Den?"*  
 Basiyo : *"Kok dha neng tene?"*  
 Kalidi : *"Inggih...kula kalih kakang wau...nitih napa?"*  
 Basiyo : *"Atu mbok ditanoni..."*  
 Kalidi : *"Napa...menyan?"*  
 Basiyo : *"Det...tanoni..."*  
 Kalidi : *"Sangoni?"*  
 Bu Tik : *"Disangoni..."*  
 Kalidi : *"Menyan?"*